РЦИ-АЛАНИЙЫ АХУЫРАД ÆМÆ НАУКÆЙЫ МИНИСТРАД

**Гугкаты Людмилæ**

# МУЗЫКАЛОН ХЪОМЫЛАД

РÆВДАУÆНДÆТТЫ АСТÆУККАГ КЪОРД
(4–5-АЗДЗЫДТÆ)

МЕТОДИКОН ÆХХУЫСЫ ЧИНЫГ
(АХУЫРТЫ КОНСПЕКТТÆ)

*Уагъд æрцыдис Уæрæсейы Федерацийы*
*Ахуырад æмæ наукæйы министрады барлæвæрдæй*

Дзæуджыхъæу
2011

Методическое пособие подготовлено в рамках проекта «Теория и практика полилингвального образования на Кавказе» кафедры ЮНЕСКО Северо-Осетинского государственного педагогического института.

*Руководитель проекта* – доктор филологических наук, профессор Т. Т. Камболов

**74.268**

**Гугкаева Л. К.**

Ознакомление с музыкальным искусством: методическое пособие (конспект занятий). – Владикавказ: Издательство СОГПИ, 2011. – 140 с.

**74.268.1**

© СОГПИ, 2011

© Гугкаева Л. К., 2011

Ацы методикон ӕрмӕг арӕзт ӕрцыд ЦИППИ-йы ЮНЕСКО-йы кафедрӕйы кусджыты хъаруйӕ. Методикон ӕрмӕг дзуапп дӕтты «Ирон националон ахуырады концепцийы» принципты домӕнтӕн. Конспекттӕ арӕзт сты Л. А. Парамоновайы бӕрнон редакцигонд «Рӕвдауӕндӕтты сывӕллӕтты хъомылады, ахуырады ӕмӕ райрӕзынады иумӕйаг ахуырады дӕнцӕгон программӕйы» бындурыл. Уыцы программӕ ӕвдисы рӕвдауӕндӕтты ахуырадон процессы бындурон мидис ӕмӕ бар дӕтты йӕ реализацигӕнгӕйӕ варианттӕ ӕвзарынӕн.

Ацы программӕ кӕй ӕрцыд ӕвзӕрст, уый у баст, дыууӕ ӕвзагӕй цы рӕвдауӕндӕтты пайда кӕнынц, уыдоны архайды хатдзӕгтӕ дзы ӕвдыст кӕй сты, уымӕ гӕсгӕ. Программӕ арӕзт цыд куыд регионалон ӕмӕ хицӕн авторты методикон куыстыты бындур ӕмӕ уымӕ гӕсгӕ хуыйны «Дӕнцӕгон». Лӕвӕрд конспектты националон-регионалон компонент рӕвдауӕндӕтты ахуырадон тыгъдады ахсы сывӕллоны ахуыры ӕмӕ райрӕзынады ӕххӕст бӕрнон бынат.

Рӕвдауӕндӕтты иумӕйаг ахуырадон тыгъдад саразыны тыххӕй арӕзт ӕрцыд иумӕйаг перспективон-тематикон пълан. Тематикон иудзинад бӕрӕг дары ахуырты ӕппӕт хуызты дӕр ӕмӕ ӕндӕр режимон процессты дӕр. Ӕппӕт ахуырты организацион формӕ дӕр у дӕлкъордон – сывӕллоны сӕрибар архайды бындурыл арӕзт.

Сабиты ахуыр кӕныны сӕйраг метод у дидактикон хъазт.

Алы темӕйыл куыст дӕр райдайы, къуырийы райдиан арӕзт чи цӕуы, уыцы алфамбылай дунеимӕ зонгӕ кӕныныл ахуыртӕй. Уыйфӕстӕ, иннӕ ахуырадон ӕмӕ хъомыладон куысты хуызты фӕлгӕты, арфдӕр ӕмӕ уӕрӕхдӕргонд цӕуынц темӕмӕ хауӕг ӕмбарынӕдтӕ.

Авторты коллективы ис ныфс йæ коллегæтимæ коллективон æмгуыстадæй æмæ курæг у, цæмæй ацы методикон æрмæджы тыххæй сæ фæндæттæ æмæ фиппаинæгтæ æрвитой ахæм адрисыл:

362003, Дзæуджыхъæу, К. Марксы уынг, 36
ЦИППИ, ЮНЕСКО-йы кафедрæ.
Телефон: (8672) 53-89-73

## Астæуккаг къорды ахуырадон пълан

| № | Название занятия | I вариант (зан./нед.) | II вариант (зан./нед.) |
|---|---|---|---|
| 1 | Хуымæтæг математикон æмбарынæдтæ райтынг кæнын | 1 | 1 |
| 2 | Ирон ныхасы рæзт | 1 | |
| 3 | Уырыссаг ныхасы рæзт | | 1 |
| 4 | Алфамбылай дунеимæ базонгæ кæнын | 1 | 1 |
| 5 | Физикон культурæ | 2 | 2 |
| 6 | Музыкалон аивад | 2 | 2 |
| 7 | Ныв кæныны аивад | 1 | 1 |
| 8 | Ирон æвзаг амонын | | 3 |
| 9 | Уырыссаг æвзаг амонын | 2 | |
| | Æдæппæтæй | 10 | 11 |

## Астæуккаг къорды ахуырты темæтæ *

| | |
|---|---|
| 15−22 сентябрь | Мæ бинонтæ |
| 23−30 сентябрь | Мæ рæвдауæндон |
| 1−21 октябрь | Фæззæг |
| 22−29 октябрь | Мæ райгуырæн бæстæ |
| 30 октябрь-14 ноябрь | Æз æмæ мæ буар |
| 15–22 ноябрь | Хи дарыны культурæ |
| 23 ноябрь-1 декабрь | Театр |
| 1 декабрь-15 январь | Зымæг |
| 15–22 январь | Мигæнæнтæ æмæ хойрæгтæ |
| 23 январь-1 февраль | Уæлæдарæс |
| 2–9 февраль | Мебель |
| 10–17 февраль | Музей |
| 18–25 февраль | Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ |
| 26 февраль-8 мартъи | Мамæйы бон |
| 9–16 мартъи | Дæсныйæдты дуне |
| 17–23 мартъи | Транспорт |
| 24 мартъи-15 апрель | Уалдзæг |
| 16–23 апрель | Æрдз |
| 24 апрель-9 май | Хорз æмæ фыд |
| 10–17 май | Дæхи хъахъхъæн |
| 17 май -1 июнь | Сæрд |

*Ахуыры бонтæ лæвæрд цæуынц зæрдаивæй.

**Астæуккаг къорды сабиты музыкалон хъомылады перспективон-тематикон пълан**

| Мæй | Музыкалон архайды хуызтæ | Темæ | Программон ихæслæвæрдтæ | Репертуар |
|---|---|---|---|---|
| **Сентябрь** | Музыкалон ахуыртæ: музыкæмæ хъусын; хъусын зонын æмæ хъæлæсы райрæзтæн ахъаз фæлтæрæн; музыкалон-ритмикон змæлдтытæ (*фæлтæрæнтæ, кæфтытæ, хъæзтытæ*). | «Мæ бинонтæ», 2 ахуыры<br><br>«Мæ рæвдауæндон», 2 ахуыры | Сабиты музыкæмæ бацымыдис кæнын. Музыкæмæ хъусын сæ куыд фæнда, ууыл бацархайын. Музыкæмæ хъусынил сæ фæцалх кæнын, музыкалон уацмыс зонын æмæ сын йæ мидисыл дзурын амонын. Сабитæ алыхуызон темæтæ абарынмæ куыд арæхсой, ууыл кусын. Дарддæр сын рæзын кæнын сæ зарыны æмæ дыууæ музыкалон фразæйы æхсæн сулæфыны арæхстдзинад. Тыгъдады ориентаци кæнын, музыкалон уацмысы хæйттæм гæсгæ се змæлд аивын куыд зоной, ууыл архайын. | А. Гречанинов. «Колыбельная»; Цыбырты Д. «Бинонтæ»; Е. Колесников. «Марш»; О. Юдахина. «Пришло лето»; В. Герчик. «Воробей»; А. Филиппенко. «Детский сад»; Цæллагты Л. «Пурти»; Къудухты Т. «А-лол-лай»; латвиаг адæмон мелоди «Къæйттæй кафт»; уырыссаг адæмон мелоди «Ах, ты, береза!»; ирон кафты цагъд «Куырм æрсытæ»; Е. Тиличеева. «Бег»; музыкалон-дидактикон хъазт «Цъиу æмæ йæ лæппынтæ». |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Октябрь** | | «Фæззæг», 6 ахуыры<br><br>«Мæ райгуырæн бæстæ», 2 ахуыры | Музыкæйы равг æмæ æнкъарæнтæ иртасынмæ къæрцхъусдзинад рæзын кæнын. Сабитæн музыкæйы алы хуызтæ уарзын кæнын, амонын сын контрастон уацмысты характер æмæ ханр иртасын. Уацмысы мелоди æнæ рæдыдæй кæнын, зæрдæбын æмæ æрдзон хъæлæсæй зарын сæ ахуыр кæнын. Се змæлдтытæ зарæджы ныхæстимæ куыд бæттой, цæстуынгæ фæл-гонцтæ куыд аразой, уымæ тырнын. Музыкæйы характермæ гæсгæ сæрибарæй, йæ ритм ын æнкъаргæйæ, куыд змæлой, афтæ сын амонын. Тыгъдады ориентаци кæныны арæхстдзинадыл дарддæр архайын. | Т. Попатенко. «Листопад»;<br>Д. Васильев-Буглай. «Осенняя песенка»; Б. Можжевелов. «Огородная-хороводная»;<br>И. Васильева. «Осенняя песенка»; Цæллагты Л. «Рæсугъд фæззæг»; Е. Тиличеева. «Колыбельная»; П. И. Чайковский. «Марш оловянных солдатиков»; Гуырдзыбеты Г. «Вальс»; Н. Куликов. «Зокъотæ»; Н. Лысенко. «Танец-приглашение»; М. Раухвергер. «Притопы»; ирон кафты цагъд «Чепена»;<br>Г. Струве. «Веселая песенка»;<br>И. Васильева. «Песенка кукушки». |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ноябрь** | | «Мæ буар», 4 ахуыры<br><br>«Культурæ», 2 ахуыры<br><br>«Театр», 2 ахуыры | Музыкæйы аивадон мадзæлттæ иртасын *(динамикæ, регистр, фæзилæнтæ),* музыкæйы фæлгонцтæ иртасынмæ арæхсын. Уадынгæрзты (музыкалон инструментты) тыххæй зонындзинæдтæ уæрæхдæр кæнын. Сабитæ зарынмæ дæсныйæ-дæсныдæр куыд кæной, уымæ тырнын. Ритм æнкъарын æмæ сæ зæлты бæрзæнд иртасынып фæцалх кæнын. Заргæзарын зарæджы мелодимæ гæсгæ змæлын куыд зоной, кафыны змæлдыты руаджы музыкæйы иумæйаг характер æмæ музыкалон персонажы фæлгонц равдисынмæ куыд арæхсой, афтæ сæ хъомыл кæнын. | В. Кистень. «Петь удобно и приятно; А. Вивальди. «Фæззæг»; Е. Тиличеева. «Мах цæуæм фиалкæтимæ»; Кокойты А. «Симды фæз»; Е. Горбина. «Вежливая песенка»; Къудæхты Т. «А-лол-лай»; Цæллагты Л. «Урс тæрхъустæ»; уырыссаг адæмон мелоди «Парный танец»; Н. Лысенко. «Танец-приглашение»; Цæллагты Л. «Фæззæг»; Б. Можжевелов. «Огородная-хороводная». |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Декабрь** | | «Зымæг», 6 ахуыры | Сабитæ сæ алыварс дуне сæ зæрдæмæ хæстæг куыд исой, уымæ тырнын. Цы музыкæмæ байхъуыстой, уый фæдыл æнкъарæнтæ æмæ мидисы тыххæй сæ дзурын кæнын. Музыкæйæн адæймаджы царды цы ахадындзинад ис, уый сын æмбарын кæнын *(цæмæн хъæуы; нал и, зæгъгæ, уæд куыд уаид)*. Музыкалон уацмысты алыхуызон жанртæм сæ хъусын кæнын, цæмæй сæ иртасынмæ арæхсой. Музыкæйы интонациты нæ рæдийын, æмхъæлæсæй зарын сæ ахуыр кæнын. Символтæ-модельтæй пайда кæнын сын амонын, нотæтæ фыссынмæ сæ цæттæ кæнын. Змæлыны координацийыл дарддæр кусын. Хъусгæ-хъусын змæлды хуызтæ уайтагъд куыд иртасой, уыл бацархайын. | А. Филиппенко. «Зимушка хрустальная»; Цæллагты Л. «Хъызт бон»; Т. Берченко. «Снежок»; В. Семенов. «Здравству, Дед Мороз!»; Г. Левдокимов. «Елочка-красавица»; Д. Кабалевский. «Клоуны»; Цæллагты Л. «Ног боны цæлхдымбыл кафт»; М. Раухвергер. «Погуляем»; Т. Ломова. «Танец снежинок»; рк\усская нар. мелодия «Петушок». |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Январь** | | «Зæл»,<br>4 ахуыры | Зæлты дуне æвæджиауы хъæздыг æмæ алыхуызон кæй у, уымæ сабиты хъус æрдарын. Сæ зонын-дзинæдтæ сын рапарахат кæнын æмбарынад «зæл»-ы тыххæй. Музыкæйы алы хуызтæ зæрдæйæ куыд æнкъарой, музыкалон фæлгонц æмæ йын йæ аразыны мадзæлттæ куыд æмбарой, мелодийы ритмикон нывграфикон хуызы равдисын куыд зоной, афтæ сæ хъомыл кæнын. Сабиты зарыны арæхстдзинад бæрзонд кæнын, музыкæйы интонаци æнæрæдыдæй афæзмын куыд зоной, ууыл архайын. Дарддæр сын амонын ритмикон ныв, музыкæйы фæивд буары змæлдæй æвдисын. Музыкæйы характеры ивдмæ гæсгæ æнæ искæй æххуысæй се змæлд аивынмæ æмæ музыкалон фæлгонцтæ змæлдтыты руаджы ирдæй равдисынмæ куыд арæхсой, динамикæйы фендæрхуызон, музыкалон уацмысы райдиан æмæ кæрон æнцонæй куыд æнкъарой. | Т. Боровик. «Много разных звуков»; Цæллагты Л. «Хъызт бон»; Е. Еремеева. «Наша каша хороша»; ирон кафты цагъд «Зилгæ»; Е. Макшанцева. «Веселые ладошки»; музыкалон-дидактикон хъæзтытæ «Цъиу æмæ йæ лæппыентæ», «Галуан»; хъазт «Хъеллаугæнæг тæлытæ»; Цæллагты Л. «Ног боны цæлхдымбыл кафт». |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Февраль** | | «Уадынгæрзтæ», 43 ахуыры<br><br>«Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ», 23 ахуыры | Уадынгæрзтæ *(музыкалон инстру-менттæ)* цы сты æмæ цæмæн хъæуынц, уыдæтты тыххæй сабиты зонындзинæдтæ парахатдæр æмæ фидардæр кæнын. Музыкалон уацмыс зæрдæмæхъаргæ цы аивадон мадзæлтты руаджы свæййы (фескъуынгæ-ферхæцгæ зæлын, темп, акценттæ), уыдонмæ сын сæ хъус æрдарын. Музыкалон зæлты руаджы ныв кæнæн кæй ис, уый сын амонын.<br>Ахуыр сæ кæнын музыкалон уацмысты хуызтæ иртасын. Бæрзонд, рæстæмбис æмæ ныллæг зæлты тыххæй сын сæ зонындзинæдтæ арфдæр кæнын. Хъуамæ мелоди бæлвырд равдисынмæ æмæ æмхъæлæсæй зарынмæ арæхсой. Иумæ змæлын сæ ахуыр кæнын.<br>Тыгъдады ориентаци кæныны арæхстдзинадыл дарддæр кусын. Модельтæ-схемæтæй пайда кæнын сын амонын. Ахуыр сæ кæнын фæлгонц аразын. | Ирон кафты цагъд «Зилгæ»; Гуырдзыбеты Г. «Ирон вальс»; Р. Шуман. «Хъæбатыр бæхылбадæг»; Д. Кабалевский. «Клоуеы»;<br>Е. Еремеева. «Наша каша хороша»; Цæллагты Л. «Барæг»;<br>В. Гкрчик «Бегал заяц по болоту»; А. Филиппенко. «Бравые солдаты»; латвиаг адæмон мелоди «Къухдарæн»; Н. Петров. «Джигитовка»; Моргуаты Ю. «Марш». |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Март** | | «Мамæйы бон», 2 ахуыры<br><br>«Дæсныйæдтæ», 23 ахуыры<br><br>«Транспорт», 23 ахуыры<br><br>«Уалдзæг», 1 ахуыр | Сабитæ музыкæ арфæй-арфдæр куыд æнкъарой, амæй размæ кæй фехъуыстой, уыцы уацмыстæ æнцонæй куыд зоной, зæлты бæрзæнд куыд иртасой, мелоди фæлхат кæнгæйæ куыннæ рæдийой, йе здæхт ын куыд хъусой æмæ æвдисой, афтæ сæ хъомыл кæнын. Дарддæр сын амонын ритммæ гæсгæ змæлын, змæлдтытæ музыкæйы зæлтæ æмæ зарæджы ныхæстæм гæсгæ аразын. Тыгъдады ориентаци кæнынæн сæ фæцалх кæнын. Логикон бындурыл хъуыды кæнын сын амонын. | А. Филиппæнко. «Бравые солдаты»; Р. Шуман. «Хъæбатыр бæхылбадæг»; Ю. Гурьев. «Мамин праздник»; Моргуаты Ю. «8-æм Мартъи»; Н. Петров. «Джигитовка»; Е. Тиличеева. «Бубенчики»;<br>Н. Ветлугина. «Качели»; польшæйаг адæмон мелоди «Дзабырхуыйæг»; Л. Олифирова. «Кукушка и лягушка»; Г. Эрнесакс. «Паровоз»; В. Шаинский. «Улыбка»; Цæллагты Л. «Мæ нана». |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Апрель** | | «Уалдзæг», 33 ахуыры | Музыкалон-аивадон фæлгонцты руаджы фæарфдæр кæнын сабиты зо-нындзинæдтæ уалдзæджы миниуджыты тыххæй. Музыкæйы равг æмæ æнкъарæнтæ иртасыныл сæ фæцалх кæнын. Алыхуызон жанрты музыкалон уацмыстæм хъусгæйæ сæ сфæлтæрын, цæмæй сæ æнцонæй иртасой. Музыкæмæ хъусыны культурæйыл сæ ахуыр кæнын. Амонын сын музыкæйы характер символикон нысанты æххуысæй æв-дисын. Сабиты æмхъæлæсæй зарыны арæхстдзинад бæрзонддæр кæнын, сæ музыкалон кæрцхъусдзинадыл дарддæр кусын.<br>Æмткæй змæлынмæ, музыкалон фæлгонцы характерон змæлд равдисынмæ куыд арæхсой, афтæ сæ хъомыл кæнын. | Моргуаты Ю. «Уалдзæг»; Ю. Гурьев. «Мамин дæнь»; А. Вивальди. «Уалдзæг»; А. Филиппенко. «Веснянка», «Тает снег»; Цæллагты Л. «Уал-дзыгон»; Л. Олифирова. «Лягушка и квакушка»; польшæйаг адæмон мелоди «Дзабырхуыйæг»;<br>В. Шаинский. «Улыбка»;<br>Н. Ветлугина. «Качели»; З. Левина. «Весенний луг»; В. Шаинский. «Песенка про кузнечика»; Цыбырты Д. «Рувас»;<br>Ю. Житенева. «Божьи коровки». |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Май** | | «Ӕрдз», 2 ахуыры | Музыкæ аивадон фæлгонцтæ аразæн мадзал кæй у, сабитæн уыцы æууæл æмбарын кæнын. Хуымæтæг музыкалон уацмысты руаджы сабиты æнкъарынад хъæздыг кæнннын. Базонгæ сæ кæнын уадынгæрзты *(флейтæ, кларнет) зæлдимæ).* Ахуыр сæ кæнын музыкæй иумæйаг равг æнкъарын, йæ мырфæлындæн хæйттæ йын иртасын. Интонацион æгъдауæй æнæкъæм зардыл сабиты дарддæр ахуыр кæнын. Архайын, цæмæй тырной музыкæйы характер æмæ се змæлдтытæ æмахаст кæнынмæ, ритммæ гæсгæ рог змæлой, сæ ассоциативон æнкъарынад хъæздыгдæр кæна, хъазгæйæ музыкалон фæлгонцтæ рафæлдисынмæ тырной. | Н.етлугина. «Красная Шапочка и Серый Волк»; С. Проковьев. «Петя и волк»; А. Вивальди. «Сæрд»; Б. Савельев. «Если добрый ты»; В. Шаинский. «Песенка про кузнечика»; Цыбырты Д. «Рувас»; Ф. Флотов. «Жмурки»; Н. Петров. «Песенка о светофоре»; О. Громова. «Музыканты-комары»; украинаг адæмон мелоди «Ӕрхой-æрæмдзæгъд»; Г. Струве. «Здравствуй, лето!»; А. Филиппенко. «Мы на луг ходили»; Цыбырты Д. «Хур»; Е. Макшанцева. «Веселые ладошки» |

**Темæ: «Мæ бинонтæ»**

**Нысан:**

– Рæзын кæнын сабиты цымыдисдзинад музыкæмæ, музыкæмæ хъусынмæ сæ разæнгард кæнын, ахуыр сæ кæнын зарын; дыууæхайон музыкалон уацмыс сæ бон базонын куыд уа, музыкалон зæлты бæрзæнд иртасын æмæ йæ се змæлдæй банысан кæнын куыд зоной, ууыл сæ ахуыр кæнын.

– Рæзын сæм кæнын музыкæмæ къæрцхъусдзинад.

– Уарзон æмæ сын хæлар ахаст куыд уа сæ хæстæг хиуæттæм, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** А. Гречанинов. «Авдæны зарæг» («Колыбельная»).
Л. Гавришева. «Мæ бинонтæ» («Моя семья»).
Е. Колесников. «Марш».
О. Юдахина. «Æрцыди сæрд» («Пришло лето»).
«Къæйттæй кафт», латвиаг адæмон мелоди.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ æрмæг:** авдæнузæг мады нывы.

**Райуаргæ æрмæг:** цъиуты тъæпæн гуырнывтæ (фигурæтæ).

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ.** Е. Колесников. «Марш» | Сабитæ цæлхдымбылæй лæууынц. Музыкалон разамонæг сын дзуры, цæмæй байхъусой, ахъуыды кæной æмæ зæгъой, ацы музыкæмæ гæсгæ куыд змæлын хъæуы, уый. Сабитæ ахъуыды кæнынц æмæ æххæст кæнынц хæслæвæрд: санчъехтæгæнгæ цæуынц. Кæд сабитæ къуылымпы кæной, уæд сын м. р. сæ хъус æрдары музыкæйы характермæ – цæрдæг, уæнгроггæнæг кæй у, уымæ. |

| | |
|---|---|
| **Хъусын**<br>А. Гречанинов. «Авдæны зарæг» («Колыбельная») | Сабитæ хъусынц пьесæмæ.<br>**М. р.** Цавæр у музыкæ йæ равгмæ гæсгæ *(по настроению)?*<br>**С.** Рæвдауæг, сабыр, æнцад.<br>**М. р**. *(æрмæгæвдисæн фæйнæгыл равæры 2 нывы: авдæнузæг мады ныв æмæ, мад йæ сывæллонимæ кæм хъазы, уый).* Нывтæй, йæ мидисмæ гæсгæ, хæстæгдæр кæцы у ацы музыкæмæ?<br>**С.** Авдæнузæг мады ныв.<br>**М. р.** Цæмæн?<br>**С.** Уымæн æмæ мад тынг бирæ уарзы йæ сывæллоны æмæ йын рæвдаугæ зары; музыкæ дæр у сабыр æмæ уæздан. |
| **Зарын**<br>Музыкалон-дидактикон хъазт «Мадæл цъиу æмæ йæ лæппынтæ». | **М. р.** *(сабиты хъус æрдары æрмæгæвдисæн фæйнæгмæ; фæйнæгыл – уæле мадæл цъиу, бынæй та – йæ лæппынтæ).* Æрбатахтис цъиу йæ лæп-пынтимæ, сымахмæ гæсгæ чи зардзæн ныртæккæ? *(Хъуысы I октавæйы си, уыйфæстæ – I октавæйы. Сабиты дзуæппытæ).*<br>**М. р.** Ныр та æз уыдзынæн мадæл цъиу, сымах та – лæппынтæ, æмæ азарæм.<br>*(М. р. азары I октавæйы ре, сабитæ та – I октавæйы си).* |
| **Зарæг**<br>Л. Гавришева. «Мæ бинонтæ» («Моя семья») | Сабитæ байхъусынц ног зарæгмæ, æмæ йын æрдзурынц йæ мидисыл. Дыккаг хатт байхъусгæйæ, сабитæ дæр фæлварынц зарын. |
| О. Юдахина «Æрцыди сæрд» («Пришло лето») | М. р. сабитæн зæгъы, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной зонгæ зарæг æмæ йæ азарой. Хъуысы зарæджы мелоди. Уыйфæстæ сабитæ иумæ *(æмхъæлæсæй)* зарынц. |

| | |
|---|---|
| Латвиаг адæмон мелоди «Къæйттæй кафт» | М. р. сабиты зонгæ кæны, кафт цы музыкæмæ гæсгæ ахуыр кæндзысты, уыимæ. Зæгъы сын, цæмæй сбæрæг кæной уацмысы характер, стæй, дыууæ хайæ арæзт кæй у, уый. Кæд сабитæ нæ арæхсой, уæд сын фæрстыты руаджы (зæгъæм: Музыкæ иухуызон у?) æххуыс кæны дыууæ сæйраг хайы рахицæн кæнынмæ. Уыйфæстæ сабитæ, хъомылгæнæг цы змæлдтытæ амоны, уыдон фæзмыныл архайынц. |

Ахуырæн кæрон скæнын æмбæлы хъазт «Сызгъæрин кулдуар»-ы фæрцы, ома сабитæ, залæй рацæугæйæ, дзуапп дæттынц фæрстытæн:

– Куыд зары мадæл цъиу?

– Куыд зарынц йæ лæппынтæ?

– Цавæр музыкæмæ гæсгæ фынæй кæны мад йæ сывæллоны?

– Сабийы фынæй кæнгæйæ, куыд хъæуы зарын – хъæрæй, æви ныллæг хъæлæсæй? Цæмæн?

*2-аг ахуыр*

**Темæ: «Мæ бинонтæ»**

**Нысантæ:**

– сабиты музыкæмæ хъусын ахуыр кæнын, цæмæй йын æнкъарой йæ уæздан характер, йæ рæвдаугæ равг æмæ уæзбын зæлд;

– модельтæ аразыны бындуртæ сæм рæзын кæнын. Раст æмæ сыгъдæг куыд дзурой ныхæстæ, сæ бон зарæджы мидис радзурын куыд уа. Маршы ритммæ гæсгæ змæлын сæ ахуыр кæнын;

– фылдæр базонынмæ сæ разæнгард кæнын;

– рæзын кæнын сабитæм уарзондзинады æнкъарæнтæ сæ хиуæттæм, хæстæджытæм.

**Репертуар:** А. Гречанинов. «Авдæны зарæг». («Колыбельная»).

Л. Гавришева. «Мæ бинонтæ». («Моя семья»).
Е. Колесников. «Марш».
Латвиаг адæмон мелоди «Къæйттæй кафт».
В. Герчик. «Сырддонцъиу» («Воробей»).

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ æрмæг:** фынæй сывæллоны ныв.
**Райуаринаг æрмæг:** сабиты нымæцмæ гæсгæ – альбомы сыфтæ, цъиуты тъæпæн гуырнывтæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ**<br>Е. Колесников. «Марш» | *М. р. йæ цæст дары, цæмæй сабитæ музыкæйы ритммæ гæсгæ санчъехтæ кæной. Музыкæ хъуысы ромылæй (умеренно).* |
| **Хъусын**<br>А. Гречанинов. «Авдæны зарæг» («Колыбельная») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй лæмбынæг æркæсой, æрмæгæвдисæн фæйнæгыл цы ныв ис, уымæ æмæ зæгъой, йæ характермæ гæсгæ йæм цавæр музыкæ хæстæгдæр у.<br>**С.** Сабыр, уæздан, сындæг.<br>**М. р.** Цæмæн?<br>**С.** Уымæн æмæ æрмæстдæр ахæм музыкæмæ ис фынæй гæнæн.<br>*(Хъуысы «Авдæны зарæг».)*<br>**М. р.** Æмæ ацы музыкæ ахæм у? Цымæ куыд хуыйны?<br>**С.** «Авдæны зарæг».<br>**М. р.** Сымах гыццылтæ куы уыдыстут, уæд уын чи зарыди ахæм зарджытæ.<br>**С.** Нæ нанатæ, нæ мадæлтæ. |

| | |
|---|---|
| **Зарын**<br>Музыкалон-дидактикон хъазт «Мадæл цъиу æмæ йæ лæппынтæ» | Сабитæ бадынц цæлхдымбылæй, алкæй раз дæр ис альбомы сыф æмæ цъиуы гуырныв. М. р. зæгъы, цæмæй сабитæ базоной, кæд фæзарынц мадæл цъиу æмæ кæд фæзарынц йæ лæппынтæ.<br>Хъуысы I октавæйы нотæ ре, уыйфæстæ – I октавæйы нотæ *си.* Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд: зæлтæ *(звуки)* бæрзонд сты æви ныллæг, уымæ гæсгæ альбомы сыфыл æрæвæрынц цъиуты гуырнывтæ. |
| **Зарæг**<br>Л. Гавришева. «Мæ бинонтæ» («Моя семья») | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ мелодийы ахастмæ гæсгæ раст зарой зарæг, алы дзырд дæр бæлвырд æмæ раст дзурой. |
| **Зарæг**<br>В. Герчик. «Сырддонцъиу» («Воробей») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой зарæгмæ куыд хуыйны, уый сæ зæрдыл æрлæууын кæной æмæ йæ азарой. Сабитæ зарынц фыццаг къордгæйттæй, стæй та иугæйттæй. |
| Латвиаг адæмон мелоди «Къæйттæй кафт» | М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны, кафт куыд райдайы, уый. Сабитæ къæйттæй æрлæууынц цæлхдымбылæй.<br>Зæлы музыкæйы райдиан – сабитæ хъусынц.<br>Фыццаг хайы мелодимæ гæсгæ сабитæ цæлхдымбылæй къæйттæй згъорынц.<br>Дыккаг хайы мелодимæ алы къай дæр, кæрæдзимæ æргомыздæхтæй, сæ къæхтæй æртъупп-æртъупп кæнынц. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. зæгъы, цы зарджытæм хъуыстой, уыдон сабитæн фыст кæй сты. Уыцы зарджытæ сæ хъæбултæн фæзарынц мадæлтæ, нанатæ. Зæгъы сын нoджы, цæмæй сæ

къорды уаты хъазгæйæ, сæ хъазæн чындзыты схуыссын кæной æмæ сын авдæны зарæг азарой.

*3 -аг ахуыр*

**Темæ: «Мæ рæвдауæндон»**

**Нысан:**

– сабиты музыкæ æнкъарыны фæлтæрдзинад рæзын кæнын, сæ бон куыд уа музыкалон уацмыс базонын æмæ, йæ мидисмæ гæсгæ цавæр у, уый зæгъын. Дарддæр сæ ахуыр кæнын интонацимæ гæсгæ сыгъдæг зарын, заргæйæ раст улæфын, фидар сын кæнын сæ тыгъдадон зонындзинæдтæ;

– музыкæмæ лæмбынæг куыд хъусой, ууыл архайын;

– кæрæдзимæ сын уæздан æмæ зæрдæхæлар ахаст куыд уа, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** А. Гречанинов. «Авдæны зарæг» («Колыбельная»).

Е. Тиличеева. «Згъорд» («Бег»).

Л. Гавришева. «Мæ бинонтæ» («Моя семья»).

А. Филиппннко. «Рæвдауæндон» («Детский сад»).

Латвиаг адæмон мелоди «Къæйттæй кафт».

Т. Попатенко. «Хурзæрин æмæ уарын» («Солнышко и дождик»).

В. Карасёва. «Паровоз» («Паровоз»).

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ æрмæг:** ныв «Сабитæ рæвдауæндоны».

## Ахуыры нывæст

**Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ**
Е. Тиличеева. «Згъорд» («Бег»)

Сабитæ, кæй куыд фæнды, афтæ лæууынц залы. Хъуысы музыкæ, м. р. зæгъы, цæмæй ахъуыды кæной, стæй уæд равдисой, уыцы музыкæмæ

| | |
|---|---|
| | куыд змæлын хъæуы, уый. Сабитæ алырдæм згъорынц залы. |
| **Хъусын**<br>А. Гречанинов. «Авдæны зарæг» («Колыбельная») | **М. р.** Æз ныртæккæ ацæгъддзынæн, сымах та лæмбынæг байхъусут. Зæгъдзыстут, цы ацагътон, уый? *(Хъуысы «Авдæны зарæг».*<br>*(Сабиты дзуæппытæ.)*<br>**М. р.** Уæ цæстытыл цы ауайы, ацы музыкæмæ хъусгæйæ?<br>*(Сабиты дзуæппытæ.)* |
| **Зарын**<br>В. Карасёва. «Паровоз» | Сабитæ фыццаг хъусынц зарæгмæ, уыйфæстæ мырфæзмæгау базарынц: «Так -так-так».<br>Хуыздæр у алыхуызон хъæлæсыуагæй, æрдæгтоныл дæлæмæ-уæлæмæгæнгæ зарын. |
| **Зарæг**<br>А. Филиппенко. «Сывæллæтты рæвдауæндон» («Детский сад») | Нывв «Сабитæ рæвдауæндоны». Лæмбынæг æм æркæсынц сабитæ, уыйфæстæ хъусынц зарæгмæ. М. р. зарæджы мидис бабæтты нывы сюжетимæ. Дыккаг хатт байхъусгæйæ, сабитæ фæлварынц зарæджы базард афæзмын. |

| | |
|---|---|
| **Зарæг**<br>Л. Гавришева. «Мæ бинонтæ» («Моя семья») | Зарæг ахуыр кæнынц мелодимæ гæсгæ. М. р. йæ хъус дары, цæмæй дзырдтæ сыгъдæг дзурой. Сабитæ зарынц иу æмвæзадыл, хъуамæ тагъд дæр ма кæной æмæ фæсте дæр ма зайой. |
| Латвиаг адæмон мелоди «Къæйттæй кафт» | Кафт хорз куыд базоной, ууыл кусын. Музыкæйы хæйттæ куыд ивынц, афтæ сабитæ дæр се змæлдтытæ фендæрхуызон кæнынц. |
| **Хъазт** «Базон-ма, цы зæлы» | Сабитæ лæууынц кæрæдзи фæстæ. Хъуысы марш – сабитæ рог цыд кæнынц кæрæдзийы фæстæ. Хъуысы «Авдæны зарæг» – сабитæ улæфынц, къух русыл авæргæйæ æмæ дзуццæджы æрбадгæйæ. Уыйфæстæ музыкалон скъуыддзæгтæ æмхæццæтæй азæлынц цал-дæр хатты, æмæ сабитæ уыдонмæ гæсгæ змæлынц. |

Ахуыртæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабиты бафæрсы, рæвдауæндон уарзынц æви нæ, цæмæн æй уарзынц. Зæгъы сын, хъомылгæнæг æмæ сывæллонгæс дæр сæ тынг бирæ кæй уарзынц æмæ сæм алы бон дæр æнхъæлмæ кæй фæкæсынц.

*4-æм ахуыр*

**Темæ: «Сывæллæтты рæвдауæндон»**

**Нысан:**

– сабиты ахуыр кæнын, йæ характермæ гæсгæ алыхуызон чи у, ахæм музыкæ æнкъарын æмæ музыкæйы

хуызтæ кæрæдзиуыл абарын; хъуамæ зоной, заргæйæ, хъуыдыйæдты æхсæн сулæфын, дзырдтæ раст дзурын; ахуыр сæ кæнын хуымæтæг пластикон æмæ мимикон фæрæзтæй пайда кæнын;

– музыкæ цæмæй æмбарой уой, ууыл кусын;

– хъомыл сæ кæнын активонæй архайын коллективы мидæг.

**Репертуар:** А. Гречанинов. «Авдæны зарæг» («Колыбельная»).

Уырыссаг адæмон мелоди «Ах, ты, берёза!».

А. Филиппенко. «Сывæллæтты рæвдауæндон» («Детский сад»).

Л. Гавришева. «Мæ бинонтæ» («Моя семья»).

В. Карасёва. «Паровоз».

Цæллагты Л. «Пурти».

### Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** Цæллагты Л. «Пурти» | Сабитæ, кæй куыд фæнды, афтæ лæууынц залы. Хъуысы зарæг, æмæ сабитæ текстмæ гæсгæ змæлынц: фыццаг гæппытæ кæнынц дыууæ къахыл, уыйфæстæ алырдæм азгъорынц *(ома – пуртитæ атылдысты).* |
| **Хъусын** А. Гречанинов «Колыбельная». Уырыс. ад. мелоди «Охх, мæнæ бæрз!» («Ах, ты, берёза») | М. р. сабитæн зæгъы, цæмæй байхъусой характермæ гæсгæ алыхуызон пьесæтæм æмæ зæгъой, цавæртæ сты, уый. Сабитæ дзурынц: иу пьесæ дзы у уæзбын, уæздан, иннæ та – рæвдз, хъæлдзæг. Дарддæр м. р. зæгъы, цæмæй сабитæ мимикæ æмæ къухамындты руаджы равдисой музыкæйы характер æмæ равг *(настроение).* |
| **Зарын** В. Карасёва. «Паровоз» | Ацы ран кусын хъæуы, цæмæй сабитæ интонацимæ гæсгæ бæлвырд æмæ раст зарой мелоди. |

| | |
|---|---|
| **Зарæг**<br>А. Филиппенко.<br>«Сывæллæттæ рæвдауæндон»<br>(«Детский сад») | Зарæг ахуыр кæнынц мелодиимæ иумæ. Бацархайын хъæуы, цæмæй сабитæ зарæджы ныхæстæ æмæ мелоди раст зарой. |
| **Зарæг**<br>Л. Гавришева<br>«Мæ бинонтæ»<br>(«Моя семья») | М. р. ахуыр кæны сабиты, цæмæй заргæйæ фразæты ’хсæн раст улæфой, цæмæй зарой уыцы иу уагыл. |
| Латвиаг адæмон мелоди «Къæйттæй кафт» | М. р. фæзæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой музыкæмæ æмæ сæ зæрдыл æрлæууын кæной, ацы музыкæмæ гæсгæ цы архайдтой, уый. Сабитæ æрлæууынц къæйттæй æмæ кафынц. М. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ кафгæкафын зылдæй иуварс ма хизой, цæмæй музыкæмæ гæсгæ зылдмæ гæсгæ змæлой. |
| **Хъазт**<br>«Базон-базон, цы зæлы». | М. р. хъазты мидис сабиты зæрдыл æрлæууын кæны. Сабитæ архайынц музыкæйы характер æмæ се’ змæлдтыты бастдзинад бамбарын. |

Хатдзæгтæ кæнгæйæ, м. р. бафæрсы сабиты, кафын, зарын, хъазын сæ зæрдæмæ куыд фæцыдис æмæ сæ зæрдæйы уаг цавæр у, уымæй. Уый фæстæ сын зæгъы, цæмæй кæрæдзимæ сæ мидбылты бахудой æмæ хъæлдзæгæй тезгъо кæнынмæ ацæуой.

**Темæ: «Фæззæг»**
**Нысан:**

– сабиты ахуыр кæнын музыкæ æмбарын, цавæр равг æмæ дзы æнкъарæнтæ æвдыст цæуы, уый иртасын; цæмæй цæрдæг змæлой, мелодимæ гæсгæ зарын зоной, зарæджы ныхæстæм гæсгæ сæ бон змæлын уа, ууыл архайын;
– музыкæйы фæрцы цæмæй нæ алыварс дунемæ сæ эмоцион æнкъарынад ræза, ууыл сæ ахуыр кæнын;
– цæмæй сæм хъазт æхсызгон æнкъарæнтæ гуырын кæна, зæрдиагæй хъазой, уымæ тырнын.

**Репертуар:** Т. Попатенко. «Сыфтæрызгъæлæн» («Листопад»);
А. Филиппенко. «Сывæллæтты рæвдауæндон» («Детский сад»);
Д. Васильев-Буглай. «Фæззыгон зарæг» («Осенняя песенка»);
Б. Можжевелов «Цæхæрадон-цæлхдымбыл» («Огородная-хороводная»);
В. Карасёва. «Паровоз».

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** Цæллагты Л. «Пурти» (гæппытæ) | Музыкалон разамонæг зæгъы сабитæн, цæмæй хъæлдзæг пуртитæ «фестой». Зæлы зарæг, æмæ сабитæ зарæджы ныхæстæм гæсгæ змæлынц: пуртитау хæрдмæ хауынц гæппытæ кæнынц, уыйфæстæ сæ къахфындзтыл рог дугъ кæнынц – «пуртитæ атылдысты». |
| **Хъусын** Т. Попатенко. «Сыфтæрызгъæлæн» («Листопад») | **М. р.** Сабитæ, ныр та байхъусут ног зарæг «Сыфтæрызгъæлæн»-мæ. Куыд хъуыды кæнут, афæдзы афонтæй кæцыйы тыххæй у?<br>**С.** Фæззæджы тыххæй.<br>**М. р.** Цæмæн? |

| | |
|---|---|
| | **С.** Уымæн æмæ сыфтæрызгъæлæн вæййы фæззæджы. *(Сабитæ хъусынц зарæг «Сыфтæрызгъæлæн»-мæ.)*<br>**М. р.** Цавæр равг æвдыст цæуы музыкæйы?<br>**С.** Æнкъард, æрхæндæг, тæригъæддаг.<br>**М. р.** Æмæ цæмæн? Зарæджы цы ’вдыст цæуы?<br>**С.** Ацы зарæджы æвдыст цæуы æрæгвæззæг, сыфтæ се ’ппæт дæр азгъæлдысты, бæстæ æрæнкъард.<br>*(Иу хатт ма хъусынц зарæгмæ.)* |
| **Зарын**<br>В. Карасёва. «Паровоз» | Ацы ран м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ мелодимæ гæсгæ раст сыгъдæг зарой. |
| Д. «Фæззыгон зарæг» Васильев-Буглай. («Осенняя песенка»). | **М. р.** сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, семæ равзары зарæджы мидис. Зарæгмæ дыккаг хатт куы байхъусынц, уæд сабитæ дæр фæлварынц зарын. |
| **Зарæг**<br>А. Филиппенко «Сывæллæтты рæвдауæндон» («Детский сад») | Дарддæр зарæг ахуыр кæнын. М. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ æнцонæй зарой æмæ, заргæйæ, раст улæфой. |
| **Хъазт**<br>Б. Можжевелов «Цæхæрадон-цæлхдымбыл» («Огородная–хороводная») | Хъазт сахуыр кæныны размæ м. р. сабиты зонгæ кæны хъазты мидисимæ, зæгъы сын, цæмæй байхъусой музыкæмæ. Дарддæр сабитæ цæлхдымбылæй æрлæууыынц æмæ хъомылгæнæджы амындмæ гæсгæ змæлынц. |

Ахуыртæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны фæззæджы миниуджытæ: кæд фæззыгон къæвдатæ сарæх вæййынц æмæ уазал вæййы, уæддæр фæззæг у тынг рæсугъд афæдзы афон.

**Темæ: «Фæззæг»**

**Нысантæ:**

– сабиты ахуыр кæнын музыкæйы хуызтæ равгмæ гæсгæ иртасын: æрхæндæг, хъæлдзæг; музыкæйы мидис æвзарын. Дарддæр сæ ахуыр кæнын æмхъæлæсæй зарын, музыкæимæ зарæджы ныхæстæм гæсгæ раст змæлын;

– архайд æвдисгæйæ сæ хъуыдыкæнынад куыд рæза, ууыл архайын;

– хъомыл сæ кæнын афтæ, цæмæй уой нысанмæтырнæг; змæлдтытæ ахуыргæнгæйæ сæ уадзын сæхи бар.

**Репертуар:** Т. Попатенко. «Сыфтæрызгъæлæн» («Листопад»).
А. Филиппенко. «Сывæллæтты рæвдауæндон» («Детский сад»).
Д. Васильев-Буглай. «Фæззыгон зарæг» («Осенняя песенка»).
Б. Можжевелов. «Цæхæрадон-цæлхдымбыл» («Огородная-хороводная»).
Латвиаг адæмон мелоди «Къæйттæй кафт».

**Архайæн фæрæзтæ**

**Райуаринаг æрмæг:** худгондтæ халсарты нывтимæ.

**Ахуыры ныв æст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон–ритмикон змæлдтытæ.** Цæллагты Л. «Пурти» *(гæппытæ)* | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной, зарæг «Пурти»-мæ гæсгæ цавæр архайд æвдыстой, уый. Сабитæ гæппытæ кæнынц. М. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ зарæджы ныхæстæм гæсгæ раст змæлой. |

| | |
|---|---|
| **Хъусын**<br>Т. Попатенко. «Сыфтæрызгълæн» («Листопад») | **М. р.** Сывæллæттæ, байхъусут зарæгмæ æмæ уæ зæрдыл æрлæууын кæнут, куыд хуыйны æмæ цæй тыххæй у, уый.<br>**С.** Зарæг хуыйны «Сыфтæрызгъæлæн», ацы зарæг у фæззæджы тыххæй.<br>**М. р**. Æмæ куыд æвдыст цæуы фæззæг? (Зæлы зарæджы хай.)<br>**С.** Зарæджы фыццаг зæлтæ сты рог, раст къæвдайы æртæхтау, уыйфæстæ – сабыр, уæздан , цыма бæлæстæй фæззыгон сыфтæ згъæлынц, афтæ.<br>*(Зæлы зарæджы æндæр хай.)* |
| | **М. р.** Хъуысы сабыр, æрхæндæг музыкæ, раст цыма рудзынджы авгыл къæвдайы æртæхтæ сындæггай сæхи æруадзынц. Ныр та зарæгмæ æнæхъæнæй байхъусут æмæ уæ цæстытыл ауайын кæнут фæззæджы нывтæ. |
| **Зарын**<br>Е. Тиличеева. «Зарæг» («Песенка») | Сабитæ зарæг зарынц æмæ мелодийы змæлд къухæй æвдисынц: хæрдмæ, бынмæ. |
| Д. Васильев-Буглай. «Фæззыгон зарæг» («Осенняя песенка»). | Сабитæ зарæг ахуыр кæнынц мелодимæ гæсгæ алы такты райдианы дæр архайынц цавдон уæнгтæ ивазын, зæлтæ рог, æнцонæй зарын. |
| **Зарæг**<br>А. Филиппенко. «Детский сад» | Цæмæй сабитæ зарæг «рæвдауæн»-ы ритмикон ныв хуыздæр бамбарой, уый тыххæй мелодимæ гæсгæ æмдзæгъд кæнынц æмæ йын афтæмæй æвдисынц йæ хъæлдзæг, уæнгроггæнæг равг. |

| | |
|---|---|
| Хъазт Б. Можжевелов «Огородная–хороводная». | М. р. йæ хъус дары уымæ, цæмæй сабитæн, се 'змæлд уа иу уагыл, цæмæй змæлдтытæ райдайой æмæ фæуой иумæ, алы персонажы миниуджытæ равдисыныл архайой. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. фæрсы сабиты, хъазт сæ зæрдæмæ фæцыд æви нæ, æмæ сын зæгъы, цæмæй ма кæрты дæр ахъазой.

*7-æм ахуыр*

**Темæ: «Фæззæг»**

**Нысантæ:**

– сабиты ахуыр кæнын алыхуызон музыкалон уацмыстæ иртасын æмæ сæ нывтимæ бæттын, зарджытæ зарын æмæ заргæйæ дзырдтæ раст дзурын, музыкæйы равгмæ гæсгæ рог змæлын;

– сабиты ахуыр кæнын музыкæмæ хъусын.

**Репертуар:** Т. Попатенко. «Сыфтæрызгъæлæн» («Листопад»).

Цæллагты Л. «Рæсугъд фæззæг» («Осень–красавица»).

Д. Васильев-Буглай. «Фæззыгон зарæг» («Осенняя песенка»).

А. Филиппенко. «Сывæллæтты рæвдауæндон» («Детский сад»).

Б. Можжевелов. «Цæхæрадон-цæлхдымбыл» («Огородная–хороводная»).

Сыфтæртимæ кафт.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ æрмæг:** фæззыгон пейзажы дыууæ нывы (хъæлдзæг æмæ æнкъард), чызджыты нымæцмæ гæсгæ – хъæбæр гæххæтæй конд декоративон сыфтæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ.**<br>«Æмдзæгъдимæ дугъ» («Бег с хлопками»)<br>*(Цавæрфæнды полькæ.)* | Сабитæ лæууынц кæрæдзийы фæдыл.<br>М. р. уал сæ зонгæ кæны музыкæимæ, иумæ сбæрæг кæнынц такты тыхджындæр хæйттæ. *(Сабитæ музыкæйы тактмæ гæсгæ æмдзæгъд кæнынц.)* |
| **Хъусын**<br>Т. Попатенко «Сыфтæрызгъæлæн» («Листопад»);<br>Цæллагты Л. «Рæсугъд фæззæг» («Осень-красавица») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой зарæг «Сыфтæрызгъæлæн»-мæ æмæ зæгъой, йæ характермæ гæсгæ цавæр у, уый *(æнкъард, æрхæндæг музыкæ).* Уыйфæстæ сабитæ хъусынц зарæг «Рæсугъд фæззæг»-мæ *(хъæлдзæг, цæрдæг, рог.)* Сæ дзуæппытæм гæсгæ сабитæ скæнынц иумæйаг хатдзæг: дыууæ зарæджы дæр кæд фæззæджы тыххæй сты, уæддæр сæ характермæ гæсгæ сты алыхуызон. Уæдæ фæззæг дæр вæййы алыхуызон.<br>Æрмæгæвдисæн фæйнæгыл – дыууæ нывы, фæззыгон пейзажтæ. Сабитæ нывтæ бæттынц музыкæимæ. |
| **Зарын**<br>Е. Тиличеева. «Авдæны зарæг» («Колыбельная») | Ацы ран сабитæ архайынц сыгъдæг азарыныл: стыр секундæ – хæрдмæ-бынмæ, стыр терци æмæ квартæ – хæрдмæ. |
| Д. Васильев-Буглай. «Фæззыгон зарæг» («Осенняя песенка») | Дарддæр зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ заргæйæ хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонтæ раст дзурой дзырдты кæрон æмæ раст улæфой. |

| | |
|---|---|
| **Зарæг**<br>А. Филиппенко. «Сывæллæтты рæвдауæндон» («Детский сад») | Сабиты афтæ ахуыр кæнын, цæмæй раст зарой – куыд музыкæмæ хъусгæйæ, афтæ æнæ музыкæйæ дæр. |
| **Хъазт**<br>Б. Можжевелов. «Цæхæрадон-цæлхдымбыл» («Огородная-хороводная») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой музыкæмæ æмæ сæ зæрдыл æрлæууын кæной, ацы музыкæмæ гæсгæ цы куы-стой, уый.<br>Уыйфæстæ сабитæ хъазынц музыкæмæ гæсгæ. |
| | Сабиты ахуыр кæнын, музыкæмæ гæсгæ раст райдайын æмæ фæуын змæлдтытæ. |
| **Сыфтæртимæ кафт**<br>*(Хъомылгæнæджы фæндонмæ гæсгæ.)* | Сабитæ музыкæмæ хъусынц, сбæрæг ын кæнынц йæ характер. Уыйфæстæ м. р. чызджытæн райуары сыфтæртæ æмæ сын зæгъы, цæмæй сæхæдæг æрхъуыды кæной музыкæйы характермæ гæсгæ змæлдтытæ *(экспромт)*. |

Ахуыртæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сбæлвырд кæны, сабитæ ахуырты ногæй цы базыдтой, зарджытæй кæцытæ фæцыд сæ зæрдæмæ, цæуыл сты уыцы зарджытæ.

*8-æм ахуыр*

**Темæ: «Фæззæг»**
**Нысан:**

– сабиты ахуыр кæнын музыкæмæ хъусын æмæ сæ зæрдæйы уаг раргом кæнын. Музыкæйы характер се змæлдæй равдисын. Дарддæр рæзын кæнын сабиты тыгъдадон ориентаци, ахуыр сæ кæнын раст æмæ сыгъдæг интонацийæ зарын;
– рæзын кæнын сабиты мысæнуат æмæ фæлгæнæн;
– коллективы, иумæйаг хъазты активонæй куыд архайой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Гуырдзыбеты Георги. «Вальс».
А. Гавришева. «Мæ бинонтæ» («Моя семья»).
Д. Васильев-Буглай. «Фæззыгон зарæг» («Осенняя песенка»).
Б. Можжевелов. «Цæхæрадон-цæлхдымбыл» «Огородная-хороводная».
Сыфтæртимæ кафт.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Райуаринаг æрмæг:** сабиты нымæцмæ гæсгæ сыфтæртæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** («Бег с хлопками») *(Цавæрфæнды полькæ.)* | Сывæллæттæ змæлынц музыкæмæ гæсгæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ рог дугъ кæной *(сабитæы згъорынц сæ къахфындзтыл)* æмæ музыкæйы ритммæ гæсгæ раст æмдзæгъд кæной. |
| **Хъусын** Г. Гуырдзыбеты Георги. «Вальс» | **М. р.** Абон мах байхъусдзыстæм Г. Гуырдзыбеты Георгийы вальсмæ. Вальс у уæздан, рæсугъд кафт, вальсæн йæ музыкæ дæр у уæздан, сабыр. *(Зæлы вальс.)* Музыкæ уæ зæрдæмæ фæцыдис? *(Сабиты дзуæппытæ).* <br> **М. р.** Цæй уæдæ не змæлдæй равдисæм музыкæйы характер. Музыкæ у уæздан, æмæ не змæлд дæр хъуамæ уа сабыр, æнæсхъиугæ, уæзбын. <br> *(Иу хатт ма зæлы «Вальс», сабитæ сындæггай сæ къухтæ, узæгау, змæлын кæнынц.)* |
| **Зарын** Уырыссаг адæмон мелоди. Зарæг «Гино» («Киска») | Сабитæ архайынц, музыкæ къæпхæнгай куыд рæзы хæрдмæ-дæлæмæ, уый раст равдисынын. |

| | |
|---|---|
| Д. Васильев-Буглай. «Фæззыгон зарæг» («Осенняя песенка») | Сабиты ахуыр кæнын зарæг иумæ райдайын æмæ иумæ фæуын, æнæ музыкæйæ зарын. |
| **Зарæг**<br>Л. Гавришева. «Мæ бинонтæ» («Моя семья») | **М. р.** сабитæн зæгъы, цæмæй мелодимæ гæсгæ базоной зарæг. Уыйфæстæ сабитæ зарынц къордгæйттæй, иугæйттæй. |
| **Сыфтæртимæ кафт** | Сабитæ хъусынц музыкæмæ, сбæрæг ын кæнынц йæ дыууæ хайы. Уыйфæстæ хъомылгæнæг кафты змæлдтытæ равдисы æмæ сæ ахуыр кæны сабитимæ. |
| **Хъазт**<br>Б. Можжевелов. «Цæхæрадон-цæлхдымбыл». («Огородная–хороводная») | Хъазт фæлхат кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæй алчи дæр «халсары» ролы ахъаза. |

Ахуыртæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. раппæлы сабитæй, хорз кæй зарыдысты æмæ музыкæмæ лæмбынæг кæй хъуыстой, уый тыххæй.

*9-æм ахуыр*

**Темæ: «Фæззæг»**

**Нысан:**

– сабитæм рæзын кæнын уарзæгой æмæ цымыдис ахаст музыкæмæ, ахуыр сæ кæнын зарджыты мелодитæ раст зарын;

– къæрцхъус уæвын æмæ сæ змæлдтытæ зæрдыл дарынмæ разæнгард кæнын;

– музыкæмæ хъусыны культурæ сын сæ удыхъæды фидар кæнын: лæмбынæг куыд хъусой, искæй дæр куыд нæ хъыгдарой, музыкалон уацмысмæ-иу кæронмæ куыд байхъусой.

**Репертуар:** Гуырдзыбеты Георги. «Вальс».

Н. Куликов. «Зокъотæ» («Грибочки»).
Д. Васильев-Буглай. «Фæззыгон зарæг» («Осенняя песенка»).
Н. Лысенко. «Хонгæ кафт» («Тагнец-приглашение»).
Уырыссаг адæмон мелоди «Гино» («Киска»).
Сыфтæртимæ кафт.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Райуаринаг æрмæг:** сабиты нымæцмæ гæсгæ сыфтæртæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ**<br>М. Раухвергер. «Къахæрцæвдтытæ» («Притопы») | Сабитæ музыкæмæ гæсгæ санчъехтæ кæнынц, сæ уæрджытæ бæрзонд исгæйæ. Хъомылгæнæг йæ хъус дары сабиты гуыры ахастмæ. |
| **Хъусын**<br>Гуырдзыбеты Г. «Вальс» | Музыкалон разамонæг зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой «Вальс»-мæ æмæ йын раиртасой йæ равг, зæгъой, цæй руаджы йын ис ахæм равг: рæвдауæг мелоди, сабыр æмæ уæздан темп. |
| **Зарын**<br>Уырыс. ад. мелоди Зарæг «Гино» («Киска») | Мелоди заргæйæ сабитæ сæ къухтæй æвдисынц музыкæйы здæхт (уæлæмæ-дæлæмæ). |
| **Зарын**<br>Н. Куликов. «Зокъотæ» («Грибочки») | Музыкалон разамонæг сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, архайы сабиты разæнгард кæныныл, сцымыдис сæ кæнын. |
| Д. Васильев-Буглай «Зокъотæ» («Осенняя песенка») | Сабитæ фæлхат кæнынц уацмыс. М. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ раст зарой. Сабитæ къордгæйттæй зарынц. |

| | |
|---|---|
| Н. Лысенко. «Хонгæ кафт» («Танец-приглашение») | **М. р.** сабиты зонгæ кæны кафты мелодиимæ. Сабитæ йын йæ хæйттæ фæбæрæг кæнынц: уæздан, сабыр, хъæлдзæг, тагъд. Дарддæр хъомылгæнæг æвдисы кафты змæлдтытæ. |
| **Сыфтæртимæ кафт** | Кафгæйæ сабитæ (чызджытæ) ахуыр кæнынц музыкæйы характермæ гæсгæ змæлын, сыфтæртимæ змæлдтытæ рæсугъд аив æвдисын (сыфтæртæ тилын æмæ узæгау кæнын). |

Ахуыртæн хатдзæг кæнгæйæ, м.р. сабитæн раарфæ кæны.

*10-æм ахуыр*

**Темæ: «Фæззæг»**

**Нысан:**

– сабиты ахуыр кæнын пьесæйы рæвдауæг характер æнкъарын, йæ уæздан уаг æмæ сабыр азæлд хъусын, музыкæмæ гæсгæ раст æмæ афоныл змæлын, хуымæтæг æрдзон хъæлæсæй зарын;

– сабиты ахуыр кæнын лæмбынæг хъусын;

– хи дарыны æгъдæуттæ сын амонын.

**Репертуар:** Гуырдзыбеты Г. «Вальс».
Н. Куликов. «Зокъотæ» («Грибочки»).
А. Филиппенко. «Сывæллæтты рæвдауæндон» («Детский сад»).
Н. Ломова. «Хонгæ кафт» («Танец-приглашение»).

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ æрмæг:** æртæ нывы: сабитæ заргæйæ, кафгæйæ, санчъехтæ кæнгæйæ.

**Райуаринаг æрмæг:** сабиты нымæцмæ гæсгæ альбомы сыфтæ æмæ гæххæттæй конд зиллаччытæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ**<br>М. Раухвергер. «Къахæйæрцæвдтытæ» («Притопы») | Ритмикон уагыл сабитæ ар-хайынц музыкæмæ гæсгæ раст æмæ афоныл змæлын. |
| **Хъусын**<br>Гуырдзыбеты Г. («Вальс») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой музыкæмæ, зæгъой, куыд хуыйны, уый, æмæ музыкæйы мидисмæ хъæугæ ныв равзарой (нывтæ – æрмæгæвдисæн фæйнæгыл). Сабитæ ныв куы райсынц, уæд скæнынц хатдзæг: вальс у кафт. |
| **Зарын**<br>Уырыссаг адæмон мелоди «Гино» («Киска») | Сабитæ дыууæ къордыл дих кæнынц. Иу къорд дзы заргæ кæны *(м. р. сабиты хъус æрдары мелодийы фæзилæнтæм),* иннæ къорд та мелоди æвдисы, карточкæтæ æмæ геометрион фигурæты фæрцы. |
| **Зарæг**<br>Н. Куликов. «Зокъотæ» («Грибочки») | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ раст æмæ сыгъдæг зарой, ма рæдийой зарæджы мелоди æмæ ныхæстæ. |

| | |
|---|---|
| **Зарæг**<br>А Филиппенко.<br>«Сывæллæтты рæвдауæндон»<br>(«Детский сад») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой зарæгæй скъуыд-дзагмæ æмæ зарæджы сæргонд сæ зæрдыл æрлæууын кæной. Уыйфæстæ сабитæ зарынц къордгæйттæй, иугæйт-тæй. Иннæ сабитæ хъусынц, се 'мбæлттæ куыд зарынц, уымæ. |
| **Кафт-хъазт**<br>Н. Лысенко. «Хонгæ кафт»<br>(«Танец-приглашение») | Сабитæ бадынц бандæттыл.<br>I хай: иу сывæллон иннæтæй искæй рахоны кафынмæ;<br>II хай: сабитæ, рог дугъгæнгæ, зилдух кæнынц;<br>III хай: кафгæ-кафын кæрæдзимæ æрбазилынц æмæ сæ къæхтæй æртъупп-æртъупп кæнынц. Хъомылгæнæг сабитæн æххуыс кæны къай равзарынмæ. |

Ахуыртæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабитæн сæ хорз зард æмæ кафты тыххæй арфæ ракæны.

*11-æм ахуыр*

**Темæ: «Мæ бæстæ»**

**Нысан:**

– сабиты ахуыр кæнын музыкалон уацмысы характер иртасын, сыгъдæг æмæ раст зарын; рæзын сын кæнын сæ музыкалон курдиат змæлынгæнæг сфæлдыстад; цы уацмысмæ байхъусой, уый тыххæй дзурынмæ куыд арæхсой, ууыл куыст;

– рæзын кæнын сабиты мысæнуат æмæ фæлгæнæн;

– хæларзæрдæ ахастытæ сæм хъомыл кæнын.

**Репертуар:** П. Чайковский. «Хъæдын салдæтты марш».
(«Марш деревянных солдатиков»).

Францаг адæмон мелоди «Донимæ хъазт».
Н. Куликов. «Зокъотæ» («Грибочки»).
Г. Струве. «Хъæлдзæг зарæг» («Веселая песенка»).
И. Васильева. «Гакк-гуччы зарæг» («Песенка кукушки»).

## Ахуырты нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** Франц. адæмон мелоди «Донимæ хъазт» | Сабитæ бадынц гауызыл. М. р. зæгъы, цæмæй сæ цæстытыл ауайын кæной, цыма бадынц доны был æмæ хъазынц донæй. Зæлы музыкæ, æмæ сабитæ сæхи æвдисынц афтæ, цыма донæй хъазынц, уый. |
| **Хъусын.** П. Чайковский. «Хъæдын салдæтты марш» | М. р. зæгъы, цæмæй байхъусой ног музыкалон уацмысмæ, сбæрæг ын кæной йæ характер æмæ равг. Кæд къуылымпы кæной, уæд сæ бафæрсы: «Цы кусæн ис ацы музыкæмæ гæсгæ?» Сабиты дзуæппытæй равзарынц хуыздæр, ахсджиагдæр. Ногæй та зæлы музыкæ, сабитæ санчъехтæгæнгæ цæуынц. |
| **Зарын** И. Васильева. «Гакк-гуччы зарæг» («Песенка кукушки») | Заргæ-зарын сабитæ архайынц интервал «терци» сыгъдæг азарыныл. |
| Г. Струве. «Хъæлдзæг зарæг» («Весёлая песенка»). | М. р. сабиты зонгæ кæнын ног зарæгимæ. Зарæджы мидис бабæтты темæ «Мæ бæстæ»-имæ. Сабитæ зарæгæн фыццаг сбæрæг кæнынц йæ характер, уыйфæстæ йæ се змæлдтытæй раст равдисынц, ритмикон æгъдауæй уыцы иу уагыл æмдзæгъд |

| | |
|---|---|
| | кæнгæйæ æмæ къæхтæй æртъупп-æртъупп кæнгæйæ. |
| **Зарæг**<br>Н. Куликов. «Зокъотæтæ» («Грибочки») | М. р. ахуыр кæны сабиты заргæ-зарын раст улæфын, хуымæтæг æрдзон хъæлæсæй зарын. |
| **Кафт-хъазт**<br>Н. Лысенко. «Хонгæ кафт» («Танец-приглашение») | Кафт ахуыр кæнгæйæ, дарддæр м. р. йæ цæст дары, цæмæй сабитæ музыкæмæ лæмбынæг хъусой æмæ афойнадыл кафты змæлдтытæ кæной. |
| **Хъазт**<br>Ирон адæмон мелоди. «Чепена» | Хъазт сахуыр кæныны размæ м. р. сабиты базонгæ кæны музыкæимæ, сæ хъус сын æрдарын кæны мелодийы равгмæ, – уый фæлхатгонд цæуы цалдæр хатты, уыимæ алы хатт дæр змæлдтытæ фæхъæуы аивын. |

Ахуыртæн хатдзæг кæнгæйæ м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной, цавæр музыкæмæ хъуыстой æмæ цæй тыххæй уыдис, уый.

*12-æм ахуыр*

**Темæ: «Мæ бæстæ»**

**Нысан:**

– сабиты ахуыр кæнын, цæмæй зоной музыкалон уацмысы жанр сбæрæг кæнын, се змæлдæй музыкæ æвдисын, раст æмæ сыгъдæг зарын, модельтæ-символты руаджы иу змæлдæй иннæмæ тагъд хизын;

– рæзын кæнын сабиты мысæнуат;

– исты базонынмæ разæнгард куыд уой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** П. Чайковский. «Хъæдын салдæтты марш» («Марш деревянных солдатиков»).
Францаг адæмон мелоди «Донимæ хъазт».

И. Васильева. «Гакк-гуччы зарæг» («Песенка кукушки»).

Г. Струве. «Хъæлдзæг зарæг» («Весёлая песенка»).

Н. Куликов. «Зокъотæ» («Грибочки»).

Ирон адæмон зарæг «Чепена».

Н. Лысенко. «Хонгæ кафт» («Танец-приглашение»).

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ æрмæг:** цыппар карточкæйы фатæгты (стрелки) нывтимæ: галиуæрдæм, рахизæрдæм, уæлæмæ, дæлæмæ амонынмæ.

**Ахуырты нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** Францаг адæмон мелоди «Донимæ хъазт» | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной, амæй размæ ахуырты, ацы мелодимæ хъусгæйæ, цы куыстой, уый. Уыйфæстæ йæ ацæгъды æмæ сабиты хъус æрдары, мелодийы дыууæ хайы алыхуызон кæй зæлынц, уымæ. Сабитæ архайынц музыкалон уацмысы характер се змæлдæй равдисын. |
| **Хъусын** П. Чайковский «Хъæдын салдæтты марш» («Песня деревянных солдатиков») | Сабитæ хъусынц П. Чайковскийы уацмысмæ. Уыйфæстæ м. р. æмæ сабитæ иумæ сбæрæг кæнынц музыкæйы равг *(уæнгрог, хъæлдзæг)*, музыкæйы азæлды характер *(зæлланггæнаг, бæрæг–бæлвырд (чёткий)* ритм, цыренгæнæг темп. |
| **Зарын** И. Васильева («Гакк-гуччы зарæг») «Песенка кукушки» | Сабитæ архайынц ритмикон ныв раст равдисын. |

| | |
|---|---|
| Г. Струве. «Хъæлдзæг зарæг» («Весёлая песенка») | Зарæг ахуыр кæнынц æрмæст мелодимæ гæсгæ. М. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ раст æмæ сыгъдæг зарой. |
| **Зарæг** Н. Куликов. «Зокъотæ» («Грибочки») | Сабитæ хъуамæ зоной зарæджы райдайæнмæ байхъусын æмæ æрмæст райдайæн зарын, заргæйæ кæрæдзимæ хъусын, темпы уаг хъахъхъæнын. |
| Н. Лысенко. «Хонгæ кафт» («Танец-приглашение») | Ахуыр кæнын сабиты, цæмæй се змæлд райдайа æмæ фæуа музыкæимæ иумæ. Зарæг зæлы уыцы иу уагыл. |
| **Хъазт** Ирон адæмон мелоди, «Чепена» | Хъазт «Чепена» ахуыр кæнгæйæ, м. р. архайы, цæмæй сабитæ музыкæимæ иумæ змæлой. |

М. р. хатдзæг скæны модельтæ-символтæ æвдисгæйæ, ома сæ иугай æвдисы, сабитæ та дзурынц, уыцы модельмæ гæсгæ цы куыстой, уый.

*13-æм ахуыр*

**Темæ: «Мæ буар»**
**Нысан:**

– сабиты ахуыр кæнын раст æмæ сыгъдæг зарын, музыкæ аивгæнæн фæрæзтæ зонын (динамикæ, регистр, штрихтæ), уæрæхдæр сын кæнын сæ зарыны диапазон, цæмæй сæ бон уа зард æмæ змæлдтытæ æмиу кæнын;
– цы хъусой, уый куыд æнкъарой, ууыл архайын;
– æмдзырд куыд уой æмæ æмархайд куыд кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** П. Чайковский. «Хъæдын салдæтты марш» («Марш деревянных солдатиков»).
И. Васильева. «Гакк-гуччы зарæг» («Песенка кукушки»).

Г. Струве. «Хъæлдзæг зарæг» («Веселая песенка»).
В. Кистень. «Зарын æнцон æмæ æхцон у» («Петь удобно и приятно»).
Уырыссаг адæмон мелоди «Къæйттæй кафт» («Парный танец»).
Ирон адæмон мелоди «Чепена».

### Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ**<br>Францаг адæмон мелоди «Донимæ хъазт» | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой музыкæмæ æмæ сæ зæрдыл æрлæууын кæной, цавæр змæлдтытæ кодтой ацы музыкæмæ гæсгæ, уый. Ногæй та хъусынц музыкæмæ æмæ змæлынц. Се змæлдæй архайынц пьесæйы характер равдисын. |
| **Хъусын**<br>П. Чайковский «Хъæдын салдæтты марш» («Марш деревянных солдатиков») | *(Сабитæ хъусынц уацмысмæ.)*<br>**М. р.** Уæ цæстытыл цы ауайы, музыкæмæ хъусгæйæ?<br>**С.** Гыццыл хъазæн салдæттæ.<br>**М. р.** Цæмæн?<br>С. Уымæн æмæ музыкæ зæлы бæрзонд, скъуынæгау, цыма гыццыл барабанæйцæгъдæг цæгъды æмæ гыццыл салдæттæ та, санчъехтæгæнгæ цæуынц. |
| **Зарын**<br>И. Васильева. «Гакк-гуччы зарæг»<br>Зарæггонд «Песенка кукушки» | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, сабитæ архайынц интервал «терци» сыгъдæг азарын, зæлтæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ къухæй æвдисгæйæ. Уыцы рæстæг м. р. æрмæгæвдисæн фæйнæгыл сабиты къухты змæлдмæ гæсгæ равæры зиллаччытæ *(зæлты символтæ):* иутæ – бæрзонддæр, иннæтæ – ныллæгдæр. |

| | |
|---|---|
| Г. Струве. «Хъæлдзæг зарæг» («Весёлая песенка») | **М. р.** ахуыр кæны сабиты, цæмæй, заргæйæ, раст улæфой æмæ хуымæтæг æрдзон хъæлæсæй зарой. |
| **Зарæг**<br>В. Кистень. «Зард æнцон æмæ æхцон у» («Петь удобно и приятно») | **М. р.** сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ. Зарæгмæ байхъусыны фæстæ м. р. сабитимæ зарæджы мидисыл æрныхас кæны æмæ йæ бабæтты темæ «Мæ буар» -имæ. Дыккаг хатт байхъусгæйæ, сабитæ фæлварынц зарын. |
| Уырыссаг адæмон мелоди «Къæйттæй кафт» («Парный танец») | Сабитæ хъусынц музыкæмæ æмæ йын сбæрæг кæнынц йæ характер. Уыйфæстæ м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй музыкæйы характермæ гæсгæ змæлдтытæ æрхъуыды кæной. Музыкæ у уæздан æмæ сабыр, змæлдтытæ – сабитæн сæ зæрдæ куыд зæгъы, афтæ. |
| Ирон адæмон мелоди «Чепена» | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной, хъазт цавæр зæрдæйы уагæй райдайы, уый. Зæлы музыкæ, сабитæ æрлæууынц цæлхдымбылæй æмæ сæхи фæндонмæ гæсгæ змæлынц, хъомылгæнæг йæ хъус дары, цæмæй се змæлд ивой, музыкæ фæлхатгонд куы цæуа, уæд. |

Ахуыртæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. ныффидар кæны сабитимæ æмбарынæдтæ «бæрзонд», «ныллæг» зæлтæ.

*14-æм ахуыр*

**Темæ: «Мæ буар»**
**Нысан:**

– сабиты ахуыр кæнын программон музыкæйы хуызтæ иртасын, хъусгæйæ æмбарын зарды хæрзхъæддзинад, рæзын сын кæнын сæ ритмикон къæрцхъусдзинад, кафты змæлдтытæй музыкæйы иумæйаг характер равдисын куыд зоной;

– рæзын кæнын сабиты мысæнуат æмæ къæрцхъусдзинад;
– хъомыл сæм кæнын хи дарыны æгъдæуттæ, æмдзырд куыд уой æмæ æмархайд куыд кæной.

**Репертуар:** А. Вивальди. «Фæззæг» («Осень»).
Е. Тиличеева. «Мах цæуæм тырысатимæ» («Мы идем с флажками»).
Г. Струве. «Хъæлдзæг зарæг» («Весёлая песенка»).

В. Кистень «Зард æнцон æмæ æхцон у». («Петь приятно и удобно».
Уырыссаг адæмон мелоди «Къæйттæй кафт» («Пляска парами»).

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ æрмæг:** ныв «Фæззæг».

### Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** (æнæ музыкæйæ). «Ритмикон ныййазæлд» | М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны, зæлтæ кæй вæййынц цыбыр æмæ даргъ *(фæлгонцимæ сæ бабæттын).* Уыйфæстæ сабитæ се 'мдзæгъдæй, сæ тъуппытæй æмæ сæ къæхты хостæй равдисынц, цы ритмикон ныв фехъуыстой, уый. |
| **Хъусын** А. Вивальди. «Фæззæг» | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй æркæсой нывмæ («Фæззæг»), бакæсы фæззæджы тыххæй цыбыр æмдзæвгæ. **М. р.** Фæззыгон нывты рæсугъддзинад равдисæн ис нывты, æмдзæвгæты, музыкæйы. Байхъусут фæззыгон музыкæмæ. (*Зæлы А. Вивальдийы «Фæззæг».)* **М. р.** Уæ зæрдæмæ фæцыдис музыкæ? **С.** О, фæцыд. **М. р.** Уый цагъта оркестр, оркестры вæййы бирæ уадынгæрзтæ (музыкалон инструменттæ). |

| | |
|---|---|
| **Зарын** Е. Тиличеева «Мах цæуæм тырысатимæ» («Мы идём с флажками») | сабиты ахуыр кæнын интонаци уромын иу бæрæг бæлвырд зæлыл. |
| **Зарæг** В. Кистень. «Зард æнцон æмæ æхцон у» («Петь удобно и приятно») | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ сыгъдæг зарой мелоди æмæ раст дзурой ныхæстæ. |
| Г. Струве. «Хъæлдзæг зарæг» («Весёлая песенка) | Дарддæр зарæг ахуыр кæнгæйæ м.р. йæ хъус дары уымæ, цæмæй сабитæ иумæ зарой, кæрæдзимæ хъусой заргæйæ. |
| Уырыссаг адæмон мелоди «Къæйттæй кафт» («Парный танец»). | Кафты змæлдтытæ сахуыр кæныны размæ м. р. сабитимæ ахъазы хъазт «Ссар дæхицæн къай»-йæ. Сывæллæттæ рацу -бацу кæнынц залы, бæрæг сигналмæ гæсгæ сæ алчидæр йæ фарсмæ лæууæг чызг кæнæ лæппуйы къухыл æрхæцы.<br>I хай: размæ къæйттæй санчъехтæ кæнынц.<br>II хай: кæрæдзийы къухтыл æрхæцынц «бæлæгъау» *(лодочкой)* æмæ кæрæдзи алыварс цæуынц, раздæр галиуæрдæм, уыйфæстæ, II хайы музыкæ фæлхатгæнгæйæ, цæуынц рахизæрдæм. |

М. р., ахуыртæн хатдзæг кæнгæйæ, бафæрсы сабиты, ахуыртæ сæ зæрдæмæ куыд фæцыдысты, уымæй.

**Темæ: «Мæ буар»**
**Нысантæ:**

– уæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ уадынгæрзты (музыкалон инструментты) тыххæй, тырнын, цæмæй сæ зарæг æмзæл уа, иу сулæфтыл æнæхъæн хъуыдыйад зарой, музыкæмæ хъусгæйæ модельтæ-символты руаджы, зæлтæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ иртасой. Музыкæйы характер се змæлдæй сæ бон равдисын куыд уа, кафгæйæ модельтæ-символты 'руаджы се змæлдтытæ аивын куыд зоной;
– анализ кæнын сын амонын;
– хъомыл сæм кæнын уарзондзинады æнкъарæнтæ музыкæмæ.

**Репертуар:** А. Вивальди. «Фæззæг».
В. Кистень. «Зæрдæнцон æмæ æнцон у» («Петь удобно и приятно»).
Е. Тиличеева. «Мах цæуæм тырысатимæ» («Мы идём с флажками»).
Г. Струве. «Хъæлдзæг зарæг» («Веселая песенка»).
Уырыссаг адæмон мелоди «Къæйттæй кафт» («Пляска парами»).
Ирон адæмон мелоди «Чепена».

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ æрмæг:** оркестры уадынгæрзты нывтæ, 4 карточкæйы фатæгты *(стрелки)* нывтимæ, алыфæтæнæн гæххæтты уадздзæгтæ *(полоски).*

**Ахуыры ныв**æ**ст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ**<br>«Ритмикон ныййазæлд» | М. р. æвдисы карточкæтæ ритмикон нывтимæ:<br>– дыууæ дæргъвæтины æмæ иу цыбыр зæл;<br>– æртæ цыбыр зæлы; |

| | |
|---|---|
| | – иу дæргъвæтин æмæ æртæ цыбыр зæлы *(æрмæгæвдисæн фæйнæгыл)*. Сабитæ æвдисынц уыцы ритмикон нывтæ, къухты къæрццытæй – цыбыр зæлтæ, уæрджытæ æртъæпп кæнгæйæ – дæргъвæтин зæлтæ. |
| **Хъусын**<br>А. Вивальди. «Фæззæг» | М. р. сабитæм æвдисы оркестры музыкалон инструментты нывтæ.<br>Сабитæ хъусынц Вивальдийы «Фæззæг» -мæ.<br>**М. р.** Цавæр у йæ равгмæ гæсгæ музыкæ?<br>**С.** Хъæлдзæг.<br>**М. р.** Цымæ цæмæн?<br>**С.** Фæззæг у тынг рæсугъд афæдзы афон æмæ нæ зæрдæмæ тынг цæуы.<br>**М. р.** Лæмбынæг куы байхъусат музыкæмæ, уæд дзы æнкъард æмæ æрхæндæгдзинад дæр фехъусдзыстут, уымæн æмæ фæззæг вæййы къæвдаджын æмæ уазал. Ацы музыкæмæ байхъусгæйæ, базонæн ис, фæззæг алыхуызон кæй вæййы, уый. |
| **Зард**<br>Е. Тиличеева. «Мах цæуæм тырысатимæ» («Мы идём с флажками») | Сабитæ раздæр азарынц зарæггонд. Уыйфæстæ м. р. фæрсы, зæл йæ бæрзæндмæ гæсгæ ивы æви нæ, æмæ зæгъы, цæмæй йæ сæ къухты змæлдæй равдисой. Кæд къуылымпы кæной, уæд м. р. æрмæгæвдисæн фæйнæгыл равдисы модель-схемæ, ома зиллаччытæ равæры иу рæнхъыл. |

| | |
|---|---|
| **Зарæг**<br>В. Кистень. «Зард æнцон æмæ æхцон у» «Петь удобно и приятно», | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зарæг базоной йæ райдайæнмæ гæсгæ. Уыйфæстæ сабитæ зарынц къордгæйттæй. Сабиты иу къорд заргæ кæны, иннæ къорд та се 'мбæлтты зарды хæрзхъæддзинад сбæрæг кæны. |
| Уырыссаг адæмон мелоди «Къæйттæй кафт» («Парный танец») | Кусын ууыл, цæмæй, музыкæ аивдмæ, гæсгæ сабиты змæлд дæр ивгæ цæуа. |
| Ирон адæмон мелоди «Чепена» | Хъазт «Чепена» фæлхат кæнынц, цæмæй йæ ныффидар кæной. Хъазгæ-хъазын кæцырдæм азилын хъæуы, уый бахъуыды кæныны тыххæй м.р. æвдисы модельтæ-символтæ *(фатæгтæ)*. |

Ахуыртæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. æвдисы уадынгæрзты нывтæ æмæ фæрсы, цы сты æмæ цæмæн хъæуынц. Дзуæппыты бындурыл сабиты æркæны æмбарынад «оркестр» цы у, уымæ.

*16-æм ахуыр*

**Темæ: «Мæ буар»**

**Нысан:**

– уæрæхдæр æмæ бæлвырддæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ уадынгæрзты тыххæй. Ахуыр сæ кæнын музыкалон фæлгонц æмбарын æмæ иумæ æмархайд кæнын, зæлтæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ иртасын;

– хъазгæйæ æмæ архайгæйæ кæрæдзийæн куыд æххуыс кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** А. Вивальди. «Фæззæг».

В. Кистень. «Зард æнцон æмæ æхцон у» («Петь удобно и приятно»).

Е. Тиличеева. «Мах цæуæм тырысатимæ» («Мы идём с флажками»).

Уырыссаг адæмон мелоди «Къæйттæй кафт» («Пар-

ный танец»).

Н. Куликов. «Зокъотæ» («Грибочки»).

Б. Можжевелов. «Цæхæрадон-цæлхдымбыл» («Огородная-хороводная»).

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ æрмæг:** музыкалон инструментты нывтæ, алыфæтæнæн гæххæтты уадздзæгтæ (полоски).

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** «Ритмикон ныййазæлд» | М. р. æрмæгæвдисæн фæйнæгыл равæры цавæрфæнды ритмикон ныв модельтæ-символтæй æмæ бафæрсы сабиты: «Ай цы у?» Сабиты дзуапп: Дæргъвæтин æмæ цыбыр зæлтæ. М. р. зæгъы, цæмæй æмдзæгъдæй равдисой ритм. |
| **Хъусын** А. Вивальди. «Осень» | Сабитæ уынынц æрмæгæвдисæн фæйнæгыл уадынгæрзты нывтæ. **М. р.** фæрсы сабиты, цы сты æмæ цæмæн хъæуынц, уымæй. Сабиты дзуæппыты фæстæ зæлы А. Вивальдийы «Фæззæг». **М. р.** Цы у оркестр? Цы музыкæмæ хъуыстат, уый куыд хуыйны æмæ цæуыл дзуры? Цавæр афæдзы афоны тыххæй у? |
| **Зарын** И. Васильева «Гакк-гуччы зарæг» («Песенка кукушки») | Сабитæ зарынц æмæ къухтæй æвдисынц зæлты сæ бæрзæнд. Уыйфæстæ м. р. зæгъы, цæмæй сабитæ равдисой мелодийы графикон ныв. 2–3 сывæллоны æрмæгæвдисæн фæйнæгыл зæлнысангæнæг зиллаччыты ’руаджы æххæст кæнынц хæслæвæрд. |

| | |
|---|---|
| **Зарæг**<br>В. Кистень. «Зард æнцон æмæ æхцон у» («Петь удобно и приятно») | Сабитæ ахуыр кæнынц зарæджы райдайæнмæ хъусын, зарын афоныл райдайын, заргæйæ кæрæдзимæ хъусын, иу уагыл зарын. |
| **Зарæг.**<br>Н. Куликов. «Зокъотæ» («Грибочки») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй мелодимæ гæсгæ базоной зарæг. Зарæг фæлхатгонд цæуы, цæмæй йæ сабитæ хуыздæр бахъуыды кæной, ныффидар æй кæной. |
| **Хъазт**<br>Б. Можжевелов «Цæхæрадон-цæлхдымбыл» («Огородная–хороводная») | Сабитæ фæлхат кæнынц зонгæ хъазт.<br>М. р. сын сæ зæрдыл æрлæууын кæны хъазты архайджыты змæлдтытæ. |

Ахуыртæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. фæрсы сабиты, ахуырты сæ зæрдæмæ цы фæцыд, уымæй.

*17-æм ахуыр*

**Темæ: «Культурæ»**

**Нысантæ:**

– сабитæ музыкæйы руаджы алфамбылай дунейы рæсугъддзинад куыд æнкъарой; хъусгæ-хъусын музыкæйы здæхт куыд æвзарой; текст æмæ музыкæйы æххуысæй сæ бон змæлдæй куыд уа архайджыты æвдисын; ахуыр сæ кæнын тыгъдады ориентаци кæнын;

– рæзын кæнын сабиты хъусдард;

– кæрæдзимæ сæм хъомыл кæнын зæрдæхæлар ахастытæ.

**Репертуар:** Кокойты Агуындæ. «Симды фæз».

Е. Горбин. «Уæздан зарæг» («Вежливая песенка»).

В. Кистень. «Зард æнцон æмæ æхцон у» («Петь удобно и легко»).

Цæллагты Лидæ. «Урс тæрхъустæ».

**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ æрмæг:** хуызджын гæххæтт.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ.** Т. Ломова «Хъæдуры нæмыг» («Горошина») (алырдæмты дугъ) | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй, цыма хъæдуртæ «фестадысты», афтæ апырх уой залы. Зæлы музыкæ, æмæ сабитæ сæ къахфындзтыл рог дугъ кæнынц. |
| Хъусын Кокойти Агуындæ «Симды фæз» | Сабитæ хъусынц Кокойты Агуындæйы «Симды фæз»-мæ.<br>**М. р.** Цавæр зæрдæйы уаг уын ис ныртæккæ?<br>**С.** Хъæлдзæг, уæнгрог, фæнды нæ кафын.<br>**М. р.** Куыд зæлы музыкæ?<br>**С.** Хъæрæй, хъæлдзæг, тагъд.<br>**М. р.** Адæм кæд фæкафынц?<br>**С.** Бæрæгбоны, гуырæнбоны, чындзæхсæвты, куывды.<br>**М. р.** Хуызджын гæххæттытæй равзарут, уæ зæрдæйы уагмæ уын хæстæгдæр цавæртæ сты, ахæмтæ.<br>*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)* |
| **Зарын** Зарæг «Асинтæ» | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, сабитæ архайынц мелодийы рæзт уæлæмæ-дæлæмæ раст зарын, къухæй æвдисгæйæ. |
| Е. Горбин. «Уæздан зарæг» («Вежливая песенка») | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, рæзын кæны сабиты цымыдисдзинад зарæджы мидисмæ. |

| | |
|---|---|
| **Зарæг**<br>В. Кистень. «Зард æнцон æмæ æхцон у» («Петь удобно и легко») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зарæджы райдианмæ гæсгæ базоной, цавæр зарæг у, уый. Уыйфæстæ сабитæ фæлхат кæнынц зарæг, зарынц къордгæйттæй, иугæйттæй. |
| **Хъазт**<br>Цæллагты Лидæ. «Урс тæрхъустæ» | М. р. сабиты зонгæ кæны хъазты мидисимæ. Сабитæ – «тæрхъустæ» – дзуццæджы бадынц. Хъомылгæнæг зары, ,сабитæ зарæджы тексты ныхæстæм гæс-гæ змæлынц. |

М. р., хатдзæг кæнгæйæ, сабиты зæрдыл æрлæууын кæны хи дарыны æгъдæуттæ.

*18-æм ахуыр*

**Темæ: «Культурæ»**

**Ысан:**

– сабиты ахуыр кæнын музыкæмæ хъусыны æгъдауыл − иннæты куыд нæ нæ хъыгдарой, афтæ; музыкалон уацмысмæ лæмбынæг бахъусын, мелодийы рæзт æнкъарын æмæ йæ модельтæ-символтæй бæрæг кæнын. Дарддæр сабиты ахуыр кæнын хуымæтæг æрдзон хъæлæсæй зарын;

**Репертуар:** Кокойти Агуындæ. «Симды фæз».
Е. Горбин. «Уæздан зарæг» («Вежливая песенка»).
Г. Струве. «Хъæлдзæг зарæг» («Весёлая песенка»).
Н. Лысенко. «Хонгæ кафт» («Танец-приглашение»)

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ æрмæг:** музыкалон инструментты нывтæ, зил-лæччытæ – зæлты символтæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ**<br>Т. Ломова. «Хъæдуры нæмыг («Горошина») (алырдæмты дугъ). | М. р. зæгъы, цæмæй сабитæ апырх уой залы *(хъæдуртæ ныппырх сты).* Зæлы музыкæ, сабитæ къахфындзтыл рог дугъ кæнынц, кæрæдзи цæмæй ма къуырой, ууыл архайынц. |
| **Хъусын.**<br>Кокойти Агуындæ. «Симды фæз» | М. р. æрмæгæвдисæн фæйнæгыл равæры уадынгæрзты нывтæ æмæ бафæрсы:<br>– Адон цы сты?<br>**С.** Уадынгæрзтæ.<br>**М. р.** Цæмæн хъæуынц? Цы у оркестр?<br>*(Сабиты дзуæппытæ.)*<br>М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой Кокойты Агуындæйы «Симды фæз»-мæ, сæ хъус сын æрдары оркестры цагъдмæ.<br>*(Сабитæ хъусынц музыкæмæ.)*<br>**М.р.** Цы кусæн ис ацы музыкæмæ гæсгæ?<br>**С.** Кафын.<br>**М. р.** Музыкæ йæ равгмæ гæсгæ цавæр у, уый мимикæйæ равдисут. |
| **Зарын**<br>Зарæг «Асинтæ» | Сабитæ зарынц, сæ къухты змæлдæй æвдисынц мелодийы здæхт. Уыйфæстæ м. р. æрмæгæвдисæн фæйнæгыл æвдисы мелодийы графикон ныв зиллаччытæй: зулаив сæ равæры, цыма асинтыл хæрдмæ хизынц, афтæ. |
| Е. Горбин. «Уæздан зарæг» («Вежливая песенка») | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ раст æмæ сыгъдæг зарой. |

| | |
|---|---|
| Г. Струве. «Хъæлдзæг зарæг» («Веселая песенка») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зарæг йæ райдайæнмæ гæсгæ базоной æмæ йæ сæ зæрдыл æрлæууын кæной. Уыйфæстæ сабитæ зарынц иумæ, къордгæйттæй *(иннæтæ сын сæ зардæн аргъ кæнынц).* |
| **Хъазт** Цæллагты Лидæ. «Урс тæрхъустæ» | Хъазгæ-хъазын сабитæ архайынц тæрхъусы миниуджытæ æмæ змæлдтытæ равдисын.<br>I хай: сабитæ ритммæ гæсгæ æмдзæгъд кæнынц, сæ хъустæм амонгæйæ.<br>II: æмдзæгъд кæнынц.<br>III: размæ дыууæ къахыл гæппытæ кæнынц. |
| Н. Лысенко. «Хонгæ кафт» («Танец-приглашение») | М. р. зæгъы, цæмæй сабитæ музыкæмæ байхъусой æмæ сæ зæрдыл æрлæууын кæной, ацы музыкæмæ гæсгæ цавæр кафт кодтой, уый. Кæд къуылымпы кæной, уæд сын кафт сæ зæрдыл æрлæууын кæны. |

Ахуыртæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабитимæ ныффидар кæны æмбарынæдтæ «бæрзонд», «ныллæг зæл», «мелодийы къæпхæнгай (поступенное) змæлд». Зæгъы сабитæн, цæмæй уыцы змæлд сæ къухтæй равдисой.

*19-æм ахуыр*

**Темæ: «Театр»**

**Нысан:**

– сбæлвырд кæнын сабиты зонындзинæдтæ музыкæйы тыххæй: цы æвдыст вæййы зарæджы æмæ куыд? Уæрæхдæр кæнын сыгъдæг зарды диапазон, сæ бон иу сулæфтæн цыбыр хъуыдыйæдтæ азарын куыд уа, зарæджы райдайæн æмæ кæрон сæхæдæг æнæ искæй æххуысæй куыд бæрæг кæной, ууыл архайын;

– архайджыты интонацимæ гæсгæ куыд æнкъарой, уыцы

арæхстдзинæдтæ сæм рæзын кæнын;
– æмдзырд æмæ æмархайд куыд кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Кокойты Агуындæ. «Симды фæз».
Цæллагты Лидæ. «Хъызт бон».
Е. Горбин. «Уæздан зарæг» («Вежливая песенка»).
Латвиаг адæмон мелоди «Равдис-ма дæ гуккытæ».

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ æрмæг:** ныв «Зымæг».
**Райуаринаг æрмæг:** альбомы сыфтæ, зиллаччытæ *(зæлтæ-символтæ).*

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ**<br>Т. Ломова «Æмдзæгъдимæ дугъ» | Сабитæ кæрæдзийы фæстæ лæууынц æмæ се 'мдзæгъдæй фæбæрæг кæнынц такты тыхджындæр хай. Уыйфæстæ, сæ къахфындзтыл згъоргæйæ, æмдзæгъд кæнынц. |
| **Хъусын**<br>Кокойты Агуындæйы «Симды фæз» | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой «Симды фæз»-мæ æмæ зæгъой, цавæр æмæ цæуыл дзурæг музыкæ у. Сабитæ дзурынц, музыкæ кæй у хъæлдзæг, цырд, уæнгрог. Ацы музыкæмæ ис кафæн дæр.<br>**М. р.** Кæм фехъусæн ис ацы музыкæ?<br>Цал къайы фæкафы ацы музыкæмæ?<br>*(«Симд» цæмæй хицæн кæны иннæ мелодитæй, ууыл аныхас кæнын).* |
| **Зарын**<br>Зарæг «Асинтæ» | Сабитæ дих кæнынц дыууæ къордыл. Иу къорд заргæ кæны, иннæ къорд та графикон ныв кæны, ома альбомы уæле дæлæмæ равæры зиллаччытæ, мелоди куыд амоны, уымæ гæсгæ. |

| | |
|---|---|
| **Зарæг** Цæллагты Л. «Хъызт бон» | М. р. сабитæм æвдисы ныв «Зымæг» æмæ сæ зонгæ кæны зарæг «Хъызт бон»-имæ, зарæджы мидис нывимæ бæтгæйæ. |
| Е. Горбин. «Уæздан зарæг» («Вежливая песенка») | Зарæг дарддæр ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ заргæ-зарын раст улæфой æмæ хуымæтæг æрдзон хъæлæсæй зарой. |
| Латвиаг адæмон мелоди. **Кафт** «Равдис-ма дæ гуккытæ» | Сабитæ хъусынц музыкæмæ, фæбæрæг ын кæнынц йæ дыууæ хайы. Дарддæр хъомылгæнæг зæгъы, цæмæй сæхицæн къæйттæ равзарой. Зæлы музыкæ, æмæ сабитæ хъомылгæнæджы амындмæ гæсгæ змæлынц. |

Ахуыртæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. арфæ кæны сабитæн, активонæй кæй архайдтой æмæ кæрæдзийæн кæй æххуыс кодтой, уый тыххæй.

*20-æм ахуыр*

**Темæ: «Театр»**

**Нысан:**

– сабиты ахуыр кæнын музыкæ æнкъарын, йæ характер ын æмбарын æмæ уый тыххæй радзурын. Ахуыр кæнын афойнадыл зарын райдайын; райдайæнмæ байхъусыны фæстæ музыкæйы характермæ гæсгæ змæлдтытæ аивын;

– рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад, анализ кæныны арæхстдзинад;

– сæ бон фылдæр бахъуыды кæнын куыд уа, хъусгæйæ лæмбынæгдæр куыд уой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Кокойты А. «Симды фæз».

Къудухты Т. «А-лол-лай».

Е. Горбин. «Уæздан зарæг» («Вежливая песенка»).

Цæллагты Л. «Хъызт бон».

Латвиаг адæмон мелоди «Равдис-ма дæ гуккытæ».

Цæллагты Л. Хъазт «Урс тæрхъустæ».

**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ æрмæг:** «Зæрдæйыуагон театр»-æй маскæтæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** Т. Ломова «Æмдзæгъдимæ дугъ» («Бег с хлопками») | М. р. йæ цæст дары, цæмæй сабитæ рог дугъ кæной *(сабитæ згъорынц сæ къахфындзтыл)* æмæ музыкæйы ритммæ гæсгæ æмдзæгъд кæной. |
| **Хъусын** Кокойты Агуындæ. «Симды фæз», Къудухты Тамарæ. «А-лол-лай» | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой дыууæ музыкалон уацмысмæ æмæ дзы алкæцыйæн дæр йæ равг *(настроение)* сбæрæг кæной, «Зæрдæйыуагон театр»-ы символтæй пайда кæнгæйæ. Сабитæ хъусынц музыкæмæ, сбæрæг ын кæнынц йæ равг æмæ хъæугæ маскæ равзарынц *(æнкъард, хъæлдзæг)*. |
| **Зарын** Белоруссаг адæмон мелоди. Зарæг «Цæлыгæс» | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, сабитæ архайынц мелоди интонацимæ гæсгæ раст зарын. |
| **Зарæг** Цæллагты Лидæ. «Хъызт бон» | Архайын, цæмæй сабитæ заргæйæ дзырдтæ раст дзурой æмæ мелоди сыгъдæг зарой. |
| Е. Горбин. «Уæздан зарæг» («Вежливая песенка») | Архайын, цæмæй сабитæ иумæ райдайой зарын. Хъуамæ зарой иу уагыл, заргæйæ кæрæдзимæ хъусой. |
| **Кафт** «Равдис-ма дæ гуккытæ» | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной кафты райдайæн. Зæлы музыкæ, сабитæ къæйттæй æрлæууынц æмæ, музыкæйы тыхджындæр хай хицæн кæнгæйæ, змæлынц. |

| | |
|---|---|
| **Хъазт** Цæллагты Лидæ. «Урс тæрхъустæ» | Дарддæр хъазт ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ цæст дары, цæмæй сабитæ зарæджы текстмæ гæсгæ змæлой. |

Ахуыртæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. радыгай æвдисы «Зæрдæйыуагон театр»-æй маскæтæ. Сабитæ фыццаг дзурынц, уыйфæстæ æвдисынц *(мимикæйæ),* маскæйæн цы равг ис, уый.

*21-æм ахуыр*

**Темæ: «Зымæг»**

**Нысан:**

– сабитæн музыкæйы руаджы алфамбылай дунейы рæсугъддзинад æнкъарын кæнын; дарддæр сæ сыгъдæг интонацийæ зарын ахуыр кæнын; музыкæмæ гæсгæ персонажы фæлгонц æвдисын;

– рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад, сæ бон куыд уа сæ архайдæн анализ кæнын, ууыл сæ фæцалх кæнын;

– хъомыл кæнын сабитæм цымыдис æмæ уарзондзинады æнкъарæнтæ музыкæмæ.

**Репертуар:** А. Филиппенко. «Дзæнхъа зымæг» («Зимушка хрустальная»).
Цæллагты Л. «Хъызт бон».
Е. Горбин. «Уæздан зарæг» («Вежливая песенка»).
Латвиаг адæмон мелоди «Равдис-ма дæ гуккытæ».
Цæллагты Л. «Урс тæрхъустæ».

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ æрмæг:** афæдзы афоны нывтæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ.** М. Раухвергеры «Тезгъо» | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй залы «атезгъо» кæной. Зæлы музыкæ, сабитæ кæрæдзийы фæдыл, сабыр къахдзæфтæ кæнгæйæ, цæуынц –тезгъо кæнынц. |
| **Хъусын** А. Филиппенко. «Дзæнхъа зымæг» («Зимушка хрустальная») | М. р. афæдзы афонты нывтæ равæры æмæ зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой ног зарæгмæ æмæ, нывтæй зарджыты мидисмæ хæстæгдæр кæцы у, уый равзарой. Сабитæ хъусынц зарæгмæ æмæ хъæугæ ныв æвзарынц. |
| Цæллагты Л. «Хъызт бон» | Зарæг дарддæр ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ хуымæтæг, æрдзон хъæлæсæй зарой æмæ заргæзарын раст улæфой. |
| Е. Горбин. «Уæздан зарæг» («Вежливая песенка») | М. р. зæгъы сабитæн цæмæй зарæг йæ райдайæнмæ кæнæ музыкалон фразæмæ гæсгæ базоной. Сабитæ къордгæйттæй зарынц. |
| **Кафт.** Латвиаг адæмон мелоди. «Равдисма гуккытæ» | Архайын, цæмæй сабитæ, музыкæйы ивдмæ гæсгæ се змæлд ивой. |
| **Хъазт** Цæллагты Лидæ. «Урс тæрхъустæ» | Хъазт фæлхат кæнгæйæ архайын, цæмæй сабитæ, кафгæ-кафын заргæйæ, тексты ныхæстæм гæсгæ змæлой. |

М. р., хатдзæг кæнгæйæ, арфæ кæны сабитæн сæ хорз зарды тыххæй.

**Темæ: «Зымæг»**

**Нысан:**

– сабиты дарддæр ахуыр кæнын музыкæмæ хъусын, йæ мидис ын дзурын, райдайæн æмæ кæрон æнкъарын.

– рæзын кæнын сабиты зæрдылдард. Ахуыр сæ кæнын фæрстытæн æххæст æмæ раст дзуæппытæ дæттын.

– цæмæй æнæ искæй æххуысæй æххæст кæной хæслæвæрд, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** А. Филиппенко. «Дзæнхъа зымæг»
(«Зимушка хрустальная»).
Цæллагты Л. «Хъызт бон».
Г. Левдокимов. «Рæсугъд наз»
(«Ёлочка–красавица»).
Цæллагты Л. Ногбоны цæлхдымбыл кафт».
Латвиаг адæмон мелоди «Равдис-ма дæ гуккытæ».

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** М. Раухвергер. «Атезгъо кæнæм» («Погуляем») | Зæлы музыкæ, æмæ м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной, ацы музыкæмæ цавæр зæрдæйы уагимæ хъуыстой æмæ куыд змæлыдысты. Сабитæ архайынц, м. р. йæ хъус дары, цæмæй афойнадыл раст райдайой æмæ фæуой се змæлд. |
| **Хъусын** А. Филиппенко. «Дзæнхъа зымæг» («Зимушка хрустальная») | Сабитæ хъусынц зарæгмæ. Уыйфæстæ м. р. бафæрсы сабиты, цавæр зарæг у, цæуыл дзы цæуы ныхас, куыд хъуыстой зарæгмæ æмæ сæм цавæр зæрдæйы уаг сæвзæрын кодта, уый тыххæй. |

| | |
|---|---|
| **Зарын**<br>Т. Берченко. «Мит» («Снежок») | М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны, зæлтæ кæй вæййынц «бæрзонд» æмæ «ныллæг», «цыбыр» æмæ «дæргъвæтин». Сабитæ зарынц зарæг «Мит», къухтæй дæргъвæтин зæлтæ амонгæйæ. |
| **Зарæг**<br>Г. Левдокимов. «Рæсугъд наз» («Ёлочка-красавица») | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ. Гуырын сæм кæны хъæлдзæг æнкъарæнтæ, зарæджы мидисмæ сæ цымидис кæнын. |
| **Зарæг.**<br>Цæллагты Л. «Хъызт бон» | Зарæг фæлхат кæнгæйæ, м. р. архайы, цæмæй сабитæ заргæ-зарын кæрæдзимæ хъусой, иумæ райдайой æмæ фæуой зард. |
| **Кафт**<br>Латвиаг адæмон мелоди «Равдис-ма дæ гуккытæ» | М. р. зæгъы, цæмæй акафой къордгæйттæй. Сабитæй кафын кæй фæнды, уыдон æрлæууынц къæйттæй. Зæлы музыкæ, сабитæй иутæ кафынц, иннæтæ сын сæ кафтæн аргъ скæнынц. |
| Цæллагты Л. «Ног боны цæлхдымбыл кафт» | Сабитæ хъусынц музыкæмæ, сбæрæг ын кæнынц йæ характер; дарддæр м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй музыкæйы характермæ гæсгæ æрхъуыды кæной æмæ равдисой змæлдтытæ. Сабитæ архайынц. |

Ахуырæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй тезгъойы рæстæг сæ хъус æрдарой, мит уынгтæ, хæдзæрттæ æмæ бæлæстæ куыд срæсугъд æмæ саив кодта, уымæ.

*23-æм ахуыр*

**Темæ: «Зымæг»**

**Нысан:**

– рæзын кæнын сабиты зонындзинæдтæ музыкæйы нысаниуæджы тыххæй: цæмæн хъæуы æмæ цы æрцæуид, музыкæ куы нал уаид, уæд? Ахуыр сæ кæнын раст æмæ сыгъдæг интонацийæ зарын. Музыкæмæ хъусгæйæ се

змæлдтытæ цæрдæг æвдисын æмæ ивын сæ бон куыд уа, ууыл архайын. Ахуыр сæ кæнын зæлтæ æнкъарын æмæ ир-тасын;

− рæзын кæнын сабиты фæлгæнæн æмæ алфамбылай дунемæ хъусдар;

− кæрæдзийы æхсæн сын зæрдæхæлар ахастытæ куыд уа, афтæ сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** А. Филиппенко. «Буц зымæг» («Зимушка»).
В. Семёнов. (Ёгас цæуай, Митын Дада» («Здравствуй, Дед Мороз»).
Г. Левдокимов. «Рæсугъд наз» («Елочка-красавица»).
Цæллагты Л. Симгæ кафт «Ног боны цæлх дымбыл кафт» (хоровод).
Т. Ломова. «Митгæлæбуты кафт» («Танец снежинок»).

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ æрмæг:** зæлтæ сæ дæргъвæтинмæ гæсгæ фæбæрæг кæнынæн гæххæтты уадздзæгтæ (сæ уæрх − алыхуызон).

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** «Æрæмдзæгъд кæнæм» | Сабитæ цæлхдымбылæй лæууынц, зæлы музыкæ, æмæ сабитæ сæ æмдзæгъдæй ритмикон ныв æвдисынц. Музыкалон разамонæг сабиты хъус æрдары, зæлты дæргъ алыхуызон кæй у, уымæ. |
| **Хъусын** А Филиппенко. «Дзæнхъа зымæг» («Зимушка хрустальная») | **М. р.** зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой зарæгмæ. **М. р.** Уæ зардæмæ фæцыдис ацы зарæг,? Æмткæй райсгæйæ, музыкæ уарзут? Цæмæн? Цы æрцæуид, музыкæ куы нал уаид уæд? Æмæ цæмæн хъæуы музыкæ? *(Сабитæн се 'ппæты дзуæппытыл дæр æрныхас кæнын.)* |

| | |
|---|---|
| **Зарын**<br>Т. Берченко.<br>«Мит» («Снежок») | Сабитæ ахуыр кæнынц ритмикон ныв раст равдисыныл. Зарæг фæлхат кæнгæйæ, м. р. пайда кæны æрмæгæвдисæн фæйнæгæй – мелодийы ритмикон нывыл равæры, алыхуызон уадздзæгтæй пайда кæнгæйæ. |
| **Зарын**<br>В. Семёнов.<br>«Æгас цæуай, Митын Дада!» («Здравствуй, Дед-Мороз») | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, цымыдис сæ кæны зарæджы мидисмæ. |
| **Зарæг**<br>Г. Левдокимов.<br>«Рæсугъд наз» («Ёлочка-красавица») | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ раст æмæ сыгъдæг зарой. |
| Цæллагты Л.<br>Симгæ кафт «Ног боны цæлхдымбыл кафт» | М. р. зæгъы сабитæн, симгæ кафт кæй кæндзысты азы алыварс, цæмæй базоной цæлхдымбылæй змæлын. Сабитæ уæрæх зылдæй æрлæууынц æмæ хъомылгæнæджы амындмæ гæсгæ змæлынц. |
| Т. Ломова.<br>«Митгæлæбуты кафт» («Танец снежинок») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой музыкæмæ, йæ характермæ гæсгæ цавæр змæлдтытæ равдисæн ис, уый сбæрæг кæной (уæздан). Сабитæ архайынц. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной, цавæр зарæгмæ хъуыстой, уый. Цæй тыххæй у зарæг, цавæр у йæ характермæ гæсгæ.

**Темæ: «Зымæг»**

**Нысан:**

– сабиты ахуыр кæнын музыкæйы алыхуызон жанрты фыст уацмыстæ æнкъарын. Раст зарын æмæ музыкæйы характер змæлдтытæй æвдисын. Рæзын кæнын сабиты хъусдард сæ алфамбылай дунемæ, модельтæ-символтæй пайда кæныны арæхстдзинад;

– рæзын кæнын сабиты фæлгæнæн, модельтæ аразын сæ ахуыр кæнын;

– хæслæвæрд æнæ искæй æххуысæй куыд æххæст кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** А. Филиппенко. «Дзæнхъа зымæг» («Зимушка хрустальная»).
В. Семёнов. «Æгас цæуай, Митын Дада!» («Здравствуй, Дед Мороз»).
Г. Левдокимов. «Рæсугъд наз» («Ёлочка-красавица»).
Цæллагты Л. Симгæ кафт (хоровод) «Ног боны цæлхдымбыл кафт».
Т. Ломова. «Митгæлæбуты кафт» («Танец снежинок»).

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ æрмæг:** афæдзы афонты нывтæ.

**Райуаринаг æрмæг:** альбомы сыфтæ, гæххæтты уадздзæгтæ, чызджыты нымæцмæ гæсгæ – лентæтæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** Г.Левдокимов. «Æрæмдзæгъд кæнæм» («Похлопаем в ладоши») | Сабиты ахуыр кæнын зæлтæ сæ дæргъвæтинмæ гæсгæ бæрæг кæнын æмæ сæ æмдзæгъдæй æвдисын. |

| | |
|---|---|
| **Хъусын** А. Филиппенко. «Дзæнхъа зымæг» («Зимушка хрустальная») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой зонгæ зарæгмæ, сæ зæрдыл æрлæууын кæной йæ сæргонд æмæ, цæй тыххæй у, уый. Сабитæ хъусынц зарæгмæ, м. р. æрмæгæвдисæн фæйнæгыл равæры афæдзы афонты нывтæ. Сабитæ равзарынц зарæджы мидисмæ гæсгæ хъæугæ ныв. |
| **Зарын** Зарæг «Уасæгой» («Петушок»). Уырыссаг адæмон мелоди | Сабитæ дыууæ къордыл адих вæййынц. Иу къорд зары зарæг «Уасæгой», иннæ къорд та альбомы сыфтыл, модельтæсимволтæй пайда кæнгæйæ, равæры ритмикон ныв. |
| **Зарын** В. Семёнов. «Æгас цæуай, Митын Дада!» («Здравствуй, Дед Мороз»!) | Сабиты ахуыр кæнын раст æмæ сыгъдæг зарын. |
| **Зарын.** Г. Левдокимов. «Рæсугъд наз» («Ёлочка-красавица») | Зарæг семæ дарддæр ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ заргæзарын раст улæфой, тыхзард ма кæной, фæлæ хуымæтæг, æрдзон хъæлæсæй зарой. |
| Т. Ломова. «Митгæлæбуты кафт» («Танец снежинок») | Кафт ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ музыкæйы характермæ гæсгæ рогкафт кæной лентæтимæ. |
| Цæллагты Л. Симгæ кафт (хоровод) «Ног боны цæлхдымбыл кафт» | Сабитæ кафты змæлдтытæ æххæст кæнынц, м. р. йæ хъус дары, цæмæй уыцы иу уагыл змæлой. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабитæн арфæ кæны сæ активон архайды тыххæй.

*25-æм ахуыр*

**Темæ: «Зымæг»**

**Нысан:**

– сабиты ахуыр кæнын царды æцæг цаутæ кæрæдзиуыл бæттын æмæ сæ музыкалон æгъдауæй æвдисын. Раст æмæ сыгъдæг зарын мелоди, зæлтæ сæ дæргъвæтинмæ гæсгæ иртасын, музыкалон фразæтæм гæсгæ змæлдтытæ ивын, цæлхдымбылæй кафын;

– рæзын кæнын сабиты хъусдард, сæ ныхас, се змæлды координаци;

– Æмдзырд æмæ æмархайд куыд кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Д. Кабалевский. «Клоунтæ» («Клоуны»).
В. Семёнов. «Æгас цæуай, Митын Дада!» («Здравствуй, Дед Мороз»).
Цæллагты Л. «Рæсугъд наз».
Цæллагты Л. «Ног боны цæлхдымбыл кафт».
Т. Ломова. «Митгæлæбуты кафт» («Танец снежинок»).

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ æрмæг:** ныв «Клоунтæ».

**Райуаринаг æрмæг:** альбомы сыфтæ, гæххæтты уадздзæгтæ, чызджыты нымæцмæ гæсгæ – лентæтæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ.** А. Филлипенко. «Гæппытæ» («Прыжки») | Сабитæ цæлхдымбылæй лæууынц, зæлы музыкæ, æмæ сабитæ ритммæ гæсгæ æмдзæгъд кæнынц. Музыкæ фæлхат кæнгæйæ, сабитæ хъомылгæнæгимæ лæвæрд уагмæ гæсгæ гæппытæ кæнынц. |

| | |
|---|---|
| **Хъусын**<br>Д. Кабалевский. «Клоунтæ» («Клоуны») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой ног уацмысмæ цирчы артистты тыххæй. Зарæг хуыйны «Клоун». Байхъусыны фæстæ м. р. фæрсы сабиты, музыкæ йæ равгмæ гæсгæ цавæр у, уымæй. Цавæртæ вæййынц быдзæутæ?<br>Сабиты дзуæппыты фæстæ м. р. равдисы æнкъард æмæ хъæлдзæг клоунты нывтæ. |
| **Зарын**<br>Зарæг «Уасæгой». Уырыссаг адæмон мелоди | Æркæс: темæ «Зымæг», 4-æм ахуыр. |
| **Зарæг**<br>В. Семёнов. «Æгас цæуай, Митын Дада!» («Здравствуй, Дед Мороз») | Зарæг семæ дарддæр ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ заргæйæ раст улæфой, тыхзард ма кæной, фæлæ хуымæтæг, æрдзон хъæлæсæй зарой. |
| Г. Левдокимов. «Рæсугъд наз» («Ёлочка-красавица») | Сабиты ахуыр кæнын уыцы иу уагыл райдайын зарын, заргæ-зарын кæрæдзимæ хъусын. |
| Цæллагты Л. «Ног боны цæлхдымбыл кафт» | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой музыкæмæ æмæ сæ зæрдыл æрлæууын кæной кафты змæлдтытæ. Сабитæ кафынц, хъомылгæнæг йæ хъус дары сабиты архайдмæ. |
| Т. Ломова. «Митгæлæбуты кафт» («Танец снежинок») | Сабиты ахуыр кæнын кафты змæлдтытæ музыкæйы характеримæ бæттын: ритммæ гæсгæ змæлын, кафт иумæ райдайын æмæ иумæ фæуын. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. фæрсы сабиты, цавæр зарæг зарыдысты, цавæр хъазтæй хъазыдысты æмæ цавæр кафт код-

той, уымæй. Сабиты дзуæппытæм байхъусыны фæстæ скæны хатдзæг, зарджытæ æмæ кæфтытæ кæй сты æппæты уарзондæр афæдзы афон – зымæджы тыххæй.

*26-æм ахуыр*

**Темæ: «Зымæг»**
**Нысан:**

– сабиты ахуыр кæнын музыкæйы характер æмæ музыкалон уацмыстæ иртасын, модельтæ-символтæй пайда кæнын, тыгъдады ориентаци кæнын зонын, раст зарын;
– хатдзæгтæ кæныны арæхстдзинæдтæ сæм рæзын кæнын;
– цымыдис куыд кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Д. Кабалевский. «Клоунтæ» («Клоуны»).
В. Семёнов. «Ӕгас цæуай, Митын Дада!» («Здравствуй, Дед-Мороз»).
Г. Левдокимов. «Рæсугъд наз» («Ёлочка-красавица»).
Т. Ломова. «Митгæлæбуты кафт» («Танец снежинок»).
Цæллагты Л. «Урс тæрхъустæ»

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ æрмæг:** сабиты архайд *(зард, кафт æмæ змæлд)* æвдисæг карточкæтæ-символтæ.
**Райуаринаг æрмæг:** лентæтæ – чызджыты нымæцмæ гæсгæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ**<br>А. Филлипенко. «Фесхъиудтытæ» («Поскоки») | Сабитимæ иумæ архайгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй се змæлдæй равдисой музыкæйы рог, хъæлдзæг характер. |

| | |
|---|---|
| **Хъусын**<br>Д. Кабалевский. «Клоунтæ» («Клоуны») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой пьесæйæ скъуыддзагмæ æмæ, цавæр у, уый сæ зæрдыл æрлæууын кæной. Уыйфæстæ сабитæ уацмысмæ кæронмæ байхъусынц æмæ йæ м. р. æххуысæй æртæ хайыл адих кæнынц. Алы хайыл дæр лыстæг æрдзурынц. |
| **Зарын.**<br>И. Васильева. «Гакк-гуччы зарæг» («Песенка кукушки») | Сабитæ иумæ зарынц æмæ сæ къухтæй æвдисынц зæлты бæрзæнд. Уыйфæстæ м. р. зæгъы, цæмæй сабитæй исчи æрмæгæвдисæн фæйнæгыл модельтæ–символтæй равдиса зæлты бæрзæнд. |
| **Зарын**<br>В. Семёнов. «Æгас цæуай, Митын Дада!» («Здравствуй, Дед Мороз!») | Зарæг семæ дарддæр ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ иумæ зарой æмæ заргæ-зарын кæрæдзимæ хъусой. |
| **Зарын**<br>Г. Левдокимов. «Рæсугъд наз» («Ёлочка-красавица») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй базоной зарæг «Рæсугъд наз» йæ райдайæн кæнæ йæ фыццаг музыкалон фразæмæ гæсгæ. Уыйфæстæ сабитæ къордгæйттæй зарынц. |
| **Хъазт**<br>Цæллагты Л. «Урс тæрхъустæ» | Хъазт фæлхатгонд цæуы ныффидар кæныны тыххæй, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ тексты ныхæстæм гæсгæ раст архайой. |
| **Кафт** | Кафт амонгæйæ, м. р. сабиты хъус æрдары, цæмæй се змæлдтытæ музыкæйы темп æмæ характеримæ баст уой. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. æвдисы архайд *(зард, кафт),* архайд æвдисæг нывтæй сабитæ хъæугæ нывтæ æвзарынц.

**Темæ: «Зымæг»**

**Нысан:**

– сабиты ахуыр кæнын зонгæ уацмыс йæ иу скъуыддзагæй зонын, музыкæйы характерыл дзурын, уацмысы равг æнкъарын, ритммæ гæсгæ рог змæлын;

– рæзын кæнын сабиты музыкалон æнкъарынад;

– иумæйаг хъазты активонæй куыд архайой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Д. Кабалевский. «Клоунтæ» («Клоуны»).
Цæллагты А. «Хъызт бон» («День морозный»).
В. Семёнов. «Ӕгас цæуай, Митын Дада!» («Здравствуй, Дед Мороз!»).
Цæллагты А. «Ног боны цæлхдымбыл кафт» (хоровод «Новогодний»).

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ æрмæг:** Митын Дадайы нывтæ, зазы ныв, зымæгон пейзаж.

**Райуаринаг æрмæг:** кубиктæ, сабиты нымæцмæ гæсгæ – далатæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** Е. Макшанцева. «Хъæлдзæг бæхтæ» («Весёлые лошадки») | Сабитæн се ’ргом − хъомылгæнæджы ’рдæм, афтæмæй хъусынц музыкæмæ æмæ алы хайæн дæр йæ темп сбæрæг кæнынц. Музыкæйы I хаймæ сабыргай æмдзæгъд кæнынц, II хаймæ та, сæ къухтæ сæ сæрмæ, афтæмæй тагъд æмдзæгъд кæнынц. |

| | |
|---|---|
| **Хъусын**<br>Д. Кабалевский. «Клоунтæ» («Клоуны») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой уацмысмæ æмæ радзурой, клоунтæ алыхуызон кæй сты, уый музыкæ куыд равдыста. Сабитæ зæгъынц, музыкæ кæй у алыхуызон: хъæлдзæг клоуны равдисынæн – хъæрæй, уæндон музыкæ, æнкъардæн та – сабыр, нæуæндон, хъавгæ музыкæ. |
| **Зарын**<br>Т. Берченко. «Мит» («Снежок») | Заргæйæ сабитæ ахуыр кæнынц зæлтæ сæ дæргъвæтинмæ гæсгæ æнкъарын. |
| **Зарæг**<br>В. Семæнов. «Ægас цæуай, Митын Дада!» («Здравствуй, Дед-Мороз»);<br>Цæллагты Л. «Хъызт бон».<br>Г. Левдокимов. «Рæсугъд заз» («Ёлочка-красавица») | М. р. æрмæгæвдисæн фæйнæгыл равæры ног боны темæимæ баст нывтæ: Митын Дада, зымæгон пейзаж, Ног боны заз. Зæгъы сабитæн, цæмæй сæм æркæсой æмæ сæ зæрдыл æрлæууын кæной ацы нывтимæ баст зарджытæ. Уыйфæстæ сабитæ зарынц къордгæйттæй, иугæйттæй. |
| **Музыкалон-дидактикон хъазт** «Хъæрæй – сабырæй» | Сабитæ дыууæ къордыл адих вæййынц æмæ кæрæдзийы комкоммæ æрбадынц. Сабитæй иутæн сæ къухты – далатæ, иннæтæм та сæ кубиктæ.<br>М. р. дзуры, кубиктæ кæмæ ис, уыдон сабырæй кæй хойдзысты, далатæ кæмæ ис, уыдон та хъæрæй. Зæлы музыкæ, сабитæ архайынц. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. арфæ кæны сабитæн, музыкæмæ лæмбынæг кæй хъуыстой, хорз кæй зарыдысты æмæ оркестры арæхстджынæй кæй архайдтой, уый тыххæй.

**Темæ: «Зымæг»**
**Нысан:**

– сабиты ахуыр кæнын зонгæ музыкалон уацмыстæ базонын, сæ характермæ гæсгæ сæ кæрæдзиуыл абарын;
– рæзын кæнын сабиты хъусдард;
– хъазты хæслæвæрдтæ æххæст кæнгæйæ сæм хъæлдзæг, зæрдæхæлар эмоцитæ куыд æвзæра, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** А. Филиппенко. «Дзæнхъа зымæг» («Зимушка хрустальная»).
Д. Кабалевский. «Клоунтæ» («Клоуны»).
Кокойты А. «Симды фæз».

**Архайæн фæрæзтæ.**

**Цæстуынгæ æрмæг:** зымæгон пейзажтæ, клоунтæ æмæ кафæг сабиты нывтæ.

## Ахуыры нывæст

Сабитæ æрбацæуынц залмæ æмæ бандæттыл æрбадынц. М. р. æрмæгæвдисæн фæйнæгыл предметон нывтæ равæры. Сабитæ сæм æркæсынц æмæ сыл цы æвдыст цæуы, уый фæзæгъынц. М. р. зæгъы, цæмæй байхъусой музыкæмæ æмæ музыкæйы мидисмæ гæсгæ ныв равзарой.

Зæлы А. Филиппенкойы «Дзæнхъа зымæг». Сабитæ хъæугæ ныв æвзарынц æмæ радзурынц, музыкæ кæй у Ног боны тыххæй, хъæлдзæг æмæ уæнгрог зымæгон хъæзтытæ цæстытыл кæй ауайын кæны.

Дарддæр зæлы Д. Кабалевскийы уацмыс. Пьесæмæ байхъусыны фæстæ сабитæ æвзарынц хъæугæ ныв æмæ бамбарын кæнынц, музыкæ кæй у алыхарактерон æмæ кæй дзуры дыууæ клоуныл.

М. р. сабиты хъус æрдары, цы ныв ма дзы баззад, уымæ *(кафæг сабитæ)* æмæ сæ бафæрсы, сæ бон цавæр музыкæмæ у кафын, уымæй.

Сабиты дзуæппыты фæстæ байхъусынц А. Кокойты «Сим-

ды фæз»-мæ. М. р. сын амоны, уыцы музыкæмæ куыд кафын хъæуы, уый. Сабитæ кафынц.

Уыйфæстæ м. р зæгъы сабитæн, цæмæй ахъазой ирон адæмон хъазт «Чепена»-йæ.

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. бафæрсы сабиты, музыкæмæ хъусын уарзынц æви нæ, уымæй. Цавæр музыкæ цæуы сæ зæрдæмæ? Цы æрцæуид, музыкæ куы нал уаид, уæд?

*29-æм ахуыр*

**Темæ: «Зæл»** *(1-аг сахат)*
**Нысан:**

– сабиты хъус æрдарын алыхуызон зæлты дунейы хъæздыгдзинадмæ, се 'ргом сын здахын зæлты алыхуызон равзæрдмæ, тыхджын мыртæ иртасын сын амонын, сыгъдæг зинтонацийæ сæ ахуыр кæнын;
– рæзын кæнын сабиты ассоциативон хъуыдыкæнынад;
– цымыдисдзинад сæм æвзæрын кæнын.

**Репертуар:** Т. Боровик. «Ис бирæ алы зæлтæ» («Много разных звуков»). Цæллагты Л. «Хъызт бон».

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ æрмæг:** кубиктæ, хъазæн музыкалон инструменттæ *(гуымсæгтæ, далатæ (бубны).*

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** Е. Макшанцева. «Хъæлдзæг гуккытæ» («Весёлые ладошки») | М. р. зæгъы, цæмæй байхъусой музыкæмæ æмæ йын йæ алы хайы темп дæр равдисой, ома, тагъд музыкæмæ хъусгæйæ æмдзæгъд кæнынц, сæ къухтæ сæ сæрмæ, афтæмæй. Сабыр музыкæмæ хъусгæйæ та æмдзæгъд кæнынц, сæ къухтæ размæ, афтæмæй. |

| | |
|---|---|
| **Хъусын** | М. р. кæсы æмдзæвгæ:<br>*«Нæ сабитæ цы нæ зонынц!*<br>*Зæлтæ алыхуызон вæййынц.*<br>*Машинæйы уынæр – кæрты, уынджы,*<br>*Куыдзы рæйын ссыди уæртæ.*<br>*Уыдон зæлтæ не сты – хъæртæ!*<br>*Фæлæ ма вæййы æндæртæ.*<br>*Нæ кæнынц гыбар-гыбур,*<br>*Хус сыфтау сыбар-сыбур.*<br>*Уыцы зæлтæ зонынц зарын,*<br>*У сæ ном та «музыкалон».*<br>Сабитæ, сæ разы цы музыкалон инструменттæ ис, уыдонмæ кæсынц (гуымсæг, дала) æмæ сыл цæгъдынц.<br>М. р. сын дзуры, зæлты дуне хъæздыг æмæ алыхуызон кæй у, уый мах ныртæккæ бауырныдта, зæгъгæ. |
| **Зарын.**<br>Зарæг «Музыкалон айзæлд» | М. р. цæгъды æртæзæлон тоны зæлтæ уæлæмæ-дæлæмæ, сабитæ зарынц. |
| **Зарæг.**<br>Т. Боровик. «Ис бирæ алы зæлтæ» («Много разных звуков») | М. р. зонгæ кæны сабиты ног зарæгимæ, йæ мидис ын темæимæ бабæтты. |
| **Зарын.**<br>Цæллагты Л. «Хъызт бон» | М. р. зæгъы, цæмæй сабитæ райдайæн кæнæ музыкалон фразæмæ гæсгæ базоной зонгæ зарæг. Сабитæ зарынц зарæг иугæйттæй, къордгæйттæй. |

Сабитæ райсынц кубиктæ кæнæ далатæ æмæ дыууæ къордыл фæдих вæййынц. Зæлы музыкæ. М. р. сабиты хъус æрдары, музыкæ куыд ивгæ цæуы, уымæ. Музыкæ фæлхатгонд кæм цæуы, уыцы ран сабиты иу къорд *(кубиктимæ)* сабыр хойынц, иннæ къорд та *(далатимæ)* хъæрæй хойынц. Цыбыр дзырдæй, музыкæмæ гæсгæ архайынц.

Ахуырæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. зæгъы, цæмæй сабитæ равдисой, зæлланг цы предметтæ кæнынц, уыдон. Сабитæ амонынц предметтæм.

*30-æм ахуыр*

**Темæ: «Зæл»** *(2-аг сахат)*

**Нысан:**

– уæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ зæлты тыххæй, зæлты дих уынæргæнаг (шумовые) æмæ музыкалонтыл (аив). Ахуыр сæ кæнын графикон æгъдауæй мелодийы ритмикон ныв равдисын, алыхуызон тыхджын зæлтæ иртасын æмæ зарын;
– рæзын кæнын сабиты хъусдард, æнкъарынад;
– æвзæрын хъомыл сæм кæнын цымыдисдзинад.

**Репертуар:** Т. Боровик «Бирæ алы зæлтæ» («Много разных звуков»).
Е. Еремеева. «Махæн нæ кас хорз у» («Наша каша хороша»).
Эстойнаг адæмон мелоди «Кæд цæуы дæ зæрдæмæ».

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ æрмæг:** далатæ, гуымсæгтæ, металафон.

**Райуаринаг æрмæг:** кубиктæ, далатæ − сабиты нымæцмæ гæсгæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** «Галуан» («Теремок»). *(рог дугъ, уæззау санчъехтæ)* | **М. р.** Быдыры лæууыдис галуан,<br>Нæдæр бæрзонд, нæдæр ныллæг.<br>Мæнæ мыст йæ рæзты ’руайы.<br>*(Ритмикон æмдзæгъд кæны.)*<br>Равдисут, мыст куыд згъоры, уый.<br>*(Сабитæ сæ къахфындзтыл згъорынц.)*<br>**М. р.** *(дарддæр дзуры).*<br>Быдыры лæууыдис галуан,<br>Нæдæр бæрзонд, нæдæр ныллæг.<br>Мæнæ арс йæ рæзты ’руайы<br>*(Ритмикон æмдзæгъд кæны).*<br>Равдисут, арс куыд цæуы, уый.<br>*(Сабитæ арсы хуызæн уæззау къахдзæфтæ кæнынц.)* |
| **Хъусын** | **М. р.** сабиты хъус æрдары, стъолыл цы предметтæ ис, уыдонмæ.<br>**М. р.** Адон цы сты?<br>**С.** Уадынгæрзтæ музыкалон инструменттæ.<br>**М. р.** Æмæ цымæ куыд зæлынц?<br>*(Сабитæ хъистæ æмæ клавишæтыл цæгъдынц.)*<br>*Цы фехъуыстой, уый бындурыл скæнынц хатдзæг – зæлтæ вæййынц уынæргæнæг æмæ музыкалон: мелодикон, аив).* |
| **Зарын.** Зарæг «Музыкалон айзæлд» («Музыкальное эхо») | Сабитæ хъусынц зæлтæм æмæ сæ уыйфæстæ сæхæдæг афæзмын фæлварынц, «æгас нæм цу» заргæйæ. |

| | |
|---|---|
| **Зарын.** Е. Еремеева. «Махæн нæ кас хорз у» («Наша каша хороша») | М. р. зонгæ кæны сабиты ног зарæгимæ. |
| **Зарын.** Т. Боровик. «Бирæ алы зæлтæ» («Много разных звуков») | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ заргæ-зарын дзырдтæ раст æмæ сыгъдæг дзурой. |
| **Кафт.** Эстойнаг адæмон мелоди «Кæд цæуы дæ зæрдæмæ» | Сабитæ апырх вæййынц æнæхъæн залы, хъомылгæнæг афтæ æрлæууы, цæмæй йæ сабитæ иууылдæр хорз уыной. Зæлы музыкæ. Хъомылгæнæг æвдисы змæлдтытæ *(æмдзæгъд, уæрджытæ æртъуппытæ кæнын, къæхтæй æрхост.)* Сабитæ хъомылгæнæджы фæстæ змæлдтытæ фæлхат кæнынц. |
| **Хъазт** «Хъæрæй – сабырæй» *(Цавæрфæнды ирон мелоди.)* | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй уадынгæрзтæ (музыкалон инструменттæ) дыуæ къордыл фæдих кæной. Зæлы музыкæ Р – зæлы гæрзты иу къорд. Зæлы музыкæ Ф – иннæ къорд. |

Ахуырæн хатдзæг кæнгæйæ м. р. бафæрсы сабиты, цавæр уадынгæрзтæ зонынц, уымæй.

*31-æм ахуыр*

**Темæ: «Зæл»** *(3-аг сахат)*

**Нысан:**

– рæзын кæнын сабиты зонындзинæдтæ бæрзонд зæлты тыххæй, дарддæр сæ ахуыр кæнын змæлгæйæ ритмикон ныв æвдисын, раст зарын æмæ заргæ-зарын раст улæфын;

– рæзын кæнын активон хъусдард, музыкалон зæрдылдард;

– архайгæйæ æмзонд, æмдзырд куыд уой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:**

Т. Боровик. «Бирæ алы зæлтæ» («Много разных звуков»).

Е. Еремеева. «Махæн нæ кас хорз у» («Наша каша хороша»).

Эстойнаг адæмон мелоди «Кæд цæуы дæ зæрдæмæ».

**Архайæн фæрæзтæ**

Гæххæтты уадздзæгтæ, зæлты дæргъвæтинады символтæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** «Галуан» («Теремок») | **М. р.** æрмæгæвдисæн фæй-нæгыл равæры ритмикон ныв – *цыбыр зæлтæ.* – Куыд хъуыды кæнут, чи тагъд кæны галуанмæ? *(Сабиты дзуæппытæ.)* |
| | **М. р.** Арс та куыд цæуы? **С.** Сабыргай, уæззауцыд кæны (æвдисынц). М. р. Раст у, арс мæнæ афтæ цæуы. *(Равæры ритмикон ныв.)* |
| **Хъусын** Музыкалон-дидактикон хъазт «Лæмбынæг хъус» («Слушай внимательно») | М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны, алы музыкалон зæлæн дæр кæй вæййы йæхи «бæрзæнд». Уымæй хицæн кæнынц кæрæдзийæ зæлтæ. Зæгъы сабитæй искæмæн, цæмæй пианинойы клавиатурæйыл ссара бæрзонд, ныллæг æмæ рæстæмбис зæлтæ. Уыйфæстæ зæгъы, цæмæй ныр та хъазгæ акæной: ныллæг зæлтæ куы фехъусой, уæд-иу æрбадой дзуццæджы; бæрзонд зæлтæ куы фехъусой, уæд сæ къахфындзтыл слæууой; рæстæмбис зæлтæ куы фехъусой, уæд сæ бынæтты сбадой *(хъазт фæлхатгонд цæуы 2 хатты).* |

| | |
|---|---|
| **Зарын** Зарæг «Музыкалон айзæлд» («Музыкальное эхо»). | Сабитæ зарынц тоникон æртæзæлоны *(тоническое трезвучие)* зæлтæ, «Ай цы у?», «Æгас нæм цу» дзургæйæ. |
| **Зарын** Е. Еремеева. «Махæн нæ кас хорз у» («Наша каша хороша») | Зарæг ахуыр кæнгæйæ м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ раст æмæ сыгъдæг дзурой зарæджы ныхæстæ. |
| **Зарын** Т. Боровик. «Бирæ алы зæлтæ» («Много разных звуков») | Зарæг сабитимæ дарддæр ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй заргæ-зарын раст улæфой, иу уагыл зарой, тагъд дæр ма кæной æмæ фæсте дæр ма зайой. |
| **Кафт** Эстойнаг адæмон мелоди «Кæд цæуы дæ зæрдæмæ» | Кафт ахуыр кæнгæйæ, м. р. сабитæм йæ цæст дары, цæмæй кафты змæлдтытæ иумæ райдайой, кæрæдзимæ кæсой. |
| Хъазт «Хъæрæй – сабыргай» | Сабитæ дыууæ къордыл адих вæййынц, инструменттæм гæсгæ кæрæдзийы комкоммæ æрлæууынц. Хъомылгæнæг радыгай алы къордæн дæр æвдисы алыхуызон карточкæтæ. Йæхæдæг – хъæрæй, уыдон – ныллæг хъæлæсæй зарынц хæслæвæрд. |

Ахуырæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. зæгъы, цæмæй ма сабитæ иу хатт равдисой, мыст куыд згъоры æмæ арс куыд цæуы, уый. Кæронбæттæны сын арфæ ракæны, зæрдæргъæвдæй сæхи кæй равдыстой, уый тыххæй.

**Темæ: «Зæл»** *(4-æм сахат)*

**Нысан:**

– йæ характермæ гæсгæ алыхуызон музыкæ æнкъарын, музыкалон фæлгонц æмбарын, хъусгæйæ æвзарын зæлтæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ, хатын зæлты дæргъвæтинад, иу сулæфтыл цыбыр фразæтæ зарын. Сабиты ахуыр кæнын музыкæйы темпы ивын змæлдæй æвдисын;

– рæзын кæнын сабиты фæлгæнæн, сæ хъусдард;

– æвзæрын сæм кæнын музыкæмæ цымыдисдзинад.

**Репертуар:** Ирон адæмон мелоди «Зилгæ».

Т. Боровик. «Бирæ алы зæлтæ» («Много разных звуков»).

Е. Еремеева. «Махæн нæ кас хорз у» («Наша каша хороша»).

**Архайæн фæрæзтæ**

**Райуаринаг æрмæг:** сабиты нымæцмæ гæсгæ – тæлытæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** «Галуан» («Теремок») | М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны аргъауы мидис æмæ сын зæгъы, цæмæй базоной ритмикон нывмæ гæсгæ, галуанмæ фыццаг чи æрбацæудзæн – арс æви мыст. Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд, ома сбæрæг кæнынц ритмикон ныв, згъорынц сæ къахфындзтыл кæнæ уæззауцыд кæнынц. |
| **Хъусын** Ирон адæмон мелоди «Зилгæ» | М. р. зæгъы, цæмæй байхъусой мелодимæ æмæ зæгъой, ацы музыкæмæ гæсгæ цы архайæн ис, цавæр у йæ равгмæ гæсгæ, куыд зæлы – хъæрæй æви мынæг, тагъд æви сабыргай. Дзуæппыты бындурыл скæнынц хатдзæг, ацы музыкæ у хъæлдзæг ирон кафты мелоди. |

| | |
|---|---|
| **Зарын**<br>Зарæг «Цъиу æмæ йæ лæппынтæ» | М. р. *(æрмæгæвдисæн фæйнæгыл равæры 3 цъиуы нывы иу æмвæзадыл).*<br>Иу телыл бадти 3 сырддонцъиуы æмæ зарыдысты уыцы иу зарæг. Фыццаг сырддонцъиу схъыг ис зарынæй æмæ, уæлдæр цы тел уыд, уырдæм стахтис *(цъиуы уæлдæр æрæвæры).* Дыккаг сырддонцъиу та, дæлдæр цы тел уыд, уырдæм æртахт æмæ базарыд «чив-чив» *(1-аг октавæйы нотæ «ми».)*<br>Ныр та цъиутимæ иумæ азарæм æмæ бахъуыды кæнæм зарæг *(зæлы ми-соль-ля – фыццаг октавæ. Сабитæ зарынц.)* |
| **Зарын**<br>Т. Боровик. «Бирæ алы зæлтæ» («Много разных звуков») | **М. р.** зæгъы сабитæн, цæмæй зарæг йæ фыццаг хъуыдыйадæй базоной. Сабитæ зарынц, м. р. йæ хъус дары, цæмæй уæздан, сабыр зард кæной. |
| **Кафт**<br>Эстойнаг адæмон мелоди<br>«Кæд цæуы дæ зæрдæмæ» | Архайын, цæмæй сабитæ ритмикæмæ гæсгæ раст змæлой, музыкæйы характер сæ бон уа бабæттын змæлды характеримæ. |
| **Зарын**<br>Е. Еремеева.<br>«Наша каша хороша» | Дарддæр семæ зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй заргæ-зарын сабитæ  раст улæфой. |
| **Хъазт**<br>«Хъеллаугæнæг тæлытæ («Качающиеся обручи»).<br>*(Цавæрфæнды музыкæ.)* | Сабитæ къæйттæй кæрæдзийы коммæ пъолыл бадынц. Алы къаймæ дæр ис тæлы. М. р. зæгъы, цæмæй сабитæ хъусой музыкæмæ æмæ темпмæ гæсгæ тæлы дыууæрдæм хъеллау кæной: рахизæрдæм – галиуæрдæм *(музыкæйы темп ивы).* |

Ахуырæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. бафæрсы сабиты, хъазт сæ зæрдæмæ фæцыд æви нæ, æмæ сын зæгъы, цæмæй ма тезгъойы рæстæг дæр ахъазой.

*33-æм ахуыр*

**Темæ: «Уадынгæрзтæ»** («Музыкалон инструменттæ»)
**Нысан:**

– сабитимæ ныффидар кæнын уадынгæрзты æмæ, цæмæн хъæуынц, уый тыххæй зонындзинæдтæ. Ахуыр сæ кæнын раст зарын, хъусгæйæ мелодийы ивдтытæ иртасын, æмхуызонæй иумæ архайын;
– рæзын кæнын цæстуынгæ-фæлгонцадон хъуыдыкæнынад;
– хъазты руаджы æмгуыст кæнын.

**Репертуар:** Е. Еремеева. «Махæн нæ кас хорз у» («Наша каша хороша»).
Цæллагты Л. «Барæг».
Эстойнаг адæмон мелоди «Кæд цæуы дæ зæрдæмæ».
В. Гречик. «Тæрхъус цъымарайы разгъор-базгъор кодта» («Бегал заяц по болоту»).

**Архайæн фæрæзтæ:** уадынгæрзты предметон нывтæ; сабиты нымæцмæ гæсгæ – тæлытæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** *(Цавæрфæнды полькæ.)* «Уæзбын кафт» | Сабитæ бандæттыл бадынц. Музыкалон разамонæг æвдисы змæлдтытæ *(къухæй æмдзæгъд, къæхтæй æрхост)*. Сабитæ, музыкæйы темп куыд амоны, уымæ гæсгæ (куы сабыргай, куы та тагъд) фæлхат кæнынц змæлдтытæ. |
| **Хъусын.** Ирон адæмон мелоди «Зилгæ» | Музыкалон разамонæг зæгъы, цæмæй сабитæ нывты хæрхæй равзарой нывтæ. |

| | |
|---|---|
| | Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд, ома æвзарынц нывтæ æмæ, цавæртæ сты, уый дзурынц.<br>**М. р.** Цæмæн хъæуынц уадынгæрзтæ?<br>**С.** Цæмæй сыл цæгъдой.<br>**М. р.** Æмæ чи фæцæгъды музыкалон уадынгæрзтыл?<br>**С.** Музыканттæ.<br>**М. р.** Ныртæккæ байхъусдзыстæм музыкæмæ æмæ хъуамæ базонат, цавæр гæрзтыл цагътой, уый.<br>*(Зæлы «Зилгæ», сабитæ фæндыры ныв равзарынц.)* |
| **Зарын**<br>В. Герчик.<br>«Тæрхъус цъымарайы разгъор-базгъор кодта»<br>(«Бегал заяц по болоту») | Сабитæ зарынц, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сыгъдæг зарой. |
| **Зарын**<br>Цæллагты Л.<br>«Барæг» | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, цымыдис сæ кæны зарæджы мидисмæ. |
| **Зарын**<br>Е. Еремеева.<br>«Махæн нæ кас хорз у» («Наша каша хороша») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зарæг йæ райдайæнмæ гæсгæ базоной. Сабитæ зарынц къордгæйттæй, иугæйттæй. |
| **Кафт**<br>Эстойнаг адæмон мелоди<br>«Кæд цæуы дæ зæрдæмæ» | Сабитæ, куыд сæ фæнды, афтæ кафынц, сæ иу – амонæг *(ведущий)*. Музыкæмæ гæсгæ змæлдтыты бæрæгбæлвырд ивддзинæдтæ. |

| | |
|---|---|
| **Хъазт** «Хъеллаугæнæг тæлытæ» («Качающиеся обручи») | Хъазты руаджы музыкæйы темпы ивддзинæдтæ змæлдтытæй æвдисыны арæхстдзинад фидар кæнын. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабитæн арфæ кæны сæ активон архайды тыххæй.

*34-æм ахуыр*

**Темæ: «Уадынгæрзтæ»** *(2-аг сахат)*

**Нысан:**

– сабиты зонындзинæдтæ уадынгæрзты тыххæй уæрæхдæр кæнын. Ахуыр сæ кæнын къухты змæлдтытæй музыкæйы уаг æвдисын; хъазты хуызтæй пайда кæнгæйæ *(«æндах», «дымгæ»)* сæ ахуыр кæнын зарын;

– рæзын кæнын сабиты лæмбынæг хъусдард, архайын, цæмæй къæрцхъус æмæ зæрдæргъæвд уой, фæрстытæн раст дзуæппытæ дæттой;

– æвзæрын сæм кæнын музыкæмæ цымыдисдзинад.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Райуаринаг:** далатæ (бубны) æмæ дзæгъ-дзæгъгæнджытæ *(погремушки),* пианино æмæ фæндыры нывтæ.

**Репертуар:** Ирон адæмон мелоди «Зилгæ».

Гуырдзыбеты Г. «Ирон вальс».

В. Герчик. «Тæрхъус цъымарайы разгъор-базгъор кодта» («Бегал заяц по болоту»).

Цæллагты Л. «Барæг».

Т. Боровик. «Бирæ алы зæлтæ» («Много разных звуков»).

В. Шаинский. «Мидбылхудт» («Улыбка»).

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ**<br>Моргуаты Юри. «Марш» | **М. р.** Байхъусут æмæ зæгъут, ацы музыкæмæ гæсгæ цы кусæн ис?<br>*(Сабитæ хъусынц «Марш»-мæ).*<br>**С.** Ацы музыкæмæ гæсгæ æмбæлы санчъехтæ кæнын.<br>**М. р.** Æмæ кæд фæкæнынц санчъехтæ?<br>**С.** Физкультурæйы урочы, парады кæнæ, бæрæгбон куы вæййы, уæд.<br>*(Сабитæ санчъехтæ кæнынц, м. р. йæ хъус дары сабиты гуыры айстмæ.)* |
| **Хъусын**<br>Ирон адæмон мелоди «Зилгæ».<br>Гуырдзыбегты Г. «Ирон вальс» | Сабитæ раздæр хъусынц «Зилгæ»-мæ, уыйфæстæ та «Ирон вальс»-мæ.<br>**М. р.** зæгъы сабитæн, цæмæй сæ къухты змæлдæй равдисой музыкæйы характер. Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд, уыйфæстæ музыкæмæ гæсгæ уадынгæрзты нывтæ æвзарынц *(пианино, фæндыр).* |
| **Зарын**<br>В. Герчик. «Тæрхъус цъымарайы разгъор-базгъор кодта» («Бегал заяц по болоту») | Архайын, цæмæй сабитæ мелоди раст зарой. |
| **Зарæг**<br>В. Шаинский. «Мидбылхудт» («Улыбка») | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ. Зарæгмæ байхъусыны фæстæ йын йæ мидисыл æрныхас кæнын. |
| **Зарæг**<br>Цæллагты Л. «Барæг» | Зарæг семæ ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ музыкæмæ гæсгæ сыгъдæг интонациимæ зарой æмæ раст дзурой ныхæстæ. |

| | |
|---|---|
| **Кафт-хъазт**<br>Латвиаг адæмон мелоди «Къухдарæн» | Сабитæ цæлхдымбылæй кæрæдзимæ хæстæг æрлæууынц: фыццаджы къухты дала, дыккаджы къухты – дзæгъ-дзæгъгæнæг, æртыккаджы къухты – дала æмæ а.д.<br>Астæуæй лæууы хъомылгæнæг-дирижёр. Зæлы музыкæ æмæ, дзæгъ-дзæгъгæнджытæ кæмæ ис, уыцы сабитæ дирижёры амындмæ гæсгæ дзæгъ-дзæгъ кæнынц, такты алы æстæм хай фæбæрæг кæнгæйæ.Уыйфæстæ та, далатæ кæмæ ис, уыдон фæбæрæг кæнынц такты алы цыппæрæм хай. Уый фæстæ уадынгæрзтæ пъолыл æрæвæрынц æмæ рог дугъ кæнынц. Музыкæ куы фæуа, уæд сæ сисынц. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. бафæрсы сабиты, цавæр уадынгæрзтимæ базонгæ сты, кæцы дзы фæцыдис тынгдæр сæ зæрдæмæ.

*35-æм ахуыр*

**Темæ: «Уадынгæрзтæ»** *(3-аг сахат)*
**Нысан:**

– уæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ уадынгæрзты тыххæй: музыкæйы характер се змæлдæй равдисын куыд зоной; музыкæмæ гæсгæ сæ бон се змæлд аивын куыд уа;
– рæзын кæнын сабиты лæмбынæг хъусдард;
– хæслæвæрдтæ æнæ искæй æххуысæй куыд æххæст кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Р. Шуман. «Хъæбатыр бæхылбадæг» («Смелый наездник»).
В. Герчик. «Тæрхъус цъымарайы разгъор-базгъор кодта» («Бегал заяц по болоту»).
Цæллагты Л. «Барæг».

В. Шаинский. «Мидбылхудт» («Улыбка»).

Латвиаг адæмон мелоди, кафт «Къухдарæн».

**Архайæн фæрæзтæ.**

**Райуаринаг æрмæг:** тæлытæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** А. Филиппенко. «Фесхъиудтытæ» («Поскоки»). | Сабитæ цæлхдымбылæй лæууынц. М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой музыкæмæ æмæ сæ хъус æрдарой музыкæйы хъæлдзæг, уæнгрог характермæ. Уыйфæстæ сабитæ кæрæдзийы фæдыл гæппытæ кæнынц, архайынц се змæлдæй музыкæйы характер равдисын. |
| **Хъусын.** Р. Шуман. «Хъæбатыр бæхылбадæг» | **М. р.** Уадынгæрзтæ сты тынг бирæ. Абон дзурдзыстæм, арæхдæр цы уадынгарз уынут æмæ хъусут, уый тыххæй. Цымæ цавæр у уый?<br>**С.** Пианино.<br>**М. р.** Раст загътат, уый у пианино. Пианинойыл цæгъдгæйæ равдисæн ис алыхуызон зæрдæйы уаг: хъæлдзæг, æнкъард, уæздан зæлтæ равдисынц алыхуызон æнкъарæнтæ. Ныртæккæ байхъусдзыстæм музыкæмæ æмæ зæгъдзыстут, цымæ нын цы зæгъынмæ хъавы.<br>*(Зæлы Р. Шуманы «Хъæбатыр бæхылбадæг».*<br>*Кæд сабитæ къуылымпы кæной, уæд сын м. р. дзуры: «Ацы музыкæ у хъæбатыр барæджы тыххæй, уый кæдæмдæр тынг тагъд кæны, цæуылдæр тыхсы».* |

| | |
|---|---|
| **Зарын**<br>В. Герчик.<br>«Тærхъус цъы-марайы разгъор-базгъор кодта»<br>(«Бегал заяц по болоту») | Сабитæ сæ къухтæй æвдисынц ныллæг зæлтæ. |
| **Зарын**<br>В. Шаинский.<br>«Мидбылхудт»<br>(«Улыбка») | Зарæг семæ ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ сыгъдæг зарой æмæ зарæджы ныхæстæ раст дзурой. |
| **Зарын**<br>Цæллагты Л.<br>«Барæг» | Дарддæр семæ зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ раст улæфой, зарой иу уагыл. |
| **Кафт**<br>Латвиаг адæмон мелоди<br>«Къухдарæн» | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ къухтæм райсой уадынгæрзтæ (далатæ, дзæгъ-дзæгъгæнджытæ) æмæ сæ зæрдыл æрлæууын кæной, амæй размæ ахуыры цы куыстой, уый. Кæд сабитæ къуылым-пы кæной, уæд сын сæ зæрдыл æрлæууын кæны змæлдтытæ. Йæ хъус дары сабиты архайдмæ. |
| **Хъазт**<br>«Хъеллаугæнæг тæлытæ | Музыкæйы темпмæ гæсгæ сабитæ се змæлдтытæ аивынц. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабитæн сæ хорз зард æмæ раст дзуæппыты тыххæй раарфæ кæны.

*36-æм ахуыр*

**Темæ: «Уадынгæрзтæ»** (4-аг сахат)
**Нысан:**

– ахуыр кæнын музыкалон фæрæзтæ иртасын *(скъуыд-дзаг зæлд, темп, акцент),* дарддæр сын амонын бæрзонд, рæстæмбис æмæ ныллæг зæлтæ иртасын, раст интонацийæ

зарын мелоди, ахуыр сæ кæнын тыгъдады мидæг ориентаци кæнын;
– анализ кæныны арæхстдзинæдтæ сæм рæзын кæнын;
– кæрæдзимæ сын зæрдæхæлар ахаст куыд уа, афтæ сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Р. Шуман. «Хъæбатыр бæхылбадæг».
В. Шаинский. «Мидбылхудт» («Улыбка»).
Цæллагты А. «Барæг».
Е. Тиличеева. «Дзæнгæрджытæ» («Бубенчики»).

**Архайæн фæрæзтæ**

**Райуаринаг æрмæг:** уадынгæрзты предметон нывтæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ**<br>А. Филиппенко. «Фесхъиудтытæ» («Поскоки») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной змæлдтытæ. Зæлы музыкæ, сабитæ гæппытæ кæнынц, архайынц се змæлдæй музыкæйы характер равдисын. |
| **Хъусын**<br>Р. Шуман. «Хъæбатыр бæхылбадæг» | Зæлы пьесæ «Хъæбатыр бæхылбадæг».<br>**М. р.** Зæгъут-ма, цы ’вдыст цæуы музыкæйы?<br>**С.** Чидæр бæхыл фæцæуы.<br>**М. р.** Цæмæ гæсгæ йæ базыдтат?<br>**С.** Уымæн æмæ музыкæ у цырд, сæртæг, уæнгрог.<br>**М. р.** Раст загътат. Музыкæ йæ зæлтæй æвдисы барæджы уæнгрог змæлды темп, мелоди нын йæ акцентæй æвдисы бæхы къæхты хъæр.<br>*(Иу хатт ма хъусынц пьесæмæ.)* |

| | |
|---|---|
| **Зарын**<br>Зарæг<br>Е. Тиличеева<br>«Дзæнгæрджытæ»<br>(«Бубенчики») | Сабитæ зарынц, м. р. сæ бафæрсы дзæнгæрджытæ иухуызон зæлынц æви нæ. Кæд къуылымпы кæной, уæд æрмæгæвдисæн фæйнæгыл æвдисы модель-схемæ, ома йыл равæры зил-лаччытæ æмæ зæлты алыхуызон бæр-зæнд афтæмæй бацамоны. |
| **Зарын**<br>В. Шаинский.<br>«Мидбылхудт»<br>(«Улыбка») | Зарæг семæ ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ сыгъдæг дзу-рой дзырдтæ. |
| **Зарын**<br>Цæллагты Л.<br>«Барæг» | Архайын, цæмæй сабитæ, кæрæдзимæ хъусой æмæ афтæмæй иумæ зарой. |
| Латвиаг кафт.<br>Адæмон мелоди<br>«Къухдарæн» | Сабиты ахуыр кæнын, музыкæйы уаг куыд ивгæ цæуы, афтæ се змæлд дæр куыд ивой. |
| **Хъазт**<br>«Базонарз<br>(инструмент)» | М. р. сабитæн байуары уадынгæрзты нывтæ. Музыкæйы фыццаг хай: сабитæ нысангонд зылды мидæг рог дугъ кæнынц. Музыкæйы дыккаг хай: нывтæ æрæ-вæрынц пъолыл æмæ алырдæмты адугъ кæнынц. Музыкæ куы банцайы, уæд сисынц нывтæ, æмæ фæзæгъынц уадынгæрзты нæмттæ. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны, зæлтæ цавæртæ вæййынц, уый: бæрзонд æмæ ныллæг, дæргъвæтин æмæ цыбыр.

**Темæ: «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ»**

**Нысан:**

– сабиты ахуыр кæнын музыкалон уацмысты характер æмæ равг иртасын, сыгъдæг интонацийæ зарын, ритмикон ныв раст æвдисын. Дыууæхайон уацмыстæ афтæ иртасын, цæмæй сæ бон змæлдæй музыкæйы характер равдисын уа; модельтæ-символтæй пайда кæнын;

– рæзын кæнын сабиты сфæлдыстадон хъуыдыкæнынад;

– сабиты ахуыр кæнын музыкæмæ хъусыны культурæйыл (музыкалон уацмысмæ кæронмæ куыд хъусой, искæй дæр куыд нæ хъыгдарой).

**Репертуар:** Р. Шуман. «Хъæбатыр бæхылбадæг».
Д. Кабалевский. «Клоун» («Клоун»).
В. Шаинский. «Мидбылхудт» («Улыбка»).
Н. Ветлугина «Дзæнгæрджытæ» «(Бубенчики»).

**Архайæн фæрæзтæ:** модельтæ-символтæ, предметон нывтæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ**<br>Н. Колесников. «Фесхъиудтытæ («Поскоки», «Марш») | Зæлы музыкæ. М. р. æвдисы санчъехтæгæнæг æмæ кафæг сабиты нывтæ. Сабитæ, нывтæ куыд амонынц, афтæ змæлынц *(марш кæнæ гæппытæ кæнынц)*. М.р. йæ хъус дары сабиты архайдмæ. |
| **Хъусын**<br>Р. Шуман. «Хъæбатыр бæхылбадæг»<br>Д. Кабалевский. «Клоун» | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой музыкалон скъуыддзæгтæм, базоной, цавæр музыкалон уацмыстæй сты æмæ дзы алкæй мидисмæ гæсгæ дæр ныв равзарой *(нывтæ æрмæгæвдисæн фæйнæгыл)*. Сабитæ хъусынц музыкæмæ æмæ хъæугæ нывтæ æвзарынц. |

| | |
|---|---|
| **Зарын**<br>«Дзæнгæрджытæ»<br>Н. Ветлугина.<br>(«Бубенчики») | **М. р.** æрмæгæвдисæн фæйнæгыл равæры хъæбæр гæххæттæй конд дзæнгæрджытæ.<br>**М. р.** Кæцы дзæнгæрæгæн ис бæрзонддæр зæл? Ныллæгдæр зæл ис?<br>Ныр та ахъуыды кæнут æмæ зæгъут, цы дзæнгæрæг ма дзы баззад, уый кæм сæвæрдзыстæм, ууыл.<br>**С.** Бæрзонд æмæ ныллæг зæлтæ кæмæн ис, уыцы дзæнгæрджыты астæу.<br>*(Сабитæ азарынц зæлтæ алыхуызон фæткмæ гæсгæ.)* |
| **Зарын**<br>А. Филиппенко.<br>«Сахъ салдæттæ»<br>(«Бравые солдаты») | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ сыгъдæг интонацийæ зарой æмæ раст дзурой ныхæстæ. |
| **Зарын**<br>В. Шаинский<br>«Мидбылхудт»<br>(«Улыбка») | **М. р.** зæгъы сабитæн, цæмæй, цы зарæг у, уый базоной йæ райдайæнмæ гæсгæ. Уыйфæстæ сабитæ къордгæйттæй зарынц, м. р. йæ хъус дары, цæмæй раст зарой. |
| **Хъазт**<br>Н. Петров.<br>«Бæхылхъазт»<br>(«Джигитовка».) | **М. р.** æмбарын кæны хъазты мидис.<br>Сабитæ цæлхæвæрд бандæттыл æрбадынц *(бæхылбадæгау).*<br>Музыкæйы I хай: сабитæ, бандæттыл бадгæйæ, цыма бæхыл цæуынц, афтæ рог гæппытæ кæнынц.<br>Музыкæйы II хай: сыстынц бандæттæй, згъорынц уаты къуымты. Уыцы рæстæг хъомылгæнæг бандæттæй иу айсы. Музыкæ куы фенцайы, уæд та сабитæ бандæттыл бæхбадт акæнынц. Сабитæй иу æнæ «бæхæй» аззайы. Хъазгæ-хъазын хъуамæ сабитæ кæрæдзийы ма хъыгдарой. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. бафæрсы сабиты, ахуыры рæстæг сæ зæрдæмæ тынгдæр цы фæцыдис, уымæй.

*38-æм ахуыр*

**Темæ: «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ»**
**Нысан:**

– сабиты ахуыр кæнын музыкæйы аивдзинад иртасын, пьесæйы характер æнкъарын, музыкалон уацмысы формæ бæрæг кæнын, музыкæйы характер змæлдæй равдисын, бæрзонд æмæ ныллæг зæлтæ иртасын, модельтæ-схемæтæй пайда кæнын, раст, сыгъдæг зарын;
– рæзын кæнын сабиты ассоциативон хъуыдыкæнынад;
– æфсæддон дæсныйадæн аргъ куыд кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Р. Шуман. «Хъæбатыр бæхылбадæг».
Н. Ветлугина. «Дзæнгæрджытæ» («Бубенчики»).
В. Шаинский. «Мидбылхудт» («Улыбка»).
А. Филиппенко. «Сахъ салдæттæ» («Бравые солдаты»).
Н. Петров. «Бæхылхъазт» («Джигитовка»).

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ**<br>Н. Колесников. «Марш» | **М. р.** бафæрсы сабиты, салдæттау санчъехтæ кæнын зонынц æви нæ. Цавæр хъуамæ уа маршы музыкæ? Сабиты дзуæппытæм гæсгæ скæнын хатдзæг: музыкæ хъуамæ зæла хъæрæй, хъуамæ ритмикон уа.<br>Зæлы Колесниковы «Марш», сабитæ санчъехтæ кæнынц, архайынц музыкæйы характер равдисын. |

| | |
|---|---|
| **Хъусын**<br>Р. Шуман.<br>«Хъæбатыр бæхылбадæг» | **М. р.** зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой пьесæ «Хъæбатыр бæхылбадæг»-мæ.<br>**М. р.** Куыд хуыйны ацы музыкæ?<br>**С. «**Хъæбатыр бæхылбадæг».<br>**М. р.** Цы нын зæгъынмæ хъавы музыкæ? Цал хайæ арæзт у?<br>*(Иу хатт ма хъусынц пьесæмæ æмæ скæнынц хатдзæг: арæзт у æртæ хайæ.)* |
| **Зарын**<br>Н. Ветлугина.<br>«Дзæнгæрджытæ»<br>(«Бубенчики») | Сабитæ зарынц æмæ сæ къухы змæлдæй зæлты бæрзæнд æвдисынц *(динь, дон, дон).*<br>**М. р.** та æрмæгæвдисæн фæйнæгыл равæры модельтæ-схемæтæ æмæ зæгъы сабитæн, цæмæй равдисой бæрзонд, рæстæмбис æмæ ныллæг зæлтæ. |
| **Зарын**<br>А. Филиппенко.<br>«Сахъ салдæттæ»<br>(«Бравые солдаты») | **М. р.** сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, цымыдис сæ кæны зарæджы мидисмæ. |
| **Зарын**<br>В. Шаинский.<br>«Мидбылхудт»<br>(«Улыбка») | Сабиты ахуыр кæнын, цæмæй иумæ райдайой зарын æмæ заргæ-зарын кæрæдзимæ хъусой. |
| **Кафт**<br>Латвиаг адæмон мелоди «Цæлхытæ» | Сабиты ахуыр кæнын музыкæйы характермæ гæсгæ змæлын, музыкæ куыд амоны, афтæ змæлдтытæ ивын, кафын. |
| **Хъазт**<br>Н. Петров.<br>«Бæхылхъазт»<br>(«Джигитовка») | Хъазты размæ сабитæ музыкæимæ зонгæ кæнынц, сбæрæг кæнынц музыкæ æмæ змæлдтыты характер *(гæппытæ, дугъ).* |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабитæй раппæлы сæ активон змæлды тыххæй.

**Темæ: «Мады бон»**

**Нысан:**

– сабитæн рæзын кæнын сæ эмоцион æнкъарæнтæ, дарддæр сæ ахуыр кæнын сыгъдæг интонацийæ зарын, заргæ-зарын раст улæфын, тыгъдады мидæг ориентаци кæнын;

– рæзын кæнын сабиты фæлгæнæн;

– зæрдæхæлар ахаст куыд дарой кæрæдзимæ æмæ сæм коммуникативон арæхстдзинад куыд уа, сабиты афтæ сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** А. Филиппенко. «Сахъ салдæттæ» («Бравые солдаты» ).

Ю. Гурьев. «Мамæйы бон» («Мамин день»).

Моргуаты Ю. «8-æм Мартъи».

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** Н. Петров. «Цыппæрвадыгæй уад» («Прямой галоп») | Сабитæ кæрæдзийы фæдыл рæнхъæй лæууынц. Музыкæмæ гæсгæ дугъ кæнынц. Хъомылгæнæг йæ хъус дары сабиты архайдмæ *(хъуамæ сæ фæсонтæ раст дарой, сæ уæхсчытæ фæстæмæ акæнгæйæ).* |
| **Хъусын** Ю. Гурьев. «Мамæйы бон» («Мамин день») | **М. р.** бафæрсы сабиты, сæ мадæлты куыд уарзынц, уыцы æнкъарæнтæ равдисынæн цавæр музыкæ хъæуы, уымæй. **С.** Уæздан, хæлар, сабыр, рæвдаугæ. |
| **Зарын** Зарæг «Азар рæвдаугæ» («Спой ласково») | **М. р.** ацæгъды æртæ зæлы хæрдмæ-дæлæмæ æмæ зæгъы, цæмæй сæ уыдон та хъæлæсы уагæй равдисой, (заргæйæ) дзырдтæ «мамочка» æмæ «бабушка». |
| **Зарын** Моргуаты Ю. «8 -æм Мартъи» | **М. р.** сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, йæ мидис ын бабæтты ахуыры темæимæ, цымыдис кæны сабиты. |

| | |
|---|---|
| **Зарын** А. Филиппенко. «Сахъ салдæттæ» («Бравые солдаты») | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ заргæйæ раст улæфой, кæрæдзимæ хъусой. |
| **Кафт** Латвиаг адæмон мелоди «Кæд цæуы дæ зæрдæмæ» | **М. р.** зæгъы сабитæн, цæмæй кафт сæ зæрдыл æрлæууын кæной. Сабитæ байхъусынц музыкæмæ, сæ зæрдыл æрлæууын кæнынц змæлдтытæ æмæ къордгæйттæй кафынц. |
| **Хъазт** Н. Петров. «Бæхылхъазт» («Джигитовка») | **М. р.** сабиты зæрдыл æрлæууын кæны хъазты мидис æмæ йæ хъус дары сæ архайдмæ. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй ацы хъазтæй тезгъойы рæстæг дæр ахъазой.

*40-æм ахуыр*

**Темæ: «Мады бон»**

**Нысан:**

– сабиты ахуыр кæнын хъазты характер равдисын, мелоди сыгъдæг зарын, дзырдтæ раст дзурын, зæлтæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ иртасын, рæзын кæнын сабиты ритмикон змæлдтыты арæхстдзинæдтæ;

– рæзын кæнын сабиты хуызон-зæлон ассоциацитæ;

– хæслæвæрдтæ æнæ искæй æххуысæй куыд æххæст кæной, афтæ сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Ю. Гурьев. «Мамæйы бон» («Мамин день»).
Моргуаты Ю. «8-æм Мартъи».
А. Филиппенко. «Сахъ салдæттæ» («Бравые солдаты»).
Е. Тиличеева. «Дзæнгæрджытæ» («Бубенчики»).
Н. Петров. «Бæхылхъазт» («Джигитовка»).

**Архайæн фæрæзтæ:** хуызджын гæххæттытæ, хъæбæр гæххæттæй конд дзæнгæрджытæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ**<br>Н. Петров. «Цыппæрвадыгæй уад»<br>(«Прямой галоп») | Сабитæ дыууæ къордыл адих вæййынц. Иу къорд архайы, иннæ къорд та сын ритммæ гæсгæ æмдзæгъд кæны, уыйфæстæ сæ бынæттæ аивынц. |
| **Хъусын**<br>Ю. Гурьев.<br>«Мамæйы бон»<br>(«Мамин день») | *Сабитæ хъусынц зарæгмæ.*<br>**М. р.** Цæй тыххæй у ацы зарæг?<br>Цавæр у йæ равгмæ гæсгæ?<br>**С.** Рæвдаугæ, хæлар.<br>**М. р.** Цавæр у йæ хуыз ацы музыкæйæн? *(Хуызджын гæххæттытæ равæры.)*<br>**С.** *(музыкæмæ гæсгæ гæххæтт æвзарынц).* Музыкæ у рæвдауæг, уæздан, уымæ гæсгæ йæ хуыз уыдзæн фæлурс æрвхуыз *(голубой),* кæнæ фæлурс сырх *(розовый).* |
| **Зарын**<br>Е. Тиличеева.<br>«Дзæнгæрджытæ»<br>(«Бубенчики») | **М. р.** сабитæй иуы ракæны æрмæгæвдисæн фæйнæгмæ æмæ йын зæгъы, цæмæй фæйнæгыл дзæнгæрджытæ равæра. Дзæнгæрджытæ алыхуызон кæй зæлынц, уый сын сæ зæрдыл æрлæууын кæны.<br>Сывæллон æххæст кæны хæслæвæрд, кæд иунæгæй къуылымпы кæна, уæд ын иннæтæ æххуыс кæнынц. Уыйфæстæ сабитæ зарынц зарæггонд, къухæй зæлтæ æвдисгæйæ. Фæйнæджы раз чи лæууы, уыцы сывæллон амоны зæлтæм. |

| | |
|---|---|
| **Зарын**<br>Моргуаты Ю.<br>«8 -æм Мартъи» | Зарæг семæ ахуыр кæнгæйæ архайын, цæмæй сабитæ заргæ-зарын иронау сыгъдæг дзурой ныхæстæ æмæ раст улæфой. |
| **Зарæг**<br>А. Филиппенко.<br>«Сахъ салдæттæ» («Бравые солдаты») | Сабиты ахуыр кæнын уыцы иу рæстæг райдайын æмæ уыцы иу уагыл зарын. |
| **Хъазт**<br>Н. Петров.<br>«Бæхылхъазт» («Джигитовка») | Сабиты ахуыр кæнын музыкæмæ гæсгæ се змæлдтытæ ивын. |
| **Кафт.**<br>Уырыссаг адæмон мелоди.<br>«Къæйттæй кафт» («Пляска парами») | Кафт ахуыр кæныны размæ м. р. зæгъы, цæмæй уал сабитæ ахъазой (хъазт «Ссар дæ къай»).<br>Уый фæстæ сабитæ хъусынц музыкæмæ, сæ хъус æрдарынц музыкæйы характер æмæ дыууæхайон арæзтмæ. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. бафæрсы сабиты, джигит кæй схонæн ис, уымæй, æмæ сын зæгъы, цæмæй тезгъойы рæстæг ахъазой хъазт «Бæхылхъазт»-æй.

*41-æм ахуыр*

**Темæ: «Дæсныйæдты дуне»**

**Нысан:**

− сабиты ахуыр кæнын зонгæ музыкалон уацмысмæ хъусгæйæ йæ базонын; зæлтæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ иртасын.

− рæзын сæм кæнын музыкалон æнкъарæнтæ;

− сабитæм иумæ æхсызгонæй куыд архайой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Ю. Гурьев. «Мамæйы бон» («Мамин день»).
Моргуаты Ю. «8-æм Мартъи».
А. Филиппенко. «Сахъ салдæттæ» («Бравые солдаты»).

Польшæйаг адæмон мелоди «Дзабырхуыйæг».
Н. Ветлугина. «Хъеллаугæнæн» («Качели»).

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ.** Уырыссаг адæмон мелоди «Хъандзалтæ» («Пружинки») | Сабитæн се ’ргом хъомылгæнæджы ’рдæм, афтæмæй пырхæй лæууынц залы. *(Зæлы музыкæ – сабитæ дзуццæджы бадæгау æркæнынц æмæ фæстæмæ фестынц.)* **М. р.** сабиты хъус æрдары кафты музыкæйы характермæ. |
| **Хъусын** Зæлы Ю. Гурьевы зарæг «Мады бон» («Мамин день») | **М. р.** Куыд хуыйны ацы зарæг? Цæй тыххæй у? Уæ мадæлты куыд уарзут, ахæм æнкъарæнтæ дзы æвдист цæуы æви нæ? **С.** Ацы зарæг у нæ мадæлты хуызæн рæсугъд, рæвдаугæ æмæ уæздан. |
| **Зарын** Н. Ветлугина. «Хъеллугæнæн» («Качели») | Сабитæ заргæйæ æмæ хъусгæйæ сбæрæг кæнынц, зæлтæй кæцы бæрзонддæр, кæцы ныллæгдæр у, уый. Иу хатт ма зарынц æмæ къухæй æвдисынц бæрзонд æмæ ныллæг зæлтæ. |
| **Зарын** Моргуаты Ю. «8-æм Мартъи» | Сабиты ахуыр кæнын зарæг иумæ райдайын, иу уагыл зарын, кæрæдзийы зардмæ хъусгæйæ. |
| **Зарæг** А. Филиппенко. «Сахъ салдæттæ» («Бравые солдаты») | **М. р.** зæгъы сабитæн, цæмæй зарæг йæ райдайæнмæ гæсгæ базоной. Уыйфæстæ сабитæ зарынц къордгæйттæй, иугæйттæй. |

| | |
|---|---|
| Уырыссаг адæмон мелоди «Къæйттæй кафт» (Пляска парами) | Сабитæ къæйттæй лæууынц цæлхдымбылæй. Зæлы музыкæ, æмæ сабитæ хъомылгæнæджы амындмæ гæсгæ змæлынц. |
| **Хъазт.** Польшæйаг адæмон мелоди «Дзабырхуыйæг» | **М. р.** сабиты зонгæ кæны ног хъазтимæ, хъазты мидис бабæтты ахуыры темæимæ. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæхимæ сæ мадæлтæ æмæ нанатæн дæр азарой ацы зарджытæ.

*42-æм ахуыр*

**Темæ: «Дæсныйæдты дуне»**

**Нысан:**

− сабиты ахуыр кæнын зæлтæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ иртасын, музыкæ æмæ тексты ныхæстæм гæсгæ архайын, тыгъдады мидæг ориентаци кæнын;

− рæзын кæнын логикон хъуыдыкæнынады бындуртæ, модельтæ аразыны арæхстдзинадыл ахуыр кæнын.

− активон куыд уой æмæ музыкæмæ разæнгард куыд кæной, сабиты уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Л. Олиферова. «Гакк-гукк æмæ хæфс» («Кукушка и лягушка»).
Н. Ветлугина. «Хъеллаугæнæн» («Качели»).
Польшæйаг адæмон мел. «Дзабырхуыйæг».

**Архайæн фæрæзтæ**

**Райуаринаг æрмæг:** альбомы сыфтæ, зиллаччытæ − зæлты символтæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** «Пружинки» | **М. р.** зæгъы сабитæн, цæмæй къæйттæй æрлæууой. Зæлы музыкæ æмæ сабитæ, кæрæдзи къухтыл хæцгæйæ, мидбыл худгæ, æххæст кæнынц хæслæвæрд. |
| **Хъусын** М.-д./хъазт. Н. Ветлугина. «Хъеллаугæн» («Качели») | Сабитæ цæлхдымбылæй бадынц *(алкæмæ дæр ис альбомы сыф æмæ зиллаччытæ − зæлты символтæ).* Хъусынц зарæгмæ. Бæрзонд зæлтæ бæрæг кæнынц æмæ аразынц модель-схемæ: гæххæтты сыфыл зиллаччытæ − зæлты символтæ – равæрынц. |
| **Зарын** Л. Олифирова. «Гакк-гукк æмæ хæфс» («Кукушка и лягушка») | **М. р.** зары, сабитæ та зарæджы мидисмæ гæсгæ фæлхат кæнынц: «ку-ку», «ква-ква». |
| **Зарын** Моргуаты Ю. «8 -æм Мартъи» | Сабитæ къордгæйттæй зарынц, иннæтæ сын сæ зардæн аргъ кæнынц.<br>**М. р.** йæ хъус дары, цæмæй сабитæ зааргæйæ æвдисой зарæджы характер. |
| Уырыссаг адæмон мелоди «Къæйттæй кафт» («Пляска парами») | Сабиты ахуыр кæнын дыууæхайон музыкалон уацмысы формæмæ гæсгæ змæлдтытæ раст ивын. |
| **Хъазт** Полшæйаг адæмон мелоди «Дзабырхуыйæг» | Сабитæ къордæй æрлæууынц иуæрдыгæй, иннæрдыгæй сæ комкоммæ та − «дзабырхуыйæг».<br>I хай: «дзабырхуыйæг» сабитæм бацæуы.<br>II хай: сабитæ йæ размæ рацæуынц, æмæ «дзабырхуыйæг» чъылдымрдæм фæстæмæ ацæуы. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны, зæлтæ кæй вæййынц бæрзонд æмæ ныллæг.

*43-æм ахуыр*

**Темæ: «Транспорт»** *(1-аг сахат)*

**Нысан:**

− сабиты ахуыр кæнын (зарæгмæ хъусгæйæ) раст æмæ сыгъдæг зард иртасын, мелодийы здæхт æвдисын, темп ивын *(сабыргай − тагъд),* музыкæимæ иумæ се змæлд куыд райдайой æмæ куыд фæуой;

− лæмбынæг куыд хъусой æмæ цырддзаст куыд уой, ууыл сæ ахуыр кæнын;

− иумæйаг хъазты активон куыд уой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Л. Олифирова. «Гакк-гукк æмæ хæфс» («Кукушка и лягушка»).

Польшæйаг адæмон мелоди «Дзабырхуыйæг».

Н. Ветлугина. «Хъеллаугæнæн» («Качели»).

И. Клитко. «Хæдтæхджытæ» («Самолёты»).

**Архайæн фæрæзтæ:** зæлты зиллæччытæ − символтæ, райуаринаг − альбомы сыфтæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** *(цавæрфæнды полькæ)* «Бадгæ кафт» | Сабитæ бандæттыл бадынц, хъомылгæнæг æвдисы змæлдтытæ *(къухæй − къæрццытæ, къæхтæй − тъуппытæ).* Сабитæ, куы тагъд, куы та сабыргай, музыкæйы темп куыд амоны, уымæ гæсгæ фæлхат кæнынц змæлдтытæ. |

| | |
|---|---|
| **Хъусын**<br>Н. Ветлугина. Музыкалон-дидактикон хъазт «Хъеллаугæнæн» («Качели ») | Сабитæ дыууæ къордыл адих вæййынц, фыццаг къорды сабитæ зарынц æмæ æвдисынц зæлты бæрзæнд къухæй, дыккаг къорды сабитæ та зиллаччытæ æмæ альбомы сыфтæй пайда кæнгæйæ æвдисынц зæлты бæрзæнд. |
| **Зарын**<br>Л. Олифирова. «Гакк-гукк æмæ хæфс» («Кукушка и лягушка») | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, сабитæ архайынц интервал терци сыгъдæг азарыныл. |
| **Зарæг**<br>И. Клитко. «Хæдтæхджытæ» («Самолёты») | **М. р.** сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, сабиты цымыдис кæны зарæджы мидисмæ. |
| **Зарæг**<br>Л. Олиферова. «Гакк-гукк æмæ хæфс» («Кукушка и лягушка») | Сабитимæ зарæджы фыццаг хай ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сыгъдæг æмæ раст зарой. |
| Уырыссаг адæмон мелоди «Къæйттæй кафт» («Пляска парами») | Сабиты ахуыр кæнын афтæ, цæмæй-иу музыкæимæ иумæ райдайой æмæ фæуой се змæлдтытæ. |
| **Хъазт**<br>Польшæйаг адæмон мелоди «Дзабырхуыйæг» | **М. р.** зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной хъазты мидис æмæ сæхæдæг, æнæ искæй æххуысæй, раст æрлæууой. Сабитæ хъазынц, м. р. сын йæ хъус дары сæ архайдмæ. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. бафæрсы сабиты, зæлтæ цавæртæ вæййынц æмæ кæрæдзийæ цæмæй хицæн кæнынц, уый тыххæй.

**Темæ: «Транспорт»** *(2-аг сахат)*

**Нысан:**

– ахуыр кæнын сабиты музыкæ æнкъарын, музыкалон уацмыс базонын, мелоди интонацимæ гæсгæ раст зарын, музыкæйы характермæ гæсгæ змæлын;

– рæзын кæнын сабиты хъусæн зæрдылдард;

– къæрцхъус æмæ бадтфæразон куыд уой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Р. Шуман. «Хъæбатыр бæхылбадæг».
Д. Кабалевский. «Клоун» («Клоун»).
Ю. Гурьев. «Мады бон» («Мамин день»).
И. Клитко. «Хæдтæхджытæ» («Самолёты»).
В. Шаинский. «Мидбылхудт» («Улыбка»).

**Æрмæджытæ æмæ ифтонггæнæнтæ:**

**Райуаринаг æрмæг:** далатæ *(бубны),* кубиктæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ.** Е. Тиличеева. «Дзæнгæрджытæ». (Бубенчики) | М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны, музыкæ алыхуызон кæй зæлы: куы – сабыргай, куы – тагъд. Темп куыд аивы, афтæ сабитæ дæр хъуамæ се змæлд аивой. I къорд: фыццаг сабыргай, уыйфæстæ тагъддæр хойынц далатæ. II къорд: далаты сабыргай хостмæ уæздан цыд кæнынц, тагъд хостмæ та къахфындзтыл рог дугъ кæнынц. |
| **Хъусын** Р. Шуман. «Хъæбатыр барæг»; Д. Кабалевский. «Клоун»; | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй музыкалон уацмыстæ се скъуыддзæгтæм гæсгæ базоной; зæгъой, цавæртæ сты, уый. |

| | |
|---|---|
| Ю. Гурьев. «Мады бон» («Мамин день») | Алы зарæджы мидис дæр раргом кæной. |
| **Зард**<br>Л. Олифирова. «Гакк-гукк æмæ хæфс» («Кукушка и лягушка») | Сабитæ зарынц, зарæгæн йæ мидис равдисынц («ку-ку», «ква-ква» кæнынц), гакк-гукк æмæ хæфсы змæлдтытæ имитаци кæнынц. |
| **Зард**<br>И. Клитко. «Хæдтæхджытæ» («Самолёты») | Зарæг семæ ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ сыгъдæг зарой мелоди æмæ раст дзурой ныхæстæ. |
| **Зард**<br>В. Шаинский. «Мидбылхудт» («Улыбка») | Зарæг фæлхатгонд цæуы, цæмæй йæ сабитæ ныффидар кæной. Зарынц къордгай. Иннæтæ зардæн аргъ кæнынц. |
| **Кафт**<br>Латвиаг адæмон мелодии «Къухдарæн» | М. р. ацæгъды кафты мелоди æмæ зæгъы сабитæн, цæмæй кафт сæ зæрдыл æрлæууын кæной. |
| **Хъазт**<br>Польшæйаг адæмон мел. «Дзабырхуыйæг» | М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны хъазты мидис, йæ хъус дары, цæмæй раст змæлой. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабиты бафæрсы, музыкалон ахуырты тынгдæр цавæр архайды хуыз цæуы сæ зæрдæмæ, уымæй.

*45-æм ахуыр*

**Темæ: «Уалдзæг»** *(1-аг сахат)*

**Нысан:**

− музыкалон-аивадон фæлгонцты бындурыл сабитæн уæрæхдæр кæнын сæ зонындзинæдтæ уалдзæджы миниуджыты тыххæй; куыд æмбарой æмæ æнкъарой зарæгæн йæ райдайæн

дæр, йæ кæрон дæр, ууыл архайын; се змæлды координацийыл сын дарддæр кусын;

– рæзын кæнын сабиты хъусдард;

– хъомыл сæм кæнын уарзондзинад æрдзмæ.

**Репертуар:** Моргуаты Юри. «Уалдзæг».

Г. Эрнесакс. «Паровоз».

Польшæйаг адæмон мелоди «Цъиуты зард».

Ирон адæмон мелоди «Бæхылхъазт».

А. Филиппенко. «Уалдзæджы къæсæрыл» («Веснянка»).

Моргуаты Юри. «8-æм Мартъи».

**Æрмæджытæ æмæ ифтонггæнæнтæ**

**Райуаринаг æрмæг:** далатæ *(бубны),* кубики, ныв «Уалдзæг Ирыстоны».

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ**<br>Е. Тиличеева. «Сабырдæр, тынг-дæр дала цæв» («Тише, громче в бубен бей») | Сабитæ цæлхдымбылæй æрлæууынц, сæ къухты – далатæ æмæ кубиктæ. Музыкæйы темпмæ гæсгæ ахуыр кæнынц сæ архайд координаци кæнын. |
| **Хъусын**<br>Моргуаты Ю. «Уалдзæг».<br>*(Сабитæ хъусынц зарæг «Уалдзæг»-мæ)* | **М. р.** Цæй тыххæй у ацы зарæг?<br>**С.** Уалдзæджы тыххæй.<br>**М. р.** Æрдз куыд аивы уалдзæджы?<br>**С.** Хур тынгдæр тавы, бæлæсты къалиутæ фæкъуыбар сты, цъиутæ æртахтысты хъарм бæстæй.<br>**М. р.** Иу хатт ма байхъусут зарæгмæ æмæ æрбакæсут ацы нывмæ *(æрмæгæвдисæн фæйнæгыл – ныв «Уалдзæг Ирыстоны». М. р. зарæджы мидис бабæтты нывы сю-жетимæ.)* |

| | |
|---|---|
| **Зард**<br>Польшæйаг адæмон мелоди «Цъиуты зард». | Ахуыр кæнын сабиты раст интонацийæ зарын. |
| **Зарæг.**<br>Г. Эрнесакс. «Паровоз» | Зарæг амонгæйæ, м. р. ахуыр кæны сабиты уыцы иу темпыл зарын, стæй афоныл райдайын. |
| Моргуаты Ю. «8-æм Мартъи» | Зарæг фæлхатгонд цæуы, м. р. зарæджы мидис бабæтты ахуыры темæимæ. |
| **Кафт**<br>А. Филиппенко. «Уалдзæджы къæсæрыл» («Веснянка») | Сабитæ цæлхдымбылæй æрлæууынц, м. р. сын зæгъы, цæмæй байхъусой музыкæмæ æмæ сбæрæг кæной змæлдтыты характер. Кæд сабитæ къуылымпы кæной, уæд сын м. р. сæ хъус æрдары музыкæйы хъæлдзæг, уæнгрог характермæ. |
| **Хъазт.**<br>Ирон адæмон мелоди «Бæхылхъазт» . | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой зонгæ музыкæмæ, сæ зæрдыл æрлæууын кæной, ацы музыкæмæ гæсгæ цы куыстой, уый. Кæд къуылымпы кæной, уæд сын сæ зæрдыл æрлæууын кæны змæлдтыты характер æмæ фæткæвæрд. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. бафæрсы сабиты, уалдзæджы тыххæй зарæг сæ зæрдæмæ фæцыдис æви нæ, уый тыххæй.

*46-æм ахуыр*

**Темæ: «Уалдзæг»** *(2-аг сахат)*

**Нысан:**

− сабиты ахуыр кæнын музыкæ æнкъарын, йæ равг æмæ йын йе ’нкъарæнтæ иртасын.

− иумæ активонæй куыд хъазой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** Моргуаты Юри. «Уалдзæг».

А. Филиппенко. «Уалдзæджы къæсæрыл» («Веснянка»).

Г. Эрнесакс. «Паровоз».
Польшæйаг адæмон мелоди «Цъиуты зард».
Цæллагты А. «Уалдзыгон».

### Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** «Æмраст цыппæрвадыг» («Галоп») | Сабитæ зылды цæлхдымбылæй æрлæууынц. Зæлы музыкæ, сабитæ цыппæрвадыгæй рахизæрдæм рог азмæлынц. Æрлæууынц. Музыкæ ногæй куы райдайы, уæд та – галиуæрдæм. Хъомылгæнæг йæ хъус дары сабиты змæлдмæ. Сабитæ се змæлдæй хъуамæ равдисой музыкæйы характер. |
| **Хъусын** Моргуаты Юри. «Уалдзæг» | *(Сабитæ хъусынц зарæгмæ).* **М. р.** Цы зарæгмæ байхъуыстат, уый куыд хуыйны? Цавæр у йæ равгмæ гæсгæ? Цæмæн? Цæй тыххæй у зарæг? **С.** Зарæг у уалдзæджы тыххæй, уалдзæджы æрцыдыл алчидæр куыд цин кæны, уый тыххæй. |
| **Зард** Зарæггонд. Польшæйаг адæмон мелоди «Цъиуты зард» | Сабиты ахуыр кæнын раст зарын, зарын иумæ райдайын *(сабитæ зарынц æрмæстдæр базард).* |
| **Зарæг** Цæллагты Л. «Уалдзыгон» | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, цымыдис сæ кæны зарæджы мидисмæ. |
| **Зарæг** Г. Эрнесас. «Паровоз» | Зарæг фæлхатгонд цæуы, цæмæй йæ хуыздæр бахъуыды кæной æмæ йæ бахъуыды кæной. Дарддæр сабиты фæндонмæ гæсгæ зарынц къордгæйттæй, иугæйттæй. |

| | |
|---|---|
| **Цæлхдымбыл кафт**<br>А. Филиппенко. «Уалдзæджы къæсæрыл» («Веснянка») | Зæлы музыкæ, сабитæ, хъомылгæнæджы амындмæ гæсгæ змæлынц:<br>I – рог дугъ кæнынц къахы фындзтыл;<br>II – «сæ базыртæ тилынц», æвдисынц цъиуты тахт;<br>III – куы зылды астæумæ бауайынц, куы та фæстæмæ ацæуынц. Музыкæйы базардæн ритммæ гæсгæ æмдзæгъд кæнынц. |
| **Хъазт**<br>«Хъæндилтæ» | М. р. сабиты зонгæ кæны хъазты уагæвæрдимæ, хъазт бабæтты ахуыры темæ «Уалдзæг»-имæ. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабитæй раппæлы сæ активон архайды тыххæй.

*47-æм ахуыр*

**Темæ: «Уалдзæг»** *(3-аг сахат)*

**Нысан:**

− алыхуызон музыкалон уацмыстæм сæ хъусын кæнгæйæ æмæ уыдон æнкъаргæйæ сабитæн хъæздыгдæр кæнын сæ музыкæмæ хъусыны фæлтæрддзинад. Ахуыр сæ кæнын раст зарын, музыкæйы ритм æмбарын, змæлдтытæ музыкæимæ бæттын;

− рæзын кæнын сабиты сфæлдыстадон хъуыдыкæнынад;

− хæслæвæрдтæ æхххæст кæнгæйæ сæрмагондæй куыд архайой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** А. Филиппенко. «Мит тайы» («Тает снег»).

А. Филиппенко. «Уалдзæджы къæсæрыл» («Веснянка»).

Цæллагты А. «Уалдзыгон».

**Æрмæджытæ æмæ ифтонггæнæнтæ:** нывтæ «Уалдзæг», «Фæззæг».

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** «Æмраст цыппæрвадыг» «Прямой галоп» | Цыппæрвадыгæй агайгæйæ, сабитæ архайынц бæхты дугъ равдисын. |
| **Хъусын** Моргуаты Ю. «Уалдзæг» | **М. р.** Сывæллæттæ, байхъусут зарæгæй скъуыддзагмæ æмæ, цавæр зарæг у, уый зæгъут. *(Зæлы Моргуаты Юрийы «Уалдзæг»).*<br>**С.** Уалдзæг.<br>**М. р.** Уалдзæг – диссаджы рæсугъд афæдзы афон, æрдз æрыхъал вæййы йæ тарф фынæйæ, фæзынынц фыццаг дидинджытæ, цъиутæ æрбатæхынц хъарм бæстæй. Иу хатт ма байхъусут зарæгмæ æмæ зæгъут, зарæджы музыкæ нын цымæ æвдисы уалдзыгон уæнгрог æнкъарæнтæ æмæ зæрдæйы уаг, æви нæ?<br>**С.** О. Музыкæ у рæвдауæг, уæздан. |
| **Зард** Польшæйаг адæмон мелоди «Цъиуты зард» | **М. р.** зæгъы сабитæн, цæмæй нывтæй равзарой, зарæг «Уалдзæг»-мæ йæ мидисмæ гæсгæ хæстæгдæр кæцы у, уый. Сабитæ зарынц зарæг æмæ йын йæ мидис æвдисынц: фæкъордтæ вæййынц æмæ алы къорд дæр зары йæхи хай *(парти).* |
| **Зард** А. Филиппенко. «Мит тайы» («Тает снег») | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, цымыдис сæ кæны зарæджы мидисмæ. |
| Цæллагты Л. «Уалдзыгон» | Ахуыр кæнынц зарæджы ныхæстæ æд мелоди. М. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ раст æмæ сыгъдæг зарой. |

| | |
|---|---|
| **Цæлхдымбыл кафт** А. Филиппенко. «Уалдзæджы къæсæрыл» («Веснянка») | Сабиты ахуыр кæнын текстмæ гæсгæ раст змæлын. |
| **Хъазт** «Хъæндилтæ» | Хъазгæйæ сабитæ архайынц се змæлдæй зарæджы мидис равдисын. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. бафæрсы сабиты, уалдзæджы æрдзы цы ивдддзинæдтæ æрцæуы, уымæй.

*48-æм ахуыр*

**Темæ: «Уалдзæг»**
**Нысан:**

– сабиты ахуыр кæнын: музыкæмæ хъусын; музыкалон уацмыстæ æмæ сын сæ нæмттæ зонын; музыкæйы характер бæрæггæнæн символтæй пайда кæнын; æмзард кæнын.

– рæзын кæнын сабиты фæлгæнæн, сæ хъусæн æмæ ассоциативон хъуыдыкæнынад;

– хъомыл сæм кæнын зæрдæхæлар ахастытæ кæрæдзимæ.

**Репертуар:** Ю. Гурьев. «Мады бон» («Мамин день»).
Моргуаты Юри. «Уалдзæг».
А. Филиппенко. «Мит тайы» («Тает снег»).
Цæллагты А. «Уалдзыгон».
А. Филиппенко. «Уалдзæджы къæсæрыл» («Веснянка»).
Польшæйаг адæмон мелоди «Дзабырхуыйæг»

**Æрмæджытæ æмæ ифтонггæнæнтæ:** далатæ (бубны), хуызджын гæххæтты сыфтæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ.** «Тынгдæр, сабырдæр дала цæв» *(ирон кафты мелоди)* | М. р. сабитæм ратты далатæ æмæ сын зæгъы, цæмæй далаты тъупп-тъуппæй музыкæйы темп равдисой *(музыкæ зæлы куы тагъд, куы – сабыргай)*. |
| **Хъусын** Моргуаты Ю. «Уалдзæг», Ю. Гурьев. «Мады бон» («Мамин день») *(Музыкалон разамонæг зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой дыууæ зарæгмæ.)* | **М. р.** Цы ис æмхуызонæй, иумæйагæй ацы дыууæ зарæгмæ?<br>**С.** Ацы зарджытæн сæ равг æмхуызон у. Уæздан, рæвдаугæ мелодитæ; сабыр темп.<br>**М. р.** Музыкæйæн йæ хуыз та цавæр у? *(Сабиты ахуыр кæнын «терци» раст азарын).* |
| **Зард** А. Олифирова. «Хæфс æмæ гакк-гукк» («Лягушка и кукушка») | *(Сабитæ æвзарынц гæххæттытæ.)* |
| **Зард** А. Филиппенко. «Мит тайы» («Тает снег») | Зарæг ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ раст æмæ сыгъдæг зарой зарæджы мелоди æмæ ныхæстæ. |
| Цæллагты Л. «Уалдзыгон» | Сабиты ахуыр кæнын иумæ, уыцы иу темпыл зарын. |

| | |
|---|---|
| **Цæлхдымбыл кафт** А. Филиппенко. «Уалдзæджы къæсæрыл» («Веснянка») | Дарддæр сабиты ахуыр кæнын иугæйттæй кафын, змæлдтытæй æвдисын мелодийы хъæлдзæг характер. |
| Польшæйаг адæмон мелоди, хъазт «Дзабырхуыйæг» | Хъазт фæлхатгонд цæуы, цæмæй йæ сабитæ хуыздæр бахъуыды кæной. Зæлы музыкæ, м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй базоной мелоди æмæ сæ зæрдыл æрлæууын кæной архайд. |

Ахуырæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. бафæрсы сабиты, музыкалон ахуырты тынгдæр сæ зæрдæмæ цы цæуы, уымæй.

*49-æм ахуыр*

**Темæ: «Уалдзæг»**

**Нысан:**

− сабиты ахуыр кæнын инструменталон музыкæ æнкъарын, раст интонацийæ зарын, хъазты характерон архайд равдисын зонын, зæлтæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ иртасын;

− рæзын кæнын сабиты фантази æмæ сфæлдыстадон хъуыдыкæнынад;

− фидар сæм кæнын зæрдæхæлар ахастытæ кæрæдзимæ.

**Репертуар:** А. Филиппенко. «Мит тайы» («Тает снег»).
Цæллагты А. «Уалдзыгон».
В. Шаинский. «Мидбылхудт» («Улыбка»).

**Æрмæджытæ æмæ ифтонггæнæнтæ.**

**Цæстуынгæ æрмæг:** скрипкæ æмæ æндæр зонгæ уадынгæрзты нывтæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ**<br>«Сырддон» | М. р. зæгъы сабитæн, ныртæккæ кæй фестдзысты сырддоны.<br>М. р. Сырддоны цæрынц æрсытæ. Равдисут-ма, куыд цæуынц?<br>*(Сабитæ цæуынц сæ къæхты фадты мидæггаг æмæ æддаг фæрстыл.)*<br><br>Цæры ма дзы пантерæтæ – стыр хъæддаг гæдытæ.<br>*(Сабитæ кæнынц фæлмæн, хъандзаларæзт санчъехтæ.)*<br>Кæсагластæ *(цапли)*.<br>*(Сабитæ, сæ уæрджытæ бæрзонд исгæйæ, цæуынц.)* |
| **Хъусын**<br>А. Вивальди. «Уалдзæг» | *(Æрмæгæвдисæн фæйнæгыл равæры предметон нывтæ).*<br>**М. р.** Адон цы сты?<br>**С.** Уадынгæрзтæ.<br>*(Ранымайынц сæ.)*<br>**М. р.** Абон базонгæ уыдзыстæм скрипкæимæ.<br>*(Æвдисы ныв.)*<br>Скрипкæйæн ис тынг рæсугъд хъæлæс, уымæн йæ бон у алыхуызон зæрдæйы уаг равдисын æмæ радзурын. Ныртæккæ йын фехъус-дзыстæм йæ хъæлæс æмæ ахъуыды кæндзыстæм, цымæ нын цы зæгъынмæ хъавы? |

| | |
|---|---|
| | *(Зæлы магнитофоныл фыстæй А. Вивальдийы «Уалдзæг».)*<br>**М. р.** Цы нын зæгъынмæ хъавы скрипкæ?<br>*(Сабиты дзуæппытæ.)* |
| **Зард**<br>Н. Ветлугина. «Хъеллаугæнæн» («Качели») | Сабитæ зарынц, сбæрæг кæнынц, зæлтæй ныллæг æмæ бæрзонд кæцытæ сты, уый.<br>Иу хатт ма зарынц зарæг æмæ сæ къухтæй æвдисынц, зæлтæ цавæртæ сты, уый. |
| **Зарæг**<br>А. Филиппенко. «Мит тайы» («Тает снег») | Сабиты ахуыр кæнын фыццаг зæлтæ сыгъдæг азарын æмæ заргæйæ раст улæфын. |
| **Зард**<br>Цæллагты Л. «Уалдзыгон» | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй иу музыкалон фразæйæ базоной зонгæ зарæг æмæ йæ азарой иугæйттæй, къордгæйттæй.<br>Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд. |
| **Цæлхдымбыл кафт** (Хоровод).<br>В. Шаинский. «Мидбылхудт» («Улыбка») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой В. Шаинскийы зарæгмæ, сбæрæг ын кæной йæ равг, æрхъуыды йын кæной йæ равгмæ гæсгæ змæлдтытæ.<br>Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд *(уæгъдибар змæлдтытæ)*. |
| **Хъазт** «Хъæндилтæ» | Сабитæ адих вæййынц дыууæ къордыл. Иу къорд хъазы, иннæ та сын сæ архайдæн анализ æмæ аргъ скæны. |

М. р. хатдзæг скæны хъазт «Сызгъæрин кулдуар»-ы руаджы, ома сабитæ дзуапп дæттынц фæрстытæн: «Зæлтæ цавæртæ вæййынц? Цавæр уадынгæрзтæ зонут? Адæм сæ мидбылты кæд фæхудынц?»

*50-æм ахуыр*

**Темæ: «Уалдзæг»**

**Нысан:**

– сабиты ахуыр кæнын музыкæйы руаджы алфамбылай дуне хуыздæр зонын æмæ раст зарын;

– рæзын кæнын сабиты хъусдард;

– хъомыл сæм кæнын музыкæмæ уарзондзинад æмæ цымыдисдзинад.

**Репертуар:** А. Филиппенко. «Мит тайы» («Тает снег»).
А. Вивальди. «Уалдзæг».
Г. Эрнесакс. «Паровоз».
З. Левина. «Уалдзыгон тын» («Весенний лучик»).

**Æрмæджытæ æмæ ифтонггæнæнтæ:** тæлытæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** «Сырддон» | Сабитæ фæкъордтæ вæййынц, сæхæдæг байуарынц рольтæ æмæ радыгай æвдисынц се змæлдтытæ. Иу къорд – æрсытæ, иннæ – гæдытæ, æртыккаг – кæсагластæ, бабызтæ. Хъомылгæнæг сабиты архайдæн анализ кæны. |
| **Хъусын** А. Вивальди. «Уалдзæг» | М. р. зæгъы, цæмæй байхъусой А. Вивальдийы «Уалдзæг»-мæ, пьесæйы иумæйаг равг банкъарой. Сабитæ хъусыц пьесæмæ æмæ зæгъынц, цавæр у, уый *(уалдзæджы тыххæй, тынг рæсугъд музыкæ).* |

| | |
|---|---|
| **Зард**<br>З. Левин. «Уалдзыгон тын» («Весенний лучик») | Уацмысы фæрцы сабиты ахуыр кæнын мелодийы гæппытæарæзт характер раст интонацийæ азарын. |
| **Зард**<br>А. Филиппенко. «Мит тайы» («Тает снег») | Сабиты ахуыр кæнын зарæг æмхъæлæсæй иумæ райдайын æмæ йæ уыцы иу темпыл раст азарын. |
| **Зард**<br>И. Кличко. «Хæдтæхджытæ». («Самолёты») | Зарæг фæлхатгонд цæуы, цæмæй йæ хуыздæр бахъуыды кæной. |
| **Цæлхдымбыл кафт**<br>В. Шаинский. «Мидбылхудт» («Улыбка) | Сабиты ахуыр кæнын музыкалон уацмысы хæйттæ иртасын æмæ уыдонмæ гæсгæ се змæлд аивын.<br>Хъомылгæнæг йæ хъус дары, цæмæй сабитæ музыкæмæ гæсгæ раст змæлой. |
| **Хъазт**<br>«Æмдзæгъд æмæ херы» («Хлопай и качайся») | М. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны, музыкæйæн кæй вæййы алыхуызон темп *(тагъд, сабыр, хиуылхæцгæ).*<br>Ног хъазты змæлдтытæ цæмæй раст равдисай, уый тыххæй хъæуы лæмбынæг байхъусын.<br>Зæлы музыкæ, æмæ сабитæ се змæлдтытæй фæбæрæг кæнынц музыкæйы темп. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. бафæрсы: «Адæм сæ мидбылты цæмæн фæхудынц?». Зæгъы, цæмæй сабитæ кæрæдзимæ арæхдæр сæ мидбылты худой æмæ зæрдæхæлар уой.

**Темæ: «Æрдз»**
**Нысан:**

– ныффидар кæнын сабиты зонындзинæдтæ музыкалон фæрæзты тыххæй *(темп, динамикæ, регистр);* ахуыр сæ кæнын: раст интонацийæ зарын; ритммæ гæсгæ рог змæлын; музыкæйы уæнгрог характер æнкъарын;

– хъомыл сæм кæнын зæрдæхæлар ахастытæ кæрæдзимæ.

**Репертуар:** З. Левина. «Уалдзыгон тын» («Весенний лучик»).
А. Филиппенко. «Мит тайы» («Тает снег»).
В. Шаинский. «Цырцъыраджы зарæг» («Песенка про кузнечика»).
В. Шаинский. «Мидбылхудт» («Улыбка»).

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** «Сырддон» | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной, сырддоны цавæр цæрæгойтæ федтой, уый. *(Сабитæ сæ ранымайынц.)* Дарддæр музыкæмæ гæсгæ æвдисынц сырдты змæлд. Хъомылгæнæг йæ хъус дары сабиты архайдмæ. |
| **Хъусын** А. Вивальди. «Уалдзæг» | **М. р.** Байхъусут музыкæмæ, хорз æй зонут сымах. *(Зæлы А. Вивальдийы уацмыс).* **С.** Уыцы уацмыс хуыйны «Уалдзæг». **М. р.** Цавæр æнкъарæнтæ æмæ зæрдæйы уаг æвдыст цæуынц музыкæйы? **С.** Хъæлдзæг, зæрдæхæлар. |

| | |
|---|---|
| | **М. р.** Раст загътат, музыкæйæн йæ бон у алыхуызон æнкъарæнтæ æмæ зæрдæйы уаг равдисын дæр. Цавæр уадынгарз нын равдыста уыцы хъæлдзæг æнкъарæнтæ?<br>**С.** Скрипкæ. |
| **Зард**<br>З. Левина «Уалдзыгон тын» («Весенний лучик») | Сабиты дарддæр ахуыр кæнын хуымæтæг æрдзон хъæлæсæй зарын. |
| В. Шаинский. «Цъырцъыраджы зарæг». («Песенка по кузнечика») | М. р. сабиты зонгæ кæны зарæджы мидисимæ. |
| А. Филиппенко. «Мит тайы» («Тает снег») | Сабиты дарддæр ахуыр кæнын æмхъæлæсæй иумæ райдайын зарын æмæ заргæйæ кæрæдзимæ хъусын. |
| **Цæлхдымбыл кафт**<br>В. Шаинский. «Мидбылхудт» («Улыбка») | М. р. зæгъы сабитæн, адæймаджы хорз миниуджытæй æппæты хуыздæр кæй у зæрдæхæлар уæвын. В. Шаинскийы зарæг «Мид-былхудт»-имæ зонгæ сты, зарыдысты йæ. Абон та уыцы музыкæмæ гæсгæ кафгæ кæндзысты.<br>Сабитæ кафынц, се змæлдтытæй архайынц хъæл-дзæг æнкъарæнтæ равдисын. |
| **Хъазт «Æмдзæгъд æмæ херы»** | Сабиты ахуыр кæнын музыкæйы темпы ритммæ гæсгæ змæлын. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. зæгъы сабитæн, цæмæй иумæ хæларæй, уарзонæй цæрой. Хæлардзинад у адæймаджы æппæты стырдæр исбон.

**Темæ: «Æрдз»**
**Нысан:**

− сабитæн æмзард кæнын амонын. Дарддæр сæ ахуыр кæнын тыгъдады мидæг ориентаци кæнын, алыхуызон музыкæйы характер æмбарын;

− рæзын сæм кæнын анализ кæныны арæхстдзинæдтæ;

− хъазгæйæ иумæ куыд архайой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** А. Вивальди. «Уалдзæг».
В. Шаинский. «Цъырцъыраджы зарæг» («Песенка про кузнечика»).
А. Филиппенко. «Мит тайы» («Тает снег»).
В. Шаинский. «Мидбылхудт» («Улыбка»).
Цыбырты Д. «Рувас».

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** «Æндах − судзин» | Сабитæ æрхæцынц кæрæдзийы къухтыл. Хъомылгæнæг − амонæг – лæууы разæй: уый у «судзин», сабитæ та − «æндах». Музыкæмæ гæсгæ сабитæ сæ къахфындзтыл згъорынц *(рог дугъ),* къæдз-мæдзы фæндагыл уайынц *(«змейкой»).* *(Судзин кæдæм цæуа − æндах дæр уырдæм.)* |
| **Хъусын** А. Вивальди «Уалдзæг» | М. р. Ацæгъды пьесæ «Уалдзæг», æмæ йын сабитæ сæхæдæг хъуамæ сбæрæг кæной йæ равг *(зæрдæрухс, æхсызгон),* хъуамæ фехъусой скрипкæйы рæвдаугæ хъæлæс. |
| **Зард** Цыбырты Д. «Рувас» | Сабитæ, хъусгæйæ, сбæрæг кæнынц зæлты бæрзæнд æмæ йæ сæ къухты змæлдæй æвдисынц. |

| | |
|---|---|
| В. Шаинский. «Цъырцъыраджы зарæг» («Песенка про кузнечика») | Зарæг семæ ахуыр кæнгæйæ, м. р. уыцы иу рæстæг ахуыр кæны сабиты зарæджы мелоди æмæ ныхæстæ раст æмæ сыгъдæг зарын. |
| А. Филиппенко. «Мит тайы» («Тает снег») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зарæг базоной йæ фыццаг фразæйæ, йæ райдайæнæй. Дарддæр сабитæ къордгæйттæй зарынц. |
| **Цæлхдымбыл кафт** В. Шаинский. «Мидбылхудт» («Улыбка») | Сабитæ хицæнтæй æвдисынц кафты змæлдтытæ, се змæлдæй архайынц музыкæйы хъæлдзæг характер равдисын. |
| **Хъазт** «Æмдзæгъд æмæ херы» | М. р. зæгъы, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууын кæной хъазты мидис æмæ сæхæдæг, алчи дæр йæ кафæг æмбалимæ иумæ, равдисой змæлдтытæ. |

Ахуырæн хатдзæг скæны хъазт «Сызгъæрин кулдуар»-ы руаджы: залæй æддæмæ хизгæйæ хъуамæ алчидæр дзуапп ратта фæрстытæн: «Цы уацмыстæм байхъуыстай, уыдон куыд хуыйнынц? Чи сын ныффыста музыкæ? Зæлтæ цавæртæ вæййынц?»

*53-æм ахуыр*

**Темæ: «Хорз æмæ фыд»** («Добро и зло»)

**Нысан:**

− музыкæйы сфæлдыстадон-аивадон мидис æмбарын, дæргъвæтин æмæ цыбыр зæлты тыххæй зонындзинæдтæ уæрæхдæр кæнын, тыгъдады мидæг ориентаци кæнын æмæ цæрдæг, къæрцхъус уæвын;

− рæзын кæнын сабиты хуызон-зæлон (цвето-звуковые) ассоциацитæ;

− сабиты æхсæн фидар кæнын хæлардзинад æмæ æмбалдзинад.

**Репертуар:** Б. Савельев. «Ды хæларзæрдæ куы уай» («««Если добрый ты»).

В. Шаинский. «Цъырцъыраджы зарæг» («Песенка про кузнечика»).
Цыбырты Д. «Рувас».
Н. Ветлугина. «Сырхгуцца æмæ Цъæх бирæгъ» («Красная шапочка и Серый волк»).

**Æрмæджытæ æмæ ифтонггæнæнтæ:** хуызджын гæххæтты сыфтæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** «Æндах – судзин» | Сабитæ иу рæнхъыл лæугæйæ кæрæдзийы къухтыл æрхæцынц. Музыкæмæ гæсгæ къахфындзтыл згъорынц кæрæдзийы фæдыл, сæ къухтæ нæ уæгъд кæнынц, афтæмæй. |
| **Хъусын** Н. Ветлугина. «Сырхгуцца æмæ Цъæх бирæгъ» (Красная шапочка и Серый волк») | **М. р.** Уе 'ппæт дæр хорз зонут аргъау «Красная шапочка». Лæмбынæг байхъусут зарæджы музыкæмæ æмæ сбæрæг кæнут, кæцы ран æвдыст цæуы хъæлдзæг, хæларзæрдæ чызг, æмæ кæцы ран æвдыст цæуы Цъæх бирæгъ. *(Сабитæ сæ дзуæппытæ хъуамæ бамбарын кæной.)* Дарддæр м. р. зæгъы, цæмæй музыкæйы хорз æмæ знæт характер хуызтæй фæбæрæг кæной. |
| **Зард.** Цыбырты Д. «Рувас» | Заргæйæ сабитæ архайынц зæлтæ раст азарын. |
| **Зард** Б. Савельев. «Ды хæларзæрдæ куы уай» («Если добрый ты») | Сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, зарæджы мидис бабæтты ахуыры темæимæ. |

| | |
|---|---|
| В. Шаинский. «Цъырцъыраджы зарæг» («Песенка про кузнечика) | Сабиты ахуыр кæнын зæлтæ сыгъдæг зарын æмæ цыбыр фразæты ’хсæн раст улæфын. |
| **Кафт** Украинаг адæмон мелоди «Æртъупп æрæзмæлд» | М. р. сабиты зонгæ кæны ног уацмысимæ, сбæрæг ын кæны йæ дыуу æ хайы. Равдисы сабитæн кафты змæлдтытæ æмæ сæ семæ ахуыр кæны. |
| Хъазт «Хъæндилтæ» | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй музыкалон скъуыддзагмæ гæсгæ базоной хъазт. Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд, м. р. сын сæ архайдæн анализ кæны. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. арфæ кæны сабитæн сæ активон архайды тыххæй. Зæгъы сын, цæмæй тезгъойы рæстæг дæр ахъазой «Хъæндилтæ»-й.

*54-æм ахуыр*

**Темæ: «Хорз æмæ фыд»**

**Нысан:**

− сабиты ахуыр кæнын музыкæйы руаджы алфамбылай дуне хуыздæр æнкъарын, сыгъдæг интонацийæ зарын, змæлгæйæ музыкæйы характер æвдисын;

− рæзын кæнын сабиты тыгъдадон хъуыдыкæнынад;

− алчи сæ йæ кафæг æмбалимæ иумæ раст куыд кафа, афтæ сын амонын.

**Репертуар:** Н. Ветлугина. «Сырх уцца æмæ Цъæх бирæгъ» («Красная шапочка и Серый волк»).
Цыбырты Д. «Рувас».
Б. Савельев. «Ды хæларзæрдæ куы уай» («Если добрый ты»).
В. Шаинский. «Цъырцъыраджы зарæг» («Песенка про кузнечика»)
Ф. Флотов. «Куырмæрсытæй хъазт» («Жмурки»).

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** «Къуыбылой» | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй æрбакъæдз кæной сæ цæнгтæ, æрбатымбыл кæной се ’нгуылдзтæ æмæ, цыма къуыбылой тухынц, ахæм змæлд равдисой *(сабитæ архайынц змæлдтытæ музыкæмæ гæсгæ фæлхат кæнын).* |
| **Хъусын** Н. Ветлугина. «Сырх гуцца æмæ Цъæх бирæгъ» («Красная шапочка и Серый волк») | *(Сабитæ хъусынц музыкæмæ).* **М. р.** Цæй тыххæй у ацы музыкæ? **С.** Гыццыл чызг цин кæны: хъæлдзæгæй фæцæуы йæ нанамæ. **М. р.** Музыкæ чызджы тыххæй у, уый цæмæ гæсгæ базыдтат? **С.** Музыкæ у хъæлдзæг, уæнгрог. *(Зæлы æндæр хай.)* **С.** Ацы музыкæ та у знæт бирæгъы тыххæй, уымæн æмæ у тасæфтауæг. **М. р.** Музыкæйæн ис йæхи æвзаг, мах уыцы æвзаг куы бамбарæм, уæд базондзыстæм бирæ ног цымыдисаг хабæрттæ. |
| **Зард** Цыбырты Д. «Рувас» | Сабиты ахуыр кæнын æрдзон хъæлæсæй зарын. |
| Б. Савельев. «Ды хæларзæрдæ куы уай» («Если добрый ты») | Сабиты ахуыр кæнын зарæг иумæ æмхъæлæсæй райдайын æмæ йæ иу темпыл зарын. |
| **Кафт** Украинаг адæмон мелоди «Æртъуппæрæмдзæгъд» | Кафт амонгæйæ-сабиты ахуыр кæнын музыкæмæ хъусын æмæ йын йæ ритм змæлдтытæй æвдисын *(ритммæ гæсгæ æмдзæгъд кæнын, къахфындзтыл зилдух кæнын).* |

| | |
|---|---|
| **Хъазт**<br>Ф. Флотов. «Куырмæрсытæй хъазт» («Жмурки») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй ног хъазтæй ахъазой. Зæлы музыкæ. Сабитæ сбæрæг кæнынц музыкæйы хæйтты характер: фыццаг хайы сабыр, хъавгæ азæлд; дыккаг хайы хъæлдзæг равг.<br>Дарддæр сын зæгъы, цæмæй алы хайæн дæр йæ характермæ гæсгæ змæлдтытæ æрхъуыды кæной. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. бафæрсы сабиты, музыкалон ахуырты фылдæр сæ зæрдæмæ цы цæуы: зарын, кафын, музыкæмæ хъусын? Цæмæн?

*55-æм ахуыр*

**Темæ: «Цæхъ» («ОБЖ»)** *(1-аг сахат)*

**Нысан:**

– сабиты зонгæ кæнын уадынгæрзты *(флейтæ, кларнет)* змæлдимæ, ахуыр сæ кæнын музыкæйы равг æнкъарын, змæлдтыты темп фæтагъддæр æмæ фæсабырдæр кæнын зонын, змæлдтыты характер музыкæйы характеримæ æмиу кæнын;

– рæзын кæнын сабиты хъусдард;

– зонындзинæдтæ райсынмæ куыд тырной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** С. Прокофьев. «Петя æмæ бирæгъ» («Петя и волк»).

Цыбырты Д. «Рувас».

Б. Савельев. «Ды хæларзæрдæ куы уай» («Если добрый ты»).

Н. Петрова. «Песенка про светофор».

Ф. Флотов. «Куырмæрсытæй хъазт». («Жмурки»).

**Æрмæджытæ æмæ ифтонггæнæнтæ:** флейтæ æмæ кларнеты нывтæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| | Сабитæ музыкæмæ лæмбынæг хъусынц, афтæмæй æххæст кæнынц фæлтæрæн. Музыкæйы темп куы фæтагъддæр вæййы, куы − фæсабырдæр. Сабитæ музыкæйы характер се змæлдæй фæбæрæг кæнынц. |
| **Хъусын**<br>С. Прокофьев. «Петя æмæ бирæгъ» («Петя и волк») | **М. р.** Сывæллæттæ, аргъæуттæ уарзут? Абон байхъусдзыстæм музыкалон аргъаумæ. Аргъауы архайджыты тыххæй нын дзурдзысты алыхуызон уадынгæрзтæ. *(Аргъауы мидисимæ сабитæ раздæр базонгæ сты.)* Цъиуы тыххæй нын радзурдзæн флейтæ *(æвдисы ныв)*. Флейтæйæн ис рæсуг, райдзаст хъæлæс *(зæлы музыкæ)*. Гæды цъиуыл цуан кæны. Гæдыйы тыххæй та нын радзурдзæн кларнет *(æвдисы ныв)*. Музыкæйы зæлтæм банкъарæн ис гæдыйы хъавгæ, фæлмæн къахдзæфтæ. Равдисут, гæды куыд цæуы, уый *(сабитæ æвдисынц гæдыйы цыд.)*. Цъиу та? *(Сабитæ æвдисынц цъикы цыд)* Ныр та байхъусут Петяйы тыххæй музыкæмæ *(зæлы музыкæ)*. Цавæр у?<br>**С.** Хъæлдзæг.<br>**М. р.** Петя куыд цæуы, уый равдисут. *(Сабитæ æвдисынц.)*<br>Уадынгæрзты руаджы мах базонгæ стæм аргъауы архайджытимæ хæстæгдæр. |
| **Зард**<br>Цыбырты Д. «Рувас» | Сабиты дарддæр ахуыр кæнын зарæг раст интонацийæ зарын. |

| | |
|---|---|
| Б. Савельев. «Ды хæларзæрдæ куы уай» («Если добрый ты») | Зарæг семæ ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ заргæ-зарын раст улæфой æмæ кæрæдзимæ хъусой. |
| Н. Петрова. «Светофоры зарæг» («Песенка про светофор») | М. р. сабиты зонгæ кæны ног зарæгимæ, йæ мидис ын бабæтты ахуыры темæимæ. |
| **Хъазт** Ф. Флотов. «Куырмæрсытæй хъазт» («Жмурки») | Зæлы хъазты музыкæ, сабитæ йæ базонынц æмæ, куыд хуыйны, уый зæгъынц. Сæ зæрдыл æрлæууын кæнынц музыкæйы алы хайы змæлдтытæ. Хъазт фæлхатгонд цæуы 2–3 хатты. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабиты зæрдыл æрлæууын кæны уынгты змæлды уагæвæрдтæ *(правила дорожного движения).*

*56-æм ахуыр*

**Темæ: «Цæхъ»** («ОБЖ») *(2-аг сахат)*

**Нысан:**

– алыхуызон музыкæйы характер æмбарын; дарддæр зонгæ кæнын уадынгæрзтимæ (гобой, фагот); музыкалон фæлгонц æнкъарын; ритммæ гæсгæ рог змæлын;

– рæзын кæнын сабиты фæлгæнæн, сфæлдыстадон хъуыдыкæнынад;

– коллективон архайды арæхстдзинæдтæ сæм хъомыл кæнын.

**Репертуар:** О. Громова. «Музыканттæ-къогъотæ» («Комары-музыканты»).
С. Прокофьев. «Петя æмæ бирæгъ» («Петя и волк»).
Б. Савельев. «Ды хæларзæрдæ куы уай» («Если добрый ты»).

**Æрмæджытæ æмæ ифтонггæнæнтæ:** уадынгæрзты нывтæ.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** Уырыссаг адæмон мелоди «Æртъуппытæ» («Притопы») | Сабитæ хъусынц музыкæмæ, раст лæугæйæ иугай къæхтæй тъуппытæ кæнынц. Музыкæмæ гæсгæ къæхтæ аивынц. |
| **Хъусын** С. Прокофьев. «Петя æмæ бирæгъ» («Петя и волк») | **М. р.** Абон дарддæр зонгæ кæндзыстæм аргъау «Петя æмæ бирæгъ»-ы архайджытимæ. Бабызы тыххæй нын радзурдзæн гобой *(æвдисы ныв). (Зæлы музыкæ, сабитæ музыкалон хайæн анализ кæнынц.)*<br>**С.** Музыкæйы раиртасæн ис бабызы уаст, зæронд лæджы хъуыр-хъуыр.<br>**М. р.** Фаготæн та ис бæзджын, ныллæг хъæлæс. *(Зæлы музыкæ, бирæгъы лейтмотив.)* Кæй тыххæй у музыкæ, цавæр у?<br>**С.** Музыкæ у тæссаг, æрхæндæг – знæт бирæгъы тыххæй.<br>**М. р.** *(зæлы цуанонты лейтмотив.)* Ацы музыкæ та у цуанонты тыххæй. Куыд уæм кæсы, цавæртæ сты цуанонтæ?<br>**С.** Уæндон æмæ хъæбатыр, уыдон нæ тæрсынц бирæгъæй.<br>*(М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй се змæлдæй равдисой архайджыты фæлгонцтæ.)* |
| **Зард** О. Громова. «Музыканттæ - къогъотæ» («Музыканты-комары») | Зарæггонд ахуыр кæнгæйæ, сабитæ архайынц зæлтæ раст азарын. |

| | |
|---|---|
| Н. Петров. («Светофоры зарæг») «Песенка про светофор» | Зарæг семæ ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ зарæджы мелоди æмæ ныхæстæ раст æмæ сыгъдæг зарой. |
| Украинаг адæмон мелоди. Кафт «Æртъуппæрæзмæлд» | Ахуыр сæ кæнын музыкæйы кафты характер уæнгрог змæлдæй равдисын. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. бафæрсы сабиты: «Цæмæн хъæуынц уадынгæрзтæ, чи сыл фæцæгъды?»

*57-æм ахуыр*

**Темæ: «Сæрд»**

**Нысан:**

– ахуыр кæнын сабиты: музыкалон фæрæзтæ иртасын, музыкæйы характер змæлдтытæй равдисын. Дарддæр сæ ахуыр кæнын сыгъдæг интонацийæ зарын;

– музыкæйы руаджы алфамбылай дуне хуыздæр æнкъарын;

– æнæ искæй æххуысæй хæслæвæрдтæ куыд æххæст кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** О. Громова. «Музыканттæ-къогъотæ» («Комары-музыканты»).

Б. Савельев. «Петя æмæ бирæгъ» («Петя и волк»).

Н. Петров. «Светофоры зарæг» («Песенка про светофор»).

Ф. Флотов. «Куырмæрсытæй хъазт» («Жмурки»).

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ**<br>Уырыссаг адæмон мелоди «Æртъуппытæ» («Притопы») | Сабитæ, фæлтæрæнтæ æххæст кæнгæйæ, ахуыр кæнынц музыкæмæ хъусын æмæ се змæлдтытæ æмиу кæнын музыкæимæ (темп æмæ ритм хъахъхъæнын). |

| | |
|---|---|
| **Хъусын** С. Прокофьев. «Петя æмæ бирæгъ» («Петя и волк») | М. р. зæгъы, цæмæй байхъусой аргъауы архайджыты миниуджытæ æвдисæг музыкалон хæйттæм, зæгъой сæ æмæ сæ се 'змæлдæй равдисой. |
| **Зард** О. Громова. «Музыканттæ-къогъотæ» («Комары-музыканты») | Сабитæ ахуыр кæнынц хуымæтæг æрдзон хъæлæсæй зарын. |
| **Зард** Г. Струве. «Ægac цу, сæрд!» («Здравствуй, лето!») | М. р. зонгæ кæны сабиты ног зарæгимæ, цымыдис сæ кæны зарæджы мидисмæ. |
| Н. Петров. «Светофоры зарæг» («Песенка про светофор») | Сабиты дарддæр ахуыр: раст зарын æмæ заргæ-зарын раст улæфын. |
| **Кафт** Украинаг адæмон мелоди. Кафт «Æртъупп-æрæмдзæгъд» | М. р. зæгъы, цæмæй сабитæ зонгæ кафт акафой. Раздæр байхъусынц музыкæмæ, змæлдтытæ кæрæдзийы фæдыл куыд цæуынц, уый сæ зæрдыл æрлæууын кæнынц, уыйфæстæ кафынц *(къордгæйттæй)*. |
| **Куырмæрсытæй хъазт** («Жмурки») | Хъазт семæ дарддæр ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабиты змæлдтытæ музыкæйы характеримæ æмиу уой. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. сабитимæ фæлхат кæны уадынгæзты нæмттæ.

**Темæ: «Сæрд»**

**Нысан:**

− сабиты дарддæр ахуыр кæнын музыкæмæ лæмбынæг хъусын, музыкæйы мидисмæ гæсгæ дзуапп дæттын, зæлтæ раст зарын, музыкæйы характермæ гæсгæ раст змæлын;

− рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад, къæрцхъус куыд уой, ууыл архайын;

− фидар сæм кæнын æрдзмæ, райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад.

**Репертуар:** Г. Струве. «Ӕгас цу, сæрд!» («Здравствуй, лето!»).
О. Громова. «Сæрдыгон» («Летом»).
А. Вивальди. «Сæрд».
В. Шаинский. «Цъырцъыраджы зарæг» («Песенка про кузнечика»).
А. Филиппенко. «Уыгæрдæнмæ уадыстæм» («Мы на луг ходили»).

**Ӕрмæджытæ æмæ ифтонггæнæнтæ:** ныв «Сæрд».

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** Уырыссаг адæмон мелоди «Ӕртъуппытæ» («Притопы») | Ацы ран хъомылгæнæг йæ хъус дары, цæмæй сабитæ, æртъуппытæ кæнгæйæ, такты тыхджындæр хай фæбæрæг кæной. |
| **Хъусын** А. Вивальди «Сæрд» | Музыкæмæ хъусыны размæ хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой сæрды тыххæй æмдзæвгæмæ, æркæсой ныв «Сæрд»-мæ.<br>**М. р.** Сæрд у тынг рæсугъд афæдзы афон, уыцы рæсугъддзинад равдисæн ис æмдзæвгæты, нывты æмæ музыкæйы. |

| | |
|---|---|
| **Зард**<br>О. Громова. «Музыканттæ-къогъотæ» («Комары-музыканты») | Сабитæ се змæлдæй зарæджы мидис æвдисынц *(скрипкæйы цагъд, цъиуты тахт, мидбынаты дугъ).* |
| **Зарæг**<br>Г. Струве. «Ӕгас цу, сæрд» («Здравствуй, лето!») | Зарæг семæ ахуыр кæнгæйæ, музыкалон разамонæг йæ хъус дары, цæмæй сабитæ раст æмæ сыгъдæг зарой мелоди æмæ зарæджы ныхæстæ. |
| **Зарæг**<br>Н. Петров. «Светофоры зарæг» («Песенка про светофор») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зарæг йæ мелодимæ гæсгæ базоной æмæ йæ къордгæйттæй азарой: иутæ зарынц, иннæтæ та сын сæ зардæн аргъ кæнынц. |
| **Цæлхдымбылæй кафт**<br>А. Филиппенко «Уыгæрдæнмæ уадыстæм» («Мы на луг ходили») | Сабитæ хъусынц зарæгмæ, йæ мидисыл ын æрныхас кæнынц. Зарæджы тексты ныхæстæм гæсгæ змæлынц, кафынц. |
| **Хъазт**<br>Ф. Флотов «Куырмæрсытæй хъазт» («Жмурки») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй хъазты мидис сæ зæрдыл æрлæууын кæной æмæ сæхæдæг, æнæ искæй æххуысæй, ахъазой. |

Хатдзæг кæнгæйæ, м. р. бафæрсы сабиты, афæдзы афонтæй кæцы уарзынц, стæй цæмæн, уымæй.

*59-æм ахуыр*

**Темæ: «Сæрд»**
**Нысан:**

– сабиты ахуыр кæнын музыкæмæ хъусын, раст зарын, кафты змæлдтытæ афоныл аивын æмæ тыгъдады мидæг ориентаци кæнын;

– рæзын сæм кæнын хуызон-зæлон ассоциацитæ *(цвето-звуковые ассоциации).*

– кæрæдзиимæ сын зæрдæхæлар ахастытæ куыд уа, афтæ сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** А. Вивальди. «Сæрд».
Цыбырты Д. «Хур».
Г. Струве. «Æгас цу, сæрд!» («Здравствуй лето!»).
В. Шаинский. «Цъырцъыраджы зарæг» («Песенка про кузнечика»).
А. Филиппенко. «Уыгæрдæнмæ уадыстæм» («Мы на луг ходили»).

**Æрмæджытæ æмæ ифтонггæнæнтæ:** хуызджын гæххæтт.

## Ахуыры нывæст

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** Е. Макшанцева «Хъæлдзæг бæхтæ» («Весёлые лошадки) | Сабитæ хъусынц музыкæмæ æмæ алы хайæн дæр йæ темп сбæрæг кæнынц. I хай: *(сабыргай)* æмдзæгъд кæнынц. II хай: *(тагъд)* къæхтæй тъуппытæ кæнынц. Фæлхат кæнгæйæ та I хайы сæ къæхтæй тъуппытæ кæнынц, II хайы та æмдзæгъд кæнынц. |
| **Хъусын** А. Вивальди «Сæрд» | М. р. зæгъы, цæмæй байхъусой А. Вивальдийы «Сæрд»-мæ, банкъарой музыкæйы характер æмæ равг æмæ йæ хуызты руаджы равдисой *(равзарын хъæугæ хуызджын гæххæтт).* |
| **Зард** Цыбырты Д. «Хур» | Зарæг семæ ахуыр кæнгæйæ, м. р. йæ хъус дары, цæмæй сабитæ раст интонацийæ зарой мелоди. |
| **Зард** Г. Струве. «Æгас цу, сæрд!» («Здравствуй, лето!») | Сабиты ахуыр кæнын сыгъдæг зарын æмæ заргæ-зарын раст улæфын. |

| | |
|---|---|
| В. Шаинский. «Цъырцъыраджы зарæг» («Песенка про кузнечика») | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй зарæг йæ мелодимæ кæнæ йæ райдайæнмæ гæсгæ базоной. Дарддæр зарæг къордгæйттæй зарынц. |
| **Цæлхдымбыл кафт** А. Филиппенко. «Уыгæрдæнмæ уадыстæм» («Мы на луг ходили») | Кафт семæ ахуыр кæнгæйæ, сабитæм рæзын кæнын кафыны арæхстдзинæдтæ. |
| Хъазт «Хъæрæй-сабырæй». | Сабитæ уадынгæрзтæм гæсгæ дыууæ къордыл фæдих вæййынц, æрлæууынц кæрæдзийы комкоммæ. Хъомылгæнæг радыгай æвдисы алыхуызон карточкæтæ; карточкæтæ бæрæг кæнынц хъæр æмæ сабыр азæлд. |

Ахуырæн хатдзæг кæнгæйæ, м. р. фæрсы сабиты, сæ зæрдæмæ тынгдæр цы фæцыд, уымæй, æмæ сын зæгъы, цæмæй сæ хъомылгæнæгимæ дæр ахъазой хъазт «Хъæрæй-сабырæй»-йæ.

*60-æм ахуыр*

**Темæ: «Сæрд»**

**Нысан:**

– рæзын кæнын сабитæм музыкæ æнкъарыны арæхстдзинæдтæ. Дарддæр сæ ахуыр кæнын раст зарын, музыкæйы ритм æмбарын, музыкалон хъæзтытæй хъазын;

– рæзын кæнын сабиты мысæнуат æмæ хъуыдыкæнынад;

– разæнгард куыд кæной музыкæмæ, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Репертуар:** А. Вивальди. «Сæрд».

Г. Струве. «Ды зæрдæхæлар куы уай» («Если добрый ты»).

Цыбырты Д. «Хур».

А. Филиппенко. «Уыгæрдæнмæ уадыстæм» («Мы на луг ходили»).

**Æрмæджытæ æмæ ифтонггæнæнтæ:** хуызджын гæххæтт, далатæ, дзæгъдзæгъгæнæнтæ.

**Ахуыры нывæст**

| | |
|---|---|
| **Музыкалон-ритмикон змæлдтытæ** Е. Макшанцева. «Хъæлдзæг бæхтæ» («Весёлые лошадки») | Сабитæ дыууæ къордыл адих вæййынц. Зæлы музыкæ, сабитæ радыгай æххæст кæнынц фæлтæрæнтæ, хъомылгæнæг йæ хъус дары, цæмæй сабитæ паузæтæ ма кæной, фæлæ темпмæ гæсгæ тагъд ивой се змæлд. |
| **Хъусын** А. Вивальди. «Сæрд». | М. р. зæгъы сабитæн, цæмæй байхъусой пьесæмæ (музыкалон уыци-уыци, пьесæ «Сæрд»), сбæрæг кæной музыкæйы, скрипкæйы равдаугæ, фæлмæн азæлд. |
| **Зард** Цыбырты Д. «Хур» | Сабиты ахуыр кæнын хуымæтæг æрдзон хъæлæсæй зарын. |
| **Зард** Г. Струве. «Æгас цу, сæрд!» («Здравствуй, лето!») | Сабиты ахуыр кæнын уыцы иу темпыл зарын. |
| **Зард** Б. Савельев. «Ды зæрдæхæлар куы уай» («Если добрый ты») | Зарæг фæлхат кæнынц æмæ йæ ныффидар кæнынц. Сабитæ зарæг йæ мелодимæ гæсгæ базонынц æмæ йæ уыйфæстæ зарынц. |

## Музыкалон æрмæг бамбарыны барæнтæ астæуккаг къорды

| Бæрзонд æмвæзад | Астæуккаг æмвæзад | Астæккагæй ныллæгдæр æмвæзад |
|---|---|---|
| **Музыкæмæ хъусын** | | |
| Саби кæддæриддæр тынг цымыдисæй хъусы музыкæмæ:<br>- афæдзы дæргъы цы уацмыстæ фехъуыста, уыдон иуууылдæр, зæгъæн ис, зоны æмæ иртасы;<br>- музыкæмæ хъусыны культурæ йæм ис, иртасы музыкæйы аивадон хицæндзинæдтæ: характер, кæцыдæр интонацитæ;<br>- йæ зæрдæмæ исы æмæ æмбары музыкæйы ахадгæ хицæндзинæдтæ: темп, регистр, динамикæ; музыкалон уацмысмæ йын вæййы эмоционалон ахаст æмæ байхъуыст музыкæйæн аккаг аргъ скæны. | Цымыдисæй хъусы музыкæмæ:<br>- музыкалон уацмыстæй бирæты базоны;<br>- музыкæмæ хъусын æй фæнды, фæлæ арæх адзæгъæл вæййы;<br>- гыццыл æххуысы руаджы музыкæйы аивадон хицæн-дзинæдтæ æрцахсы, алыбæрзæнд музыкалон зæлты контрастон ахастытæ базоны;<br>- байхъуыст музыкæмæ йын вæййы эмоционалон ахаст, фæлæ йæ эмоцитæ æмæ музыкæйы характер кæрæдзиуыл алы хатт нæ фæбадынц. | Музыкæмæ байхъусынмæ никуы бацыбæл вæййы:<br>- хистæрты æххуысæй зонгæ музыкалон уацмыстæй ранымайы æрмæст иуæй-иутæ;<br>- музыкæмæ лæмбынæг хъусын нæ зоны, кæронмæ йæм нæ байхъусы, адзæгъæл вæййы;<br>- музыкæйы характер раиртасын ын зын у;<br>- зæгъæн и, æмæ суанг хистæры æххуысæй дæр музыкалон зæлты сæйраг ахастытæ нæ иртасы. |

| Зарын | | |
|---|---|---|
| Ног зарæг сахуыр кæнынмæ кæддæриддæр тынг разæнгард вæййы:<br>- афæдзы дæргъы кæй ахуыр кодта, уыцы зарджытæ иууылдæр йæ зæрдыл дары æмæ сæ зæрдиагæй зары;<br>- характеры ивдзинæдтæ заргæзарын тынг ирд æмæ бæлвырдæй æвдисы;<br>- æнцондæр ын цы диапозон у, уым тынг æрдзон хъæлæсæй зары;<br>- зарæджы хицæн фразæтæ тынг сыгъдæг интонацийæ фæлхат кæны;<br>- зарæджы ритмикон ныв раст азары, зарæджы динамикон фæлгъуызтæ ивынмæ йæ ныфс хæссы, раст дзуры зарæджы ныхæстæ, йæ бон у темп, ритм æмæ динамикæйы уагыл æнæкъуыхцыйæ зарын. | Ног зарæг сахуыр кæнынмæ хаттæй-хатт бацымыдис вæййы:<br>- йæ зард ницы ахæм эмоционалон у;<br>- йæ зард алы хатт æрдзон нæ вæййы, динамикон фæлгъуызтæй раст нæ пайда кæны;<br>- зæллангæнгæ зарын зоны, фæлæ фескъуынфескъуынгæ зард кæнынмæ хорз нæ арæхсы;<br>- зарæджы ритмикон ныв алы хатт раст нæ азары;<br>- улæфтæй арæх, куыд æмбæлы, афтæ нæ пайда кæны, иунæгæй, æнæ уадынгарзы æххуысæй зарын ын зын у, ныфсджындæрæй зары хоры, уадынгæрзы цагъдимæ. | Зарæгмæ байхъусыны зæрдæ йæм æппындæр никуы вæййы:<br>- искæй æххуысæй иу-дыууæ зарæджы иртасы;<br>- ног зарæг базонынмæ никуы бацыбæл вæййы, загæйæ ницы æнкъарæнтæ æвдисы;<br>- зары тынг зынтæй, интонаци алы хатт раст не рцахсы;<br>- зарæджы ритмикон хицæндзинæдтæ ницæмæ дары;<br>- зарæджы фæлгонц равдисыны тыххæй нæ пайда кæны динамикон фæлгъуызивдæй;<br>- зæллангæнгæ зардмæ дæр æмæ фескъуынфескъуынгæнгæ зардмæ дæр нæ арæхсы, ныхæстæ раст нæ дзуры, йæ дикци зынæмбарæн у, йæ улæфт ахгæны;<br>- зарæджы мелоди, зæгъæн ис, раст никуы акæны, иунæгæй зарын ын æхсызгон нæу. |

| Музыкалон-ритмикон архайд | | |
|---|---|---|
| Музыкæмæ гæсгæ змæлынмæ кæддæриддæр тынг разæнгард у:<br>- зæрдиагæй кæронмæ архайы хъазты, цæлхдымбыл кафты, æнæуи кафты;<br>- æнцоннæй иртасы музыкæ æмæ змæлдтыты характер;<br>- кæддæриддæр разæнгард у ног исты базонынмæ æмæ зæронд репертуар искæй размæ рахæссынмæ;<br>- æнæкъуыхцыйæ, ирдæй æвдисы кæддæриддæр хъазты мидис æмæ уаг;<br>- раст акæны сæйраг змæлдтытæ: сабыр цыд, цыппæрвадыгæй уад æмæ гæппытæ;<br>- сюжетон-фæлгонцон змæлдтыты æрдзон æгъдауæй равдисы музыкалон фæлгонцы райрæзт, архайджыты уаг. | Музыкæмæ гæсгæ змæлынмæ разæнгард у:<br>- музыкæмæ гæсгæ змæлдтытæм алы хатт лæбынæг æмæ кæронмæ нæ бакæсы;<br>- музыкæ æмæ змæлдтыты уаг иртасгæйæ ранæй-рæтты фæкъуыхцы вæййы;<br>- - æххуысы руаджы музыкалон фæлгонцы райрæзт бамбары;<br>- зонгæ кæфтытæй бирæтæ акæнынмæ зивæг никуы бакæны, фæлæ сын кафгæ-кафын сæ уаг раст нæ равдисы;<br>- раст акæны сæйраг змæлдтытæ: цыд, рог ритмикон згъорд, сгæппытæ, цыппæрвадыгæй уад;<br>- сюжетон-фæлгонцон змæлдтыты æрдзон æгъдауæй равдисы музыкалон фæлгонцы райрæзт, архайджыты уаг.<br>- зæрдиагæй архайы уæгъдибар кæфтыты, фæлæ йе змæлдтытæ музыкæйы равгимæ алы хатт нæ бæтты. | Музыкæмæ гæсгæ базмæлынмæ æрмæст хаттæй-хатт бацымыдис вæййы:<br>- зæгъæн ис, æвзæр иртасы музыкæ æмæ змæлдтыты уаг;<br>- суанг хистæрты æххуысæй дæр хъазты мидис, кафты композици тынг зынтæй бамбары;<br>- хатгай иртасы, темп, регистр, ритм, динамикæйæ хицæн чи кæны, уыцы аивадон мадзæлттæ;<br>- музыкалон-ритмикон змæлдтытæм æвзæр арæхсы; суанг хистæрты æххуысæй дæр йæ бон нæу кафт æмæ фæлгонцон-мидисон змæлдтытæ акæнын;<br>- тыгъдады раст ориентаци кæнын алы хатт йæ къухы нæ бафты;<br>- музыкæмæ гæсгæ йе змæлдытæ аразын йæ бон нæу;<br>- хорз кæй зоны, уыы кæфтытæм дæр нæ арæхсы. |

## Диагностикæ

| М. Н. | Марш æмæ кафты жанртæ иртасын æмæ уыдонмæ гæсгæ змæлдтытæ кæнын | Зонгæ мелоди сыгъдæгæй фæлхат кæнын, иу улæфтыл къаннæг фразæтæ уромын | Зæлты бæрзæнд, дæргъвæтинад æмæ здæхт иртасын | Змæлды сæйраг хуызтæм (*сабыр цыд, згъорд*) æмæ тыгъдады ориентаци кæнынмæ арæхсын | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| | | | | | |

*Учебно-методическое издание*

**Гугкаева Людмила Казбековна**

**РАЗВИТИЕ МУЗЫКАЛЬНЫХ СПОСОБНОСТЕЙ**

*СРЕДНЯЯ ГРУППА ДОУ*
*(4-5 ЛЕТ)*

*МЕТОДИЧЕСКОЕ ПОСОБИЕ*
*(КОНСПЕКТЫ ЗАНЯТИЙ)*

Редактор *Е. М. Кочиева*
Перевод *Т. К. Хохоевой*
Компьютерная верстка *Б. А. Келехсаевой*

Сдано в набор 28.04.2011. Подписано в печать 20.05.2011.
Усл.п.л. 10,7. Бум. 65 гр.
Гарнитура шрифта "Times".
Печать цифровая. Формат 60×84 $^{1}/_{16}$.
Тираж 30 экз.

Отпечатано с готовых диапозитивов в издательстве СОГПИ,
362003, г. Владикавказ, ул. К. Маркса, 36